

Налшык къалэ, Абхъазым и ут. 2014 гъэ, гъатхэпэм и 18





Сурэтхэр **Каюдин Евгений, Мамий Руслан, Къарей Элинэ** сымэ трахащ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№52 (22.710) ● 2014 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Обозревателым и псалъэ

## Тхыдэр и гъуэгу тоувэж



**Ди къэралым къыщыхъуащ иужь зэманым зи мыхьэнэкIэ зыми пхуемыгъэпщэну Iуэхухэр.**

ГЪАТХЭПЭМ и 18-м УФ-мрэ Кърым Республикэмрэ Кремлым Iэ щытрадзащ Урысей Федерацэм Кърым Республикэмрэ Севастополь къалэмрэ къыхэгъэхьэным теухуа унафэм. Ар щIагъэбыдащ УФ-м и Президент Путин Владимир, Кърым Республикэм и Къэрал Советым и Iэтащхьэ Константинов Владимир, Министрхэм я советым и унафэщI Аксёнов Сергей, Севастополь и псэукIэщыIэкIэр къызэзыгъэпэщ советым и унафэщI Чалый Алексей Iэ зытрадза тхыгъэхэмкIэ.

ИпэIуэкIэ Путин Владимир Къэрал Думэм и депутатхэм, ФедерацэмкIэ Советым хэтхэм, Урысейм и щIыналъэхэм я унафэщIхэм, цIыхубэм я лIыкIуэхэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ. Абы занщIэу жиIащ: «Гъатхэпэм и 16-м Къырымым референдум щекIуэкIащ демократие пщалъэхэмрэ къэралхэм зэдащта хабзэхэмрэ нэсу тету. IэIэтым хэтащ хэхакIуэхэм я процент 82-м щIигъу. Процент 96-р къэуващ Урысейм къыгухьэным и телъхьэу. Бжыгъэхэр шэч гуэр уэзымыгъэщIщ. Мы зэманым Къырым хытIыгу ныкъуэм щыпсэу цIыху мелуанитIрэ мин 200-м ящыщу мелуанрэ мин 500-м нэсыр урысщ, мин 350-р украинщ, мин 290-300-м хуэдизыр къырым тэтэрщ. Референдумым къигъэлъэгъуащ абыхэм Урысейр я плъапIэу зэрыщытыр».

УФ-м и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ Украинэм къыщыхъуахэр лъэпкъ зэхэгъэж зыщIхэм, цIыху залымхэм я Iэужьу зэрыщытыр. Псом япэу удын зрадзыну я гугъар урысыбзэм ирипсалъэхэр нэхъыбэу щыпсэу Къырымырт. Абы къыхэкIыу Къырымымрэ Севастополь щыпсэухэмрэ Урысейм зыкъыхуагъэзащ я хуитыныгъэхэмрэ я гъащIэмрэ яхъумэну къелъэIуу, - къыхигъэбелджылыкIащ УФ-м и Президентым. - ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дэ Къырымри абы щыпсэухэри тхьэмыщкIагъэм къыхэднэфынутэкъым. Къэхъуар Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Уставым нэсу зэрезэгъыр къыхигъэбелджылыкIри, УФ-м и Iэтащхьэм ягу къигъэкIыжащ Iуэхур зэрыщытар. Мы щыпIэм исар къырым тэтэрхэрщ. АрщхьэкIэ, 1783 гъэм Урысейм къизэуа иужь, ар империем хуабжьу хэзэгъащ. Лъэныкъуэхэм я зэхуаку дэлъакъым зэныкъуэкъу гуэри. 1954 гъэм КПСС-м и ЦК-м и япэ секретарь Хрущев Никитэ къыхилъхьэри, а хытIыгур Украинэм иратащ, щIратын щхьэусыгъуэ гуэри щымыIэу.

Абы щыхьэт тохъуэ тхыдэр. Япэрауэ, а зэманым абы нэхъыбэу щыпсэур урысхэрт (къырым тэтэрхэр зауэ нэужьым я лъахэм ирагъэкIат), украинхэр щымащIэ дыдэт. ЕтIуанэрауэ, щIыналъэр езы Украинэм бзэкIи, щэнхабзэкIи, экономикэкIи пыщIатэкъым, ауэ а зэманым абы зыри игъэпIейтеякъым - Совет Союз абрагъуэм къыхэнэжырт, дэтхэнэ республикэм щыщми.

АрщхьэкIэ СССР-р щылъэлъэжым, а Iуэхур ягу къеуэу хуежьащ куэдым. Псом хуэмыдэу Къырымым щыпсэу урысхэм. Абы щыщ украинхэми я нэхъыбэм езыхэм я анэдэлъхубзэу къалъытэр урысыбзэрщ.

Iуэхур ягъэзэкIуэжыфыну щытащ СССР-р щылъэлъэжым. Абы щыгъуэм Украинэм и Iэтащхьэ Кравчук Леонид сакъыпэурэ Ельцин Борис къеупщIат: «СлIожь, Къырымри къытхуэвгъэнэжрэ?» «Къэвгъэнэж!» - жэуап иритыжащ Ельциным. Ар а зэманым власть фIэкIа зыри хуейтэкъым.

Мис апхуэдэурэ екIуэкIащ зи гугъу тщIы хытIыгум егъэщIылIа Iуэхур. Иджы, икIэмикIэжым, Къырымым езым и Хэкум къигъэзэжащ. Дауи, ар я гуапэ хъунукъым куэдым, ауэ тхыдэр зэгуэр езым и гъуэгу тоувэж.

**ШАЛ Мухьэмэд.**

КIУЭКIУЭ Юрий:

## Урысейм и Президент Путин Владимир жиIар дунейпсо политикэм бжьыпэр щызыIыгъ къэралым и пашэм и псалъэщ



АБЫ ЗЭПКЪРЫХАУЭ икIи пэжыгъэ нэс хэлъу къигъэлъэгъуащ зэман IэджэкIэ урыс щIыналъэу къекIуэкIа Къырымыр щIыфIэкIуэдауэ щытам и щхьэусыгъуэхэр. Къэралым и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ 1954 гъэм а щIыналъэри Севастополь къалэри Украинэм щратым а зэманым зекIуэу щыта конституцэ мардэхэр нэрылъагъуу къызэрызэпаудар.

Иджы, зэман пыухыкIа дэкIауэ, икъукIэ тэмэму Путин Владимир зэрыжиIащи, Къырымми Севастополь къалэми «езыхэм я тедзапIэу щыт Урысейм къагъэзэж». Урысей Федерацэм и цIыхухэм я процент 95-м къалъытэ, къигъэлъэгъуащ Президентым, урысу, нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщу Къырымым щыпсэухэм Урысейр къащхьэщыжын хуейуэ.

Налшык къалэм щекIуэкIа республикэпсо пэкIум хэтахэм Къырымымрэ Севастополрэ Урысейм къызэрыхыхьэжыр зэрафIэтэмэмыр жаIащ. Республикэм и цIыху мин бжыгъэм зы жьэу къыхагъэщхьэхукIащ Къырымым щыпсэу лъэпкъхэр зэрыдаIыгъыр икIи абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр. Нобэ дэ тщыщ дэтхэнэ зыри ди Хэкум, тхыдэм и лъэхъэнэ гугъум цIыхубэм я сэбэп зыхэлъхэр зыхъума ди къэрал УнафэщIым иропагэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий къыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и советым и зэIущIэм

УРЫСЕЙ Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарь Патрушев Николай дыгъуасэ Грознэ къалэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Зэхуэсым IуэхугъуитIым щытепсэлъыхьащ: Кавказ Ищхъэрэм терроризмэм зыщегъэубгъуным мылъку къызэрыхуаутIыпщ гъуэгухэр зэхуэщIынымрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэм экстремист хьэгъэщагъэхэр къыщымыгъэхъунымрэ. ЗэIущIэм хэтащ икIи къыщыпсэлъащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр. КIуэкIуэ Юрий и гугъу ищIащ КъБР-м и гъэзэщIакIуэ властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм экстремизмэм пэщIэтыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIхэм, абы къыдэкIуэу къыхигъэщащ идеологие мыхъумыщIэм земыгъэубгъуным, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр абы пэIэщIэ щIыным гулъытэ хэха зэригъэутыпхъэм.

КIуэкIуэ Ю. А. къыхилъхьащ щIыналъэм щытыкIэр щегъэфIэкIуэным, абы щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным сэбэп хуэхъуну къилъытэ Iуэхугъуэхэр.

## КъБР-м и Iэтащхьэмрэ «Урысей мэкъумэш банк» зэгухьэныгъэм и унафэщIымрэ лъэныкъуитIыр зэрызэдэлэжьэнумкIэ зэгуроIуэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий вэсэмахуэ Москва щыхуэзащ «Урысейм и мэкъумэш банк» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и правленэм и тхьэмадэ Патрушев Дмитрий. Ахэр тепсэлъыхьащ экономикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ банкымрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэщIыгъуу зэфIагъэкIыну Iуэхухэм, апхуэдэу ди щIыналъэм и агропромышленнэ комплексым и инфраструктурэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ ахэр зэман кIыхькIэ зэрызэдэлэжьэнум.

А псори «Урысейм и мэкъумэш банк» зэгухьэныгъэм гулъытэ хэха зыхуищI унэтIыныгъэхэм ящыщщ. Зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным КъБР-м тригъэкIуадэ ахъшэ псоми я процент 90-р кредиту къэзыутIыпщыр а банкырщ. КIуэкIуэ Юрийрэ Патрушев Дмитрийрэ къагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ социально-экономикэ мыхьэнэ хэха зиIэ проект инхэр «Урысейм и мэкъумэш банк» зэгухьэныгъэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ ягъэзэщIэну зэрамурадыр.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## Къеблэгъэж, Къырым!

● ПэкIу

**Гъатхэпэм и 18-м Абхъазым и утым пэкIу щекIуэкIащ, Къырымыр Урысей Федерацэм къызэрыгухьэжар, ди къэрал гъунапкъэхэр нэхъ бгъуэ зэрыхъуар даIыгъыу.**

АБЫ КЪРИХЬЭЛIАТ КъБР-м и жылагъуэ, профсоюз, ветеран зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, КъБР-м щыIэ политикэ партхэм я лIыкIуэхэр, студентхэр, къэралым къыщыхъум гууз-лыуз хузиIэ цIыху щхьэхуэхэр, жыпIэнуракъэ, Абхъазым и утым увыпIэ имыIэу цIыхур из хъуат.

Япэу псалъэ иратащ урысхэм я «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Канунников Анатолий**. Канунниковыр къызэхуэсахэм Iуэху дахэмкIэ ехъуэхъури, Украинэм щекIуэкI залымыгъэр игу къызэреуэр къыхигъэщащ. КъБР-м и жылагъуэ палатэм и лIыкIуэ **Щэрдан Нодар** жиIащ КъБР-м ис дэтхэнэри Украинэм мамырыгъэр щытепщэу, я цIыхухэр хуиту псэууэ хъужыным зэрыщIэхъуэпсыр. «Дэ хамэщIи зауи дыхуейкъым», - жиIащ фIэщхъуныгъэ хэлъу абы. Апхуэдэуи Щэрданым и псалъэхэм къыхигъэщащ Къырымым, текъузэ хэмыту, и щхьэ и унафэ зэрищIыжар, цIыхубэм Урысейр яфIэкъабылу къызэрыхахар и гуапэ зэрыхъуар.

Балъкъэрхэм я «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев Суфян** ехъулIэныгъэфIкIэ референдумыр езыгъэкIуэкIа Къырымым ехъуэхъури, «Фыкъеблэгъэж фи унэ!» яжриIащ.

КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ **Амщокъуэ ФатIимэт** жиIащ ди республикэми къэралым и гуфIэгъуэшхуэр зэрыдиIыгъыр.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** къытеувыIащ Къырымыр УФ-м щыщ зэрыхъужар куэд щIауэ къэхъун хуеяуэ къызэрилъытэм. «Псори и пIэ йоувэж. 1954 гъэм къэхъуа щыуагъэр иджы зэрагъэзэхуэжащ, Къырымым ди къэралым и куэщI къигъэзэжащ, абы и жьауэ щIэтмэ нэхъ фIэкъабылу. Къырымым ис лъэпкъхэм ехъулIэныгъэр я бэу, Урысейм щефIакIуэу, ди къэралым щIыгуэкIын щхьэусыгъуэ ямыIэу псэуну сахуохъуахъуэ. Унафэ тэмэм зыщIыф, хэкIыпIэ нахуэхэр зылъагъу ди Президент Путин Владимир и къалэнхэр илъэс куэдкIэ игъэзэщIэну, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэу ди къуэшхэм я гупэр Урысейм къыхуагъэзэжыну!», - жиIащ и псалъэхэм я кIэухыу ХьэфIыцIэм.

Тэрч-Балъкъ къэзакъ гупым я унафэщIым и къуэдзэ **Урядов Евгений** и псалъэхэм къыхигъэщащ УрысеймкIэ зэрыгушхуэр, абы и къарумрэ и зэфIэкIымрэ иджыри зэ дуней псом наIуэ зэрацIыщIар. Урядовым жиIащ, хуей хъумэ, къэзакъ гупыр Къырымым исхэм къащхьэщыжыну зэрыхьэзырыр.

*(**КIэухыр 2-нэ нап.**).*

## Урысей Федерацэм субъектыщIэхэр къызэрыхагъэхьэм теухуауэ парламентархэм жаIэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар:***



- Дэ ди нэгу щIэкIащ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ къэхъукъащIэ - щIэуэ субъектитI - Къырым Республикэмрэ Севастополь къалэмрэ - Урысей Федерацэм къызэрыхагъэхьар. А щIыкIэм тету, тхыдэм къыдэкIуа къуаншагъэр ягъэзэкIуэжауэ къэплъытэ хъунущ. Къэралым и Iэтащхьэм зэрыжиIащи: «Къырымыр дяпэкIи урысхэми, украинхэми, къырым тэтэрхэми яйуэ, абы щыпсэу лъэпкъ псоми ящыщхэр щалъхуа унагъуэу щытынущ». Къырымыр стратегие мыхьэнэ зиIэ щIыналъэу зэрыщытым, абы суверенитет зэпIэзэрыт икIи лъэщ иIэн зэрыхуейм теухуауэ Президентым жиIахэмкIэ сыакъылэгъущ.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Кремлым къыщипсэлъахэм дэ аргуэру зэ наIуэ къытщащIащ къэралым и сэбэп зыхэлъхэр дунейпсо утыкум щыхъумэныр, урысей цIыхухэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыныр Урысей Федерацэм зэрыхузэфIэкIыр.

***КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарь Бозий Натбий:***



- Къырымым и статусым теухуа референдумым къырикIуахэр сфIэтэмэмщ икIи Къырым Республикэр субъектым и хуитыныгъэхэр иIэу Урысей Федерацэм къызэрыхыхьэр (къызэрыхыхьэжыр) си гуапэщ. СызэреплъымкIэ, Къырымыр Урысейм къызэрыгухьэжым тхыдэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Дауи, дэ икъукIэ дегъэпIейтей езы Украинэм щекIуэкIхэм. Сэ сригузавэу сыкIэлъоплъ социальнэ, политикэ Iуэхухэр зэрызэIыхьэм, экстремизмэм зыкъызэриIэтым, экономикэр гугъуехьышхуэ зэрыхэхуам. Апхуэдэу Урысей Федерацэмрэ Украинэмрэ зэрызэдэлажьэр, абыхэм яку дэлъ щэнхабзэ, къинэмыщI зэпыщIэныгъэхэр къызэпаудынкIэ хъунущ. Сэ 50 гъэхэм сыкъыщыхъуа Нарткъалэ а зэманым нэхъыбэу щыпсэуар украинхэрщи, а лъэпкъыр зищIысым сыщыгъуазэщ - ахэр лэжьакIуэшхуэхэщ, абы къыдэкIуэу езыхэр гуапэщ. Дэ ди лъэпкъхэр лIэщIыгъуэ Iэджэ лъандэрэ зэпыщIащи, украинхэм я щхьэ кърикIуэр къытфIэмыIуэхункIэ хъунукъым.

Дыщыгугъынщ ди гъунэгъу къэралым и жылагъуэ-политикэ гъащIэр зэман кIэщIым къриубыдэу зэтеувэжыну икIи, япэхэми хуэдэу, дызэныбжьэгъуу, дызэгурыIуэу, дызэдэIэпыкъужу ди къуэш украин лъэпкъым адэкIи дыдэпсэуну. Сэ си щхьэкIэ сыщогугъ къарурэ залымыгъэрэ хэмыхьэу щытыкIэр зэтеувэжыну.

***КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Саенкэ Татьянэ («Урысей зэкъуэт» фракцэ):***



- Къырым Республикэр Урысей Федерацэм къызэрыхыхьэм теухуа зэгурыIуэныгъэм ди къэралми абы щыпсэу дэтхэнэ зы цIыхуми я дежкIэ тхыдэ мыхьэнэ зэриIэр жыпIэмэ, егъэлея хъунукъым. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым хэтхэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм Iуэхум и лъэныкъуэ псори я пIэ иригъэувэжащ, къухьэпIэ къэралхэм къыттракъуэзэну яужь щит лъэхъэнэм тегушхуауэ икIи къимыкIуэту мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэр къищтащ.

Философ Ильин Иван гъэщIэгъуэну къигъэлъэгъуащ Урыс къэралыгъуэм и къыхэщхьэхукIыныгъэ нэхъыщхьэр: «Ар зыхущIэкъур хамэлъ зыщIэтхэр игъэкIуэдыну, ириудыхыну, лъэгущIэт ищIыну, адрей лъэпкъхэр итхьэлэну аракъым, атIэ псоми Хэку ин яригъэгъуэтыну, дэтхэнэми и Iуэху дигъэкIыну, псори зэгуригъэIуэну, дэтхэнэми и диныр къыхуигъэнэжыну, лэжьыгъэкIэ къызэригъэпэщыжу, нэхъ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъхэр къэрал, щэнхабзэ ухуэныгъэм хишэну аращ».

*Ноби Къырымым хуагъэлъэгъуар мис аращ. Абы иджы езым и Хэку ин, урысхэми, украинхэми, тэтэрхэми я бзэр, я щэнхабзэр яхъумэжыну, республикэр зехьэнымкIэ лэжьыгъэм хэтыну хуитыныгъэ щаIэ, нэхъыщхьэ дыдэр арщи - шынагъуэншэу щыпсэун, егъуэтыж.*




### Нэхъ лъэрызехьэу къалъытэ

**Путин Владимир мы зэманым дунейм щынэхъ цIэрыIуэ къэрал унафэщIхэм хабжэ.**

Америкэм щыпсэухэм я нэхъыбэм Путиныр езыхэм я президент Обамэ Барак нэхърэ нэхъ политик лъэрызехьэу къалъытэ. США-м щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм крикIуахэр я лъабжьэу, апхуэдэ хъыбар зэбграгъэхащ Великобританием щыщ «YouGov» компаниемрэ «Экономист» журналымрэ. ЗэупщIа американхэм ящыщу процент 78-м жаIащ Путиныр и къэрал Iуэхухэр пхызыгъэкIыф, цIыхухэм дзыхь зыхуащI президенту къызэралъытэр.

Политологхэм зэрыжаIэмкIэ, Путиным и рейтингым хэзыгъэхъуар Сочэ щекIуэкIа Олимп Джэгухэр хъарзынэу къызэгъэпэща зэрыхъуарщ, апхуэдэуи Украинэм щыIэ зэпэщIэтыныгъэм, абы хэкIыпIэ хуэхъунухэм ятеухуа и Iуэху еплъыкIэхэр ди къэрал унафэщIым ехьэкI-къехьэкI хэмылъу къызэригъэлъагъуэрщ.

### И IэнатIэм IуагъэкIати...

**Тыркум статистикэмкIэ и институтым дыгъуасэ къыщыхъуам хуэдэ хъыбархэр нэхъ зэхьэлIауэ дызэсар Америкэм, Европэм щыщ къэралхэрт.**

И IэнатIэм IуагъэкIа щIалэм Iэщэ иIыгъыу институтым щIыхьэри, и лэжьэгъуу щытахэм ящыщ цIыхуих иукIащ, иужькIэ езыми зиукIыжащ.

Тыркум и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм хыхьэ Къарс щIыналъэрщ ар къыщыхъуар. Iуэхум и пэжыпIэр полицэм зэхегъэкI.

### Налмэс телъыджэ

**Африкэ Ипщэм иджыблагъэ къыщагъуэтащ налмэс телъыджэ.**

Абы хуэдэу дахэ иджыри къэс цIыхур темыплъауэ къалъытэ. Ар щхъуантIэпсщ икIи а щIыпIэм къыщагъуэтахэм я нэхъ ин дыдэщ - карат 29,6-рэ и хьэлъагъщ. Апхуэдиз зи инагъ щIыуэпсым куэдрэ ущрихьэлIэркъым. И дахагъкIи ар япэбдзых хъунукъым ятхъунщIауэ зэщIэлыдэ налмэсхэм. А мывэ лъапIэм зэкIэ уасэ хуагъэувыфакъым, апхуэдизкIэ яфIэлъапIэщи.

### НОБЭ

- ЩIым и дунейпсо махуэщ
- Насыпым и дунейпсо махуэщ
- Франджыбзэм ирипсалъэхэм я дунейпсо махуэщ
- Астрологием и дунейпсо махуэщ
- 1944 гъэм Дохъушыкъуей спирт заводым, зэрагъэпэщыжа нэужь, лажьэу щIидзэжащ.
- Брюссель (Бельгие) щекIуэкIынущ Европэ зэгухьэныгъэм и советым и сессиер. Абы хэтынущ а щIыналъэм хиубыдэ къэралхэм я унафэщIхэмрэ правительствэхэм я Iэтащхьэхэмрэ.
- «ЩIыхь» орденым и нагъыщищри зыхуагъэфэща **Мусэ Менлы** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.
- Композитор, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Абдокъуэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пщыхьэщхьэм уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 18, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Хьэр делэ хъумэ, зейми йодзэкъэж.**

## Лъэпкъым и цIыху пэж

● Гу зылъытапхъэ

**Хабзэ хъуащи, ди газетым мыхьэнэшхуэ ирет, лъэпкъым и цIыху щэджащэхэм я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ жылагъуэм деж нэхьэсыным, ди щIыналъэм щекIуэкI Iуэхугъуэ къызэрымыкIуэхэм яхуэфащэ гулъытэ яхуэщIыным, абыхэм ятещIыхьа номер хэхахэр игъэхьэзырурэ. «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэ нобэрей къыдэкIыгъуэм щIыгъущ апхуэдэ газет гуэдзэн. Ар дгъэхьэзыращ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр къызэралъхурэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу.**



КЪАЛМЫКЪ Юрэ ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм я иджырей тхыдэм лъэужь ин къыщызыгъэна хэкулIхэм. Къэрал къулыкъу лъагэ, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэ куэд пэрытащ Къалмыкъыр. Ар Конституцэ Зэхуэсым УФ-м и Президентым и лIыкIуэу, УФ-м и Къэрал Думэм и депутату щытащ, УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым коррупцэм пэщIэтынымкIэ и комиссэ хэхам хэтащ, УФ-м юстицэмкIэ и министру лэжьащ. Зи къэралыр, щалъхуа щIыналъэр фIыуэ зылъагъу а хэкупсэм и къару куэд ирихьэлIащ къызыхэкIа лъэпкъым и зыужьыныгъэм. Ар щытащ адыгэхэм я япэ лъэпкъпсо зэгухьэныгъэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм - и япэ тхьэмадэу.

Къэрал политик Iэзэм, щIэныгъэлI щыпкъэм, хэкупсэ нэсым и гъащIэм, лэжьыгъэм, бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми ятеухуа тхыгъэхэр, гукъэкIыжхэр, езым и къалэмыпэм къыпыкIа тхылъым щыщ Iыхьэхэр, апхуэдэуи фэеплъ сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр итщ номер гуэдзэным. Ди гуапэщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ Къалмыкъ Юрэ и щIэиным щыщ цIыхубэм ялъэIэсмэ, а адыгэлI щэджащэм и гъащIэр къытщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ яхуэхъумэ.

**«2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Ю. А. хуегъэхьын Iэщ Iидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м*
*№1791-П-П*

**2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м***

**1 статья**. 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и бжыгъэ нэхъыщхьэхэр

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым (адэкIэ-Фондщ) и бюджетым и бжыгъэ нэхъыщхьэхэр къэщтэн:

1) Фондым и бюджетым псори зэхэту хэхъуэу къыIэрыхьэну зыщыгугъыр сом мин 5406280,6-рэ, абы щыщу бюджет зэхуаку трансферту ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым къыхэкIыу къаIэрыхьэнур сом мин 5325734,6-рэ хъууэ;

2) псори зэхэту Фондым и бюджетым и хэщIхэр сом мин 5406280,6-рэ хъууэ.

2. 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Фондым и бюджетым и бжыгъэ нэхъыщхьэхэр къэщтэн:

1) 2015 гъэм Фондым и бюджетым псори зэхэту хэхъуэу къыIэрыхьэну зыщыгугъыр сом мин 6572077,0-рэ, абы щыщу бюджет зэхуаку трансферту ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым къыхэкIыу къаIэрыхьэнур сом мин 6487600,0-рэ, 2016 гъэм псори зэхэту хэхъуэу къаIэрыхьэну зыщыгугъыр сом мин 6881117,0-рэ, абы щыщу бюджет зэхуаку трансферту ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым къыхэкIыу къаIэрыхьэнур сом мин 6792517,0-рэ хъууэ;

2) Фондым и хэщIхэр псори зэхэту 2015 гъэм сом мин 6272077,0-рэ, 2016 гъэм сом мин 6881117,0-рэ хъууэ.

**2 статья.** Фондым и бюджетым и хэхъуэхэм я администратор нэхъыщхьэхэмрэ Фондым и бюджетым хуримыкъу ахъшэм и хэкIыпIэхэмкIэ администратор нэхъыщхьэхэмрэ

1. 2014 гъэм Фондым и бюджетым и хэхъуэхэм я администратор нэхъыщхьэхэм я спискэр къэщтэн мы Законым и гуэдзэн №1-м зэритым хуэдэу.

2. Фондым и бюджетым хуримыкъу ахъшэм и хэкIыпIэхэмкIэ администратор нэхъыщхьэхэм я спискэр къэщтэн мы Законым и гуэдзэн №2-м зэритым хуэдэу.

**3 статья.** 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Фондым и бюджетым и хэхъуэхэр

1. 2014 гъэм Фондым и бюджетым и хэхъуэхэр къызэрагъэпэщ мы Законым и гуэдзэн №3-м къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу.

2. 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Фондым и бюджетым и хэхъуэхэр къызэрагъэпэщ мы Законым и гуэдзэн № 4-м къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу.

**4 статья.** 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Фондым и бюджет ахъшэр зэрытрагуашэр

Фондым и бюджет ахъшэр разделхэм, раздел къуэдзэхэм, мурад пыухыкIахэм ятеухуа статьяхэм, бюджетым и хэщIхэм я классификацэм хиубыдэ хэщIхэм я лIэужьыгъуэхэм ятещIыхьауэ зэрытрагуашэр къэщтэн:

1) 2014 гъэм - мы Законым и гуэдзэн №5-м зэритым хуэдэу;

2) 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм - мы Законым и гуэдзэн №6-м зэритым хуэдэу.

**5 статья.** 2014 гъэм Фондым мардэкIэ ягъэув и страховой гъэтIылъыгъэмрэ ар къызэрагъэсэбэп щIыкIэмрэ

1. 2014 гъэм Фондым мардэкIэ ягъэув и страховой гъэтIылъыгъэр сом мин 150000,0-рэ хъууэ гъэувын.

2. МардэкIэ ягъэув страховой гъэтIылъыгъэр ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и IэнатIэм зэпIэзэрытыныгъэ къыщызэгъэпэщыным хухах икIи ар трагъэкIуадэ:

1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ программэр гъэзэщIэным хухах ахъшэм хиубыдэу страховой медицинэ организацэхэм хуаутIыпщ ахъшэм яхущIыгъуным;

2) Урысей Федерацэм и субъектым и щIыналъэу ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и полисыр къыщыIихам химыубыдэу цIыхум кърата медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и уасэм:

а) страхованэм хиубыдэ цIыхухэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыбкIэ къыщыхуащIа медицинэ IуэхутхьэбзэхэмI я уасэр ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и базовэ программэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ я щIыналъэ фондхэм етыжыным;

б) Урысей Федерацэм и нэгъуэщI субъектхэм я щIыналъэхэм страхованэм щыхиубыдэ цIыхухэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм ирата медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и уасэр яхухэхыным икIи а ахъшэр Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ я щIыналъэ фондхэм къызэрагъэхьыжым тещIыхьауэ мардэ зыхуагъэув страховой гъэтIылъыгъэм хэлъхьэжыным.

3. Мардэ зыхуагъэув страховой гъэтIылъыгъэм хагъэхьэ хъунущ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ нэхъ тэмэму къызэгъэпэщыным, абы и фIагъыр къэIэтыным хуэгъэзауэ щIыналъэ фондым игъэува къалэнхэр зэрагъэзащIэм папщIэ трагъэгушхуэн щхьэкIэ медицинэ организацэхэм иратыну ахъшэр. Ауэ апхуэдэ мурадым мардэ зыхуагъэува страховой гъэтIылъыгъэм и ахъшэу трагъэкIуадэ хъунур зэрыщыту мардэ зыхуагъэува страховой гъэтIылъыгъэм и проценти 10-м щIимыгъущ.

Мардэ зыхуагъэув страховой гъэтIылъыгъэм хагъэхьэ хъунущ ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэр ахъшэкIэ къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхухэр зэрагъэзэщIам папщIэ страховой медицинэ организацэхэм саугъэту иратыну ахъшэр. Апхуэдэу ахъшэ страховой медицинэ организацэхэм щIрат щIыкIэхэр ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондым еубзыху. Ауэ апхуэдэ мурадым мардэ зыхуагъэува страховой гъэтIылъыгъэм и ахъшэу трагъэкIуадэ хъунур зэрыщыту мардэ зыхуагъэува страховой гъэтIылъыгъэм и проценти 5-м щIимыгъущ.

**6 статья.** Фондым и бюджетым и бюджет зэхуаку трансфертхэр

ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым къыбгъэдэкI бюджет зэхуаку трансфертхэр ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и базовэ программэм къриубыдэу фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ программэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ трагуашэ 2014 гъэм - мы Законым и гуэдзэн №7-м, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм - мы Законым и гуэдзэн №8-м къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу.

**7 статья.** Фондым и бюджетыр гъэзэщIэным хэлъ къыхэщхьэхукIыныгъэхэр

1. ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ программэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ 2013 гъэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и федеральнэ фондым къыхэкIыу къаIэрыхьа ахъшэр нэсу къызэрамыгъэсэбэпам къыхэкIыу Фондым и бюджетым 2014 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу къина ахъшэр, Фондым и бюджетыр зэрытрагуашэ тхыгъэм зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэри, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ программэр гъэзэщIэным трагъэкIуадэ.

Фондым и ахъшэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм блэкIа илъэсхэм зыхухаха мурадхэм емыхьэлIауэ къагъэсэбэпар Фондым и бюджетым къыхалъхьэжын, ар иужькIэ зыхуэфащэ фондхэм иратыжын хуейщ.

Фондым и бюджетым къыщыгъэлъэгъуа бжыгъэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэну хуитыныгъэ иIэщ мы къыкIэлъыкIуэ щхьэусыгъуэхэм япкъ иткIэ:

1) ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым и бюджет зэхуаку трансфертхэр зыхуэдизыр щахъуэжым (нэхъыбэ е нэхъ мащIэ щащIым) деж;

2) Урысей Федерацэм и бюджет классификацэр яхъуэжамэ;

3) Урысей Федерацэм и законодательствэм къыщыгъэлъэгъуа адрей щхьэусыгъуэхэм япкъ иткIэ.

**8 статья.** 2014 гъэм страховой медицинэ организацэхэм я Iуэхухэр зегъэкIуэным трагъэкIуадэ ахъшэмкIэ мардэр

Страховой медицинэ организацэхэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ Iуэхухэр зегъэкIуэным трагъэкIуадэ ахъшэм и мардэр гъэувын зэхэгъэщхьэхукIауэ зы цIыхум хуэзэм тещIыхьауэ страховой медицинэ IуэхущIапIэм псори зэхэту къыIэрыхьам и процент 1,0-рэ хъууэ.

**9 статья.** Мы Законым къару зэригъуэтыр

Мы Законым къару егъуэт 2014 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м*
*№97-РЗ*



# Къеблэгъэж, Кърым!



*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

«Узэкъуэтмэ, улъэщщ, дэ дызэкъуэтщи, ди къарур абрагъуэщ», - захуигъэзащ Урядовым къызэхуэсахэм.

АдэкIэ утыкум кърагъэблэгъащ Тэтэрхэм я щэнхабзэ центрым и унафэщI **Савченкэ Саидэ.** Кърым-тэтэрхэм унафэ пэж къащтауэ къызэрилъытэр жиIащ бзылъхугъэм.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Фырэ Руслан** зэIущIэм кърихьэлIахэм фIыщIэ яхуищIри, Кърымым ича лъэбакъуэм езыхэми ди къэралми фIы къахудэкIуэну ехъуэхъуащ икIи къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и гъусэу ящIа унафэм ипкъ иткIэ, Кърымым щыIэхэм зыщIагъэкъуэну - КъБР-м къыбгъэдэкIыу махуэм хуэзэ улахуэ хуагъэхьыну.

Апхуэдэуи зэIущIэм къыщыпсэлъащ лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, КъБР-м щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, студент гупхэм, щIалэгъуалэм я лIыкIуэхэр.

ПэкIум кърихьэлIахэм зэIущIэм и кIэухым къащта резолюцэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ ЦIыхубэ Фронтым и щIыналъэ къудамэм и унафэщIхэм яз **Хутуевэ Любовь**.

- УФ-м и Президент Путин Владимир къищта унафэмкIэ дыарэзыуэ Кърымым исхэм я махуэ лъапIэмкIэ дохъуэхъури, я унэ къыдогъэблэгъэж. Абы къыдэкIуэу Украинэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм ди гур доуз, дыгузавэу дыкIэлъоплъ. Кърымым щыпсэухэм защIэдгъэкъуэн мурадкIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм, КъБР-м и Профсоюз зэгухьэныгъэхэм, Урысейпсо Жылагъуэ Фронтым и щIыналъэ къудамэм я жэрдэмыр дэтIыгъыну, гузэвэгъуэр къызытепсыхахэм папщIэ зы махуэ улахуэ яхухэтхыну фыкъыхузоджэ, - жиIащ Хутуевэм.

ПэкIум кърихьэлIахэр Хутуевэм игъэIуа резолюцэм арэзы техъуащ.

АдэкIэ Абхъазым и утым кърихьэлIахэм папщIэ КъБР-м и артистхэм концерт ягъэлъэгъуащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*









**«2013-2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыныр» республикэ программэ пыухыкIам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2014 гъэм мазаем и 7-м*** ***№5-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2013-2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыныр» республикэ программэ пыухыкIам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа унафэ №137-ПП-мкIэ къищтам, хэлъхьэн мы Унафэм и гуэдзэным ит зэхъуэкIыныгъэхэр.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХРАМОВ Константин**

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мазаем и 7-м къыдигъэкIа Унафэ №5-ПП-мкIэ къищтащ***

**«2013-2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыныр» республикэ программэ пыухыкIам халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр**

Программэм и паспортым и «Программэр щагъэзэщIэну пIалъэхэмрэ лъэхъэнэхэмрэ» сатырым хэт «Япэ лъэхъэнэр - 2013 гъэ» псалъэхэр зэхъуэкIын «Япэ лъэхъэнэр - 2013 - 2014 гъэхэр» жиIэу.

**«ПсэупIэмкIэ рынокым 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьын зэрыхуейр къэлъытауэ, псэупIэ кхъахэхэм щIэс цIыхухэр гъэIэпхъуэныр» республикэ программэ пыухыкIам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2014 гъэм мазаем и 11-м*** ***№13-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. «ПсэупIэмкIэ рынокым 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьын зэрыхуейр къэлъытауэ, псэупIэ кхъахэхэм щIэс цIыхухэр гъэIэпхъуэныр» республикэ программэ пыухыкIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкIа унафэ №74-ПП-мкIэ къищтам халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэу мы унафэм щIыгъуухэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм (Кучменов TI. M.) хуэгъэувын къэрал корпорацэм - псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм реформэхэр щегъэкIуэкIыным зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондым сом 83622627-рэ кIэпIейкIэ 85-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым сом 39829507-рэ кIэпIейкIэ 83-рэ иритыжыну, а ахъшэм фIэкIыпIэ имыIэу республикэм къылъыс Iыхьэу хилъхьа сом 5186450-рэ кIэпIейкIэ 15-рэ, псэупIэу 1 метр зэбгъузэнатIэм и уасэр зэрызэщхьэщыкIым хуагъэза сом 34643057-рэ кIэпIейкIэ 86-рэ хэту.

3. Къару имыIэжу къэлъытэн «ПсэупIэмкIэ рынокым 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьын зэрыхуейр къэлъытауэ, псэупIэ кхъахэхэм щIэс цIыхухэр гъэIэпхъуэныр» республикэ программэ пыухыкIам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительсвэм 2013 гъэм шыщхьэуIум и 28-м къыдигъэкIа унафэ №239-ПП-м.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Уянаев К.Хь.-М.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХРАМОВ Константин**

**Урысей Федерацэм и цIыхухэу къуажэхэм щыпсэухэм, абыхэм унагъащIэхэмрэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ яхэту, унэ ящIын (къащэхун) папщIэ зэрадэIэпыкъу ахъшэр зэрырат щIыкIэм теухуа Положенэр къэщтэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2014 гъэм мазаем и 19-м*** ***№19-ПП***

«2014 -2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэм нэсыху къуажэ щIыналъэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхам и IуэхукIэ» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта Унафэ №598-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къуажэхэм щыпсэу цIыхухэм, абыхэм унагъащIэхэмрэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ яхэту, я псэупIэхэр «2014-2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэм нэсыху къуажэ щIыналъэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхам къриубыдэу егъэфIэкIуэным хуэгъэза Iуэхухэр дэгъэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ гъэзэщIакIуэ органу хэхын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр.

2. Урысей Федерацэм и цIыхухэу къуажэхэм щыпсэухэм, абыхэм унагъащIэхэмрэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ яхэту, унэ ящIын (къащэхун) папщIэ зэрадэIэпыкъу ахъшэр зэрырат щIыкIэм теухуа Положенэу мы Унафэм щIыгъур къэщтэн.

3. Къару имыIэжу къэлъытэн «Урысей Федерацэм и цIыхухэу къуажэхэм щыпсэухэм, абыхэм унагъащIэхэмрэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ яхэту, унэ ящIын (къащэхун) папщIэ зэрадэIэпыкъу ахъшэр зэрырат щIыкIэм теухуа Положенэр къэщтэным и IуэхукIэ» 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэ №174-ПП-м.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХРАМОВ Константин**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм информацэмкIэ и къэрал системэ щхьэхуэхэр лажьэу зэраутIыпщ щIыкIэм и IуэхукIэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2014 гъэм мазаем и 19-м*** ***№19-ПП***

«Информацэм, информацэмкIэ технологиехэм, информацэр хъумэным я IуэхукIэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м къащта Федеральнэ Закон №149-ФЗ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм информацэмкIэ и къэрал системэхэм я IуэхукIэ» 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №96-РЗ-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэрал къалэнхэр дэгъэкIыным, апхуэдэу (е) къэрал Iуэхутхьэбзэхэр гъэзэщIэным тещIыхьауэ къагъэсэбэп къэрал информацэ системэр лажьэу яутIыпщын япэкIэ:

информацэмкIэ къэрал системэр лажьэу зэраутIыпщыну щIыкIэмрэ пIалъэхэмрэ ятеухуа хабзэ мардэр къащтэ;

информацэмкIэ къэрал системэр лажьэу утIыпщыным иIэ мыхьэнэм теухуа тхылъ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм егъэхьэзыр;

информацэмкIэ къэрал системэр иратхэ информацэмкIэ къэрал системэхэм я реестрым.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм информацэмкIэ и къэрал системэхэр зэратхым теухуа Положенэу мы Унафэм щIыгъур къэщтэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм (Мусуков А. TI.) хуэгъэувын:

информацэмкIэ къэрал системэхэр тхынымрэ информацэмкIэ къэрал системэхэм я реестрыр зехьэнымрэ къызэригъэпэщыну;

информацэмкIэ къэрал системэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм информацэмкIэ и къэрал системэхэм я реестрым иратхэн папщIэ къат заявкэм, апхуэдэ системэр лажьэу зэтрагъэувэн папщIэ къат заявкэм, ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа реестрым иратхар икъутыкIыжыным теухуа заявкэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал информацэ системэм и электрон паспортым я теплъэхэр 2014 гъэм и япэ кварталым къриубыдэу къищтэну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я IуэхухэмкIэ управленэм чэнджэщ етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм информацэмкIэ и къэрал системэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм информацэмкIэ и къэрал системэхэм я реестрым иратхэну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм яхуэгъэувын мы Унафэм къару игъуэтын ипэкIэ лажьэу яутIыпщауэ щыта къэрал информацэ системэхэр 2014 гъэм и етIуанэ кварталым къриубыдэу ирагъэтхыну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХРАМОВ Константин**

**2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэр тэмэму лэжьэныр къызэгъэпэщынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я IуэхукIэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2014 гъэм мазаем и 20-м*** ***№21-ПП***

Бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэпым къыпэкIуэ хъерым хэгъэхъуэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм псоми къагъэсэбэпу щыIэ автомобиль гъуэгухэр транспорт щызекIуэн папщIэ ягъэува мардэхэм тету зехьэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэщтэн мы Унафэм щIыгъуухэу:

зытрагъэкIуэдэнухэмрэ я хэкIыпIэхэмрэ ятещIыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм хухах ахъшэр 2014 гъэм зэрытрагуашэр;

щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгуу 2014 гъэм ящIынухэм, зэрагъэпэщыжынухэм, абыхэм хиубыдэу ирагъэкIуэкIыну ухуэныгъэхэм я титул спискэр;

щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгуу псоми къагъэсэбэпхэм, абыхэм хиубыдэ ухуэныгъэхэу 2014 гъэм капитальнэу зэрагъэпэщыжынухэм я титул спискэр;

щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгуу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэхэм ящыщу 2014 гъэм зэрагъэпэщыжынухэм я титул спискэр;

щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгуу псоми къагъэсэбэпхэм хиубыдэу телъ лъэмыжхэм ящыщу 2014 гъэм зэрагъэпэщыжынухэм я титул спискэр;

щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгуу псоми къагъэсэбэпхэмрэ абыхэм хиубыдэ ухуэныгъэхэмрэ ящыщу ящIынухэм, ирагъэфIэкIуэнухэм, капитальнэу зэрагъэпэщыжынухэм, зэрагъэпэщыжынухэм ятещIыхьа проект, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я титул спискэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм хиубыдэ ухуэныгъэхэм ящыщу зэлэжьахэмкIэ 2014 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу кредитор щIыхуэ щIателъахэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын:

псоми къагъэсэбэп автомобиль гъуэгухэмрэ абыхэм хиубыдэ ухуэныгъэхэмрэ лажьэу утIыпщынымкIэ, ахэр егъэфIэкIуэнымкIэ, капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ, зэгъэпэщыжынымкIэ 2014 гъэм ягъэува къалэнхэр гъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну;

хьэзыр ящIа ухуэныгъэхэм, зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэр зыхуэдизым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм зегъэужьыным 2014 гъэм хуаутIыпща ахъшэр зыхуэдизым теухуа информацэр отчет щIата кварталым къыкIэлъыкIуэ мазэм и 15-нэ махуэм фIэмыкIыу квартал къэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм, Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и ЩIыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм яритыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм (КIэрэф М. А.) хуэгъэувын 2014 гъэм бюджет ахъшэм и лимитхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм хухах ахъшэр зэрытрагуашэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету финансхэр къиутIыпщыну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Уянаев К.Хь. - М.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХРАМОВ Константин**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

• Iуэху еплъыкIэ

## Урысейм Iей зыкъыхуащIыну хуейкъым

**Евросоюзым и Советым и зэIущIэм хэтахэм ящыщу зыри епIэщIэкIыркъым Урысейм и щIыбагъ хуигъэзэну, Урысейм хуэунэтIа санкцэ къахьыну. Уеблэмэ, зэхуэсыр щIимыдзэ щIыкIэ, Москва Къырымыр къызэрищтэжар зыфIэмыфI министрхэми къыхагъэщащ ди щыхьэрым къыхуаIэ пыщIэныгъэм ар зэран хуэхъуну зэрыхуэмейр.**

«СЭ ЗАХУАГЪЭУ къэслъытэркъым Iуэху зэдэзыщIэхэм я щIыбагъ зэхуагъэзэныр, ар гъуэгу пхэнж хъунущ», - жиIащ Австрием и МИД-м и нэхъыщхьэм. Люксембург хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Ассельборн Жан жиIащ: «ЩыIэ хъуа щытыкIэм уеувэлIэн хуейщ». Къэхъуам къебгъэгъэзэжыну жыпIэу, дзэ Iуэху зепхуэ хъунукъым, абы зыри хуейкъым, дуней псом зэдащта хабзэм ебэкъуами».

Къырымым щекIуэкIа референдумыр зымыдэххэу щыта Польшэм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Сикорский Радислави дипломатием хуэхьэзыру къыщIэкIащ. «Хандельсблатт» нэмыцэ газетым абы ирита интервьюм къыхощ «и къэралыр Урысейм тэмэму бгъэдэтыну зэрыхуейр».

Къырымым щекIуэкIа референдумыр хабзэм къезэгъыу урысейхэм къызэралъытэ Брюссель зэрымыарэзыр къыхигъэщыну хуейщ, ауэ Москва къыхуаIэ сату-экономикэ зэхущытыкIэхэм зэран хуэхъункIэ Iэмал зэримыIэр къыгуроIуэ икIи европей политикхэр абы гугъу ирегъэхь. КъэралщIыб политикэмкIэ Урысей IуэхущIапIэм ЕС-м къыдыхэтхэм мызэмытIэу ягуригъэIуащ Москва и лъэныкъуэкIэ санкцэ къэзыгъэлъагъуэхэм езыхэми ардыдэр зэрыращIэжынур. Ар политикэм, экономикэм ехьэлIа зэгурыIуэныгъэ ирехъу.

Брюссель гугъу езыгъэхьыр зыщ: Вашингтон къытрикъузэу ирихьэжьа Iуэхур къыхуэгъэувыIэжыркъым. Ауэ щыхъукIи, Европэм Урысейм и щIыб къыхуигъазэмэ, нэхъ хилъэфэнущ американхэм нэхърэ.

Вашингтон и Iуэху еплъыкIэм нэхъ техуэ, Литвам и МИД-м и Iэтащхьэ Линкявичус Линаси Москва къыпэувыну зыри къыхуриджэркъым, Урысейм фIыуэ ухущытыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр ещIэри.

Къэбгъэлъагъуэмэ, хэхакIуэхэм я нэхъыбапIэм хытIыгу ныкъуэр Урысейм гуэтмэ нэхъ къызэращтам европей политикхэм ар къамылъытэну плебисцитым Iэмал яритыркъым. Къырымым щыпсэухэм я процент 97-м Урысейм и цIыху хъуну нэхъ яфIэкъабылащ. Ар нэрылъагъущ. Британием хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Хейг Уильям хэхыныгъэхэмкIэ «демократием щыдыхьэшхауэ» жиIами, псори гурыIуэгъуэу, нэрылъагъуу екIуэкIащ.

**ШЕСТАКОВ Евгений.**
*«РГ»-м и сайтым къитхыжащ*

…Унэм сабий макъ къыщIэIукIыныр - насыпышхуэщ. Бын куэд уиIэныр гуфIэгъуэщ, ауэ къалэн гугъущ. Апхуэдэ унагъуэхэр хуэныкъуэщ къэралым и щIэгъэкъуэн. Нобэ нэхъ убгъуауэ дытепсэлъыхьынщ федеральнэ хабзэм бын куэд зиIэ унагъуэхэм яIэ хуэгъэкIуатэхэм (льготэхэм) теухуауэ жиIэм.

• Унафэхэр

## Бынунагъуэшхуэхэм хуащI гулъытэр

УНАГЪУЭШХУЭХЭМ я Iуэху зытетыр, псэукIэм ехьэлIауэ абыхэм къэралыр зэрадэIэпыкъуну щIыкIэр зыубзыхуу щыIэ унафэ нэхъыщхьэр УФ-м и Президентым и Указырщ - «Бын куэд зиIэ унагъуэхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ Iэмалхэр». Апхуэдэ унагъуэхэм хабжэ илъэс 18 иримыкъуа сабиищ е нэхъыбэ зыщIэсхэр. Урысейм щыпсэу унагъуэшхуэхэм федеральнэ мардэм тету хуащI хуэгъэкIуатэхэр лIэужьыгъуищу зэщхьэщокI: пщIэншэхэр, уасэм и Iыхьэ гуэр зытхэр, жыпхъэ хэхам тетхэр.

Къэралым и пщэ делъхьэж бынунагъуэшхуэм къыхэкIа, илъэсих иримыкъуа сабийм дохутырым хуитха хущхъуэм и уасэм, курыт школым и пэщIэдзэ классым щеджэхэм я пщэдджыжьышхэм, шэджагъуашхэм, япэ классым кIуэхэм я школ фащэмрэ спорт щыгъынымрэ текIуадэр итыныр. Щэнхабзэ программэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, бын куэд зыпI адэ-анэхэр я сабийхэр я гъусэу мазэм зэ пщIэншэу музейм, гъэлъэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэм, паркым кIуэну хуитщ. Апхуэдэ школакIуэхэм район кIуэцIыми, гъунэгъу къуажэми пщIэншэу щызекIуэну хуитыныгъэ яIэщ. Унагъуэшхуэм щыщ дэтхэнэри пщIэншэу иризекIуэфынущ къалэ кIуэцIым къыщызыкIухь цIыхубэ транспортми.

Ауэ апхуэдэ хабзэхэм щымыгъуазэхэр куэдщ. ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Уполномоченнэ къулыкъум сызэрыпэрытрэ срихьэлIащ ар суд Iуэхум щынэсаи. БыниплI зиIэ москвадэсым зыкъысхуигъэзащ и щхьэгъусэм и цIэкIэ щыт социальнэ картэр метром къызэрыщигъэсэбэпам щхьэкIэ административнэ тезыру сом мини 2,5-рэ ипшынынукъызэрытралъхьам къыхэкIыу. «Бын куэд зиIэ унагъуэхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ Iэмалхэр» УФ-м и Президентым и Указым пэщIэуэ административнэ Iуэхур занщIэу къагъэувыIащ, къуэдыуэ къытралъхьари трахыжащ. Генеральнэ прокурорми зыхуэзгъэзащ УФ-м и щIыналъэ псоми а унафэр зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъыным теухуауэ.

Бынунагъуэшхуэхэр зыIууэ гугъуехьхэм ящыщщ унэ Iуэхур. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щыпсэун хуэныкъуэхэм папщIэ яухуэхэр мащIэ дыдэщ. Ар къилъытэри, къэралыр Iэмалыщ Iэм хуекIуащ - щхьэж и унэ зрищIыхьын щIы кIапэ иратын хуейуэ къилъытащ. Абы теухуа унафэм къыщыгъэлъэгъуащ псэуалъапхъэхэр къащэхун папщIэ щIыхуэу къащтэ ахъшэм щхьэщатыкIынур гъэмэщIэныр къэралым къалэн зэрызыщищIыжыр. 138-нэ Федеральнэ законым игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, бын куэд зиIэ унагъуэхэм унэ, псэуалъэ зращIыхьыну е нэгъуэщI IэмалхэмкIэ къагъэсэбэпыну щIы кIапэхэр пщIэншэу иратын хуейщ. Абы къищынэмыщIауэ, «Бынунагъуэшхуэхэм ягъуэтыпхъэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ хэхахэр» Федеральнэ законым хиубыдэхэм папщIэ яубзыхуащ анэм ират ахъшэр. А мылъкур трагъэкIуадэ хъунущ щыпсэур ирагъэфIэкIуэным, сабийр егъэджэным е анэм и пенсэр нэхъыбэ хъун папщIэ зэхуихьэсым хилъхьэми хъунущ.

Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ уи псэукIэр зыхуэдэм емылъытауэ, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмяуасэрптынзэрыхуейрАбы щыщ Iыхьэ гуэри къэралым епшын. Бын куэд зиIэ унагъуэхэм унэр къызэрагъэплъым, псым, ар зрикIуэ бжьамийм, газым, электрокъарум щIат уасэм и процент 30-р е нэхъыбэр къэралым яхуитын хуейщ.

Ауэ щыхъукIи, унагъуэшхуэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ жэуап нэхъыщхьэр зыхьыр адэ-анэрщ. Абыхэм Iэмал яIэн хуейщ лажьэу шхэжыну. Хьэрычэт Iуэху цIыкIухэр, нэгъуэщI уней IуэхущIапIэхэр къызэзыгъэпэщахэм е апхуэдэ мурад зиIэхэм папщIэ, Указым къызэрыщыхьамкIэ, щIы кIапэкIэ, налог хуэгъэкIуатэкIэ, мэкъумэш IэнатIэм зрагъэужьыным трагъэкIуэдар хуапшыныжынымкIэ зыщIагъэкъуэнущ.

Апхуэдэ хуэгъэкIуатэхэр нэхъыбэу къызыIэрыхьэр лэжьапIэ IэнатIэ Iут адэхэращ. Анэхэр лэжьапIэ бгъэувыным и Iуэхур нэхъ гугъущ. Сымаджэщхэм, школхэм, сабий садхэм илъэс куэдкIэ щылэжьа нэужь, зэман докIри квалификацэр яфIокIуэд, щIэныгъэр гъащIэм демыкIуж мэхъу. ЦIыхухэм лэжьапIэ IэнатIэ егъэгъуэтыным теухуауэ щIыналъэ щхьэхуэхэм щаубзыху программэхэм япкъ иткIэ, Президентым и Указым къегъэув бын куэд зиIэ унагъуэхэм лэжьапIэ IэнатIэ нэхъ тынш (лэжьэгъуэ махуэ ныкъуэ, лэжьэгъуэ тхьэмахуэ иримыкъу, унэм щагъэзэщIэн лэжьыгъэ, пIалъэкIэ зыпэрытын IэнатIэ) къахуэгъуэтыныр, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ егъэгъуэтыныр.

427-нэ Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, 2014 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ, пенсэр щаубзыхукIэ адэм е анэм Iэрыхьэну ахъшэм халъытэ дэтхэнэ я бынми зэрыбгъэдэса илъэсрэ ныкъуэр, ауэ псори зэхэту илъэсиплIрэ ныкъуэм фIэмыкIыу (нэхъапэм ялъытэу щытар илъэсищщ).

Бын куэд зиIэ адэ-анэхэм зэрадэIэпыкъуну Iэмалхэр куэд мэхъу. Псалъэм папщIэ, анэр нэхъ пасэу пенсэм ягъакIуэ е «Адэ-анэм я щIыхь» дамыгъэр хуагъэфащэ. Абыи къыщымынэу, щIыналъэхэм Iэмал яIэщ льготэхэм я бжыгъэхэр езыхэм хагъэхъуэну. Псалъэм и хьэтыркIэ, къэралым и хэгъуэгу 65-м ещанэ сабий е нэхъыбэ къызэрыхъуа унагъуэм ар илъэсищ ирикъуху мазэ къэс сом бжыгъэ гуэр ират. Бын куэд зиIэ унагъуэхэм ират льготэхэм теухуауэ нэхъ зыубгъуауэ хъыбар къыщыпщIэ хъунущ узыщыпсэу щIыпIэм ЦIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэзыгъакъуэ IуэхущIапIэм.

**ЛУКИН Владимир,**
*ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Уполномоченнэу УФ-м щыIэ.*

• КIэщIу

### Лъэщыр лъагъугъуафIэщ

Урысей Федерацэр къэралыгъуэ лъэщу къэзылъытэ ди лъахэгъухэм я бжыгъэм хэхъуауэ къет «Левада-центр»-м. Социологхэр зэупщIа цIыхухэм я процент 63-м къалъытэ УФ-р къэралыгъуэ лъэщу. КъэпщытакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, иужьрей илъэс 15-м къриубыдэу абыхэм я бжыгъэм куэдкIэ хэхъуащ.

Нэхъапэм зи къэралыр зыфIэлъэрызехьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ дыдэу процент 61-рэ хъууэ арат (2009 гъэ). 2005 гъэм апхуэдэхэм я бжыгъэр процент 30 ирикъуа къудейщ.

Абы къищынэмыщIауэ, зэупщIахэм я процент 67-м къалъытэ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным Урысейм къалэнышхуэ зэрыщигъэзащIэр. Къыхэгъэщыпхъэщ цIыхухэм я процент 48-м псори зыщышынэ, пщIэ зыхуащI къэралыгъуэ лъэщым щыпсэуну нэхъ къызэращтэр. Апхуэдэу мылъэщ, ауэ псэукIэм нэхъ зыщиужьа къэралхэм Iэпхъуэну йохъуапсэ процент 47-р. Илъэсищ ипэкIэ ди хэку исыжыну хуейхэр - процент 42-рэ, нэгъуэщI щIыпIэ Iэпхъуэну щIэхъуэпсхэр процент 63-рэ хъурт.

### Швецием къулейсыз щыпсэур пэж?

Налогыу къыхих мелуан бжыгъэхэр хамэ къэрал куэдым ядэIэпыкъун папщIэ зыгуэш Швециер Европэ Ищхъэрэм хиубыдэ къэралхэм ящыщу къулейсыз нэхъыбэ щыпсэууэ къалъытащ. Апхуэдэу «Dagens Nyheter» газетым къытрырагъэдзащ Социал-демократ лэжьакIуэ партым и унафэщI Левен Стефанрэ Швецием и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ Турвальдссон Карл-Петеррэ. Абыхэм тегъэщIапIэ ящIащ NordMod-2030 къэхутэныгъэ проектым ипкъ иткIэ ягъэхьэзыра лэжьыгъэр. Зи гугъу тщIы проектыр и жэрдэмщ Данием, Исландием, Норвегием, Финляндием, Швецием щыIэ социал-демократ партиехэмрэ профсоюзхэмрэ я зэгухьэныгъэм.

Левенрэ Турвальдссонрэ къагъэлъагъуэ цIыхухэм лэжьапIэ IэнатIэ зэрамыгъуэтымрэ псэукIэр зэрырагъэфIакIуэ щIыкIэм щыщIэныгъэшхуэ зэриIэмрэ языныкъуэхэр къулейсызыгъэм зэрыхуишэр. ТхьэмыщкIэхэм хабжэр къэралым ику иту щыгъэува хэхъуэм нэхърэ процент 60-кIэ нэхъ мащIэ зыIэрыхьэрщ.

### Венецием щхьэхуитыныгъэр къыхех

Тхьэмахуэ кIуам щхьэхуитыныгъэм папщIэ хэхыныгъэ езыгъэкIуэкIар Къырымым и закъуэкъым. Апхуэдэ Iуэхум пэрыхьащ къалэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ Венециер. Италием къыгуэкIыным теухуа референдумыр тхьэмахуэ кIуам яублащ. СыткIэ мыарэзыуэ пIэрэ мы щIыналъэм щыпсэухэр?

Кризисыр яужэгъуащ, къэралым и ищхъэрэ лъэныкъуэр гъэшхэныр къатохьэлъэ, апхуэдэуи блэкIам хуозэш - Венециер илъэс 1100-кIэ республикэ щхьэхуэу щытащ.

1797 гъэм Наполеон Австро-Венгрием хигъэхьауэ щытащ ар. Илъэс 60 дэкIа нэужь, Италием хагъэхьэжащ.

Иджы екIуэкI референдумым Iэ щаIэтыну хуитщ цIыху мелуани 3,8-м. ИкIи абы нэхъ жыджэру хэтхэм зэрыжаIэмкIэ, Венето щIыналъэм исхэм я процент 65-м Римым къыгуэкIыпэну яфIэкъабылщ. Уеблэмэ Италием пэщхьэхуэ защIыным къыщымынэу, ЕС-ми, НАТО-ми, евро зонэми къыхэкIмэ нэхъ къащтэ. РеспубликэщIэм и цIэри хьэзырщ - Венето.

***Интернетым къитхыжащ.***

• Курыт еджапIэ

### Егъуанэ классыр къэзыуххэри утыку ирашэ

Егъуанэ классым щеджэу урысыбзэмрэ математикэмкIэ къызэрапщытэ къэрал экзаменхэр зымытыфхэр нэхъыжь классхэм щеджэну хуит ящIынукъым. Апхуэдэу жиIащ ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмрэ кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм и унафэщI **Кравцов Сергей.**

- Егъуанэ классым щIэсхэм я къэрал къызэщIэзыкъуэ къэпщытэныгъэр (Государственная итоговая аттестация) мы илъэсым щегъэжьауэ щыIэнущ, - жиIащ унафэщIым. - Гъатхэ дызытехьэм сабий мелуан 1,3-м экзаменхэр ятынущ. Iэмал имыIэу урысыбзэмрэ математикэмкIэ я щIэныгъэр къагъэлъэгъуэн хуейщ - арыншауэ егъуанэ классыр къызэраухамкIэ аттестат иратыжынукъым. Экзаменхэр зымытыфхэр епщIанэ классми ягъэкIуэнукъым, IэщIагъэ щрагъэгъуэт училищэхэми щIэтIысхьэфынукъым.

ЭкзаменитIымкIи «2» фIэкIа къызыхуэмыхьхэм, тхьэмахуэ дэкIмэ, иджыри зэ ятыж хъунущ. ТIэуми пэмылъэщым аттестат кърату нукъым.

Егъуанэ классыр къызэраух экзаменыр зыхуэмытхэм адэкIэ иращIэнур иджыри яубзыху. Рособрнадзорым абы теухуа дэфтэрхэр егъэхьэзыр. Абы хэкIыпIэ зыбжанэ иIэщ: нэхъапэми ещхьу, зы илъэскIэ къинэжын е езырезыру зигъэхьэзырыжу къыкIэлъыкIуэ илъэсым иджыри зэ экзаменхэр итын.

Къэбгъэлъагъуэмэ, къэрал къызэщIэзыкъуэ къэпщытэныгъэр 11-нэ классыр къэзыуххэм ят къэрал экзаменхэм хуабжьу ещхьщ, ауэ щхьэхуэныгъэ гуэрхэр иIэщ. ГИА-р зэрекIуэкIымкIэ жэуаплыныгъэ зыхьыр щIыналъэ унафэщIхэращ, ауэ жэуап зратыну упщIэхэр къэрал псом щызэщхьынущ. Ахэр Педагогикэ къэпщытэныгъэмкIэ федеральнэ институтым игъэхьэзыращ. УпщIэхэр, псори зэхэту, мин 40 мэхъу. ЩIыналъэхэм а упщIэхэмкIэ билетхэр зэхагъэувэну арщ, экзаменыр ятыным махуитI-щы фIэкIа имыIэжу. НыбжьыщIэхэм я «IэдакъэщIэкIыр» къэзыпщытэжынури хэгъуэгухэм щыIэ IэщIагъэлIхэрщ.

**ДУЭЛЬ Алексей.**
*«Российская газета»*

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

**Испанием щаубыдащ зэрахьэ хъунщIагъэхэмкIэ континент зыбжанэм цIэрыIуэ щыхъуа «Пантерэ тхьэмбылыфэ» бзаджащIэ гупым я Iэтащхьэ Илинчич Борко. Ар къэзылъыхъуэхэм яхэтащ Интерполымрэ къэрал 20-м я хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ. БзаджащIэхэм я пашэр Хьэрып Къэралыгъуэ Зэгуэтхэм ирагъэшэжынущ. Абы игъащIэ псокIэ лъэхъуэщым щисынущ Илинчичыр.**

• КъэхъукъащIэ

### «Пантерэ тхьэмбылыфэр» яубыд

ДУБАИ дэт Wafi Citi Mall тыкуэнышхуэр 2007 гъэм зыхъунщIари Илинчичу жаIэ. Абы щыгъуэ бзаджащIэхэр машинэ псынщIэ къэдыгъуахэмкIэ тыкуэным щIэлъадэщ, лэжьакIуэхэм кIэрахъуэхэр траубыдэри, доллар мелуаниплI и уасэ дыщэхэкI къыщIахауэ щытащ.

«Пантерэ тхьэмбылыфэм» теухуауэ зэкIэ наIуэ хъуар мащIэщ. Интерполым зэрыжиIэмкIэ, абы хэтщ щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щекIуэкIа зауэхэм хэта бзаджащIэ шынагъуэхэр. Ахэр япэрей Югославием и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм я цIыхухэрщ. Гупыр къэунэхуащ илъэс 30 хуэдиз ипэкIэ.

«Пантерэ тхьэмбылыфэ» бзаджащIэ гупым псори зэхэту дыщэ щапIэу 150-м щIигъу яхъунщIащ, доллар мелуан 630-рэ и уасэ дыщэхэкI ядыгъуащ. МыхъумыщIагъэ куэд щызэрахьащ Европэм, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, Азием, США-м.

ГъэщIэгъуэнщ, бзаджащIэхэм «Пантерэ тхьэмбылыфэ» мультсериалым и цIэр зэрызыфIащам къыщымынэу, абы хэт лIыхъужьхэм далъэгъуа Iэмал гуэрхэри къызэрагъэсэбэпыр. Дыгъу гупым хэтхэр фадэ ефэркъым, цIыхубзкIи ерыщкъым - «Iуэхум» зэран хуэхъункIэ хъунухэр я Iумпэмщ.

*«Эхо планеты»*

• Дунейм щикъухьащ

### Дэсщ Мараш адыгэхэр

**Тыркум щыIэ Мараш къалэм щызэхэт Адыгэ Хасэм и щIалэгъуалэ къудамэм Адыгэ тхыбзэм и махуэр игъэлъэпIащ. Абы къекIуэлIа нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми къыхагъэщащ хамэ къэралым щыхэхэс адыгэхэм бзэр зэраIэщIэхужыр, хабзэми пэIэщIэ зэрыхуэхъур.**

ПСОМ хуэмыдэу бзэр зыщыгъупщэжыр къыдэкIуэтей щIэблэращ. Абы ипкъ иткIэ, нэхъ цIыкIухэм ящыщу адыгэбзэр зыгъэшэрыуэ закъуэтIакъуэ щрихьэлIэм и деж хуабжьу ягъэщIагъуэ.

А махуэми апхуэдэт, илъэсих-блы зи ныбжь цIыкIухэр усэ къыщеджэм деж Iэгуауэшхуэхэр хуаIэтырт.

Зэхуэсым къыщыпсэлъахэм нэхъыбэу къыхагъэщащ анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр зэрыиныр, ар зыIурымылъыж лъэпкъыр зэрыкIуэдыжынур, бзэр ящIэжу унагъуэм исхэм зэпымыууэ къагъэсэбэпын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм хэта щIалэгъуалэм упщIэ зыбжанэкIэ захуэдгъэзащ Iуэхум зэреплъыр къэтщIэну.

**ЛIэужь Эмин:** Нобэ ди бзэм и махуэр щыдгъэлъапIэ гуфIэгъуэшхуэщ. Ауэ, абы емылъытауэ, дигу къеуи щыIэщ - ар ди бзэр, хабзэр ныбжьыщIэхэм зэрамыщIэжырщ. Абы ипкъ иткIэ, дэ хуабжьу догугъу ди къуэш, шыпхъу нэхъыщIэхэм анэдэлъхубзэр яIурылъхьэным, хабзэм щIэпIыкIыным. ГуащIэшхуэ ехьэлIэн хуейщ а Iуэхум.

ЩIалэгъуалэм нэхъ ди жагъуэ хъухэм ящыщщ ди хъыджэбзхэр нэгъуэщI лъэпкъ щыщхэм зэрыдэкIуэр, ди щIалэхэм хамэ пщащэ къызэрашэр. Бзэм нэхъ пэIэщIэ дыхъуху, апхуэдэхэр нэхъыбэ хъуну къысщохъу. Аращи, а гугъуехьхэм я хэкIыпIэр щIалэгъуалэр нэхъыбэрэ дызэхуэсыныр щ, ди лъэпкъыбзэкIэ дызэпсэлъэнырщ, ди хабзэхэм дытетыжу дыпсэунырщ.

**Къущхьэ Хьэмид:** Япэ игъэщыпхъэр бзэращи, ар зыщыдмыгъэгъупщэну иужь дитынущ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, бзэр пщIэныр нэхъапэщ, хабзэр абы къиихьыну аращ. Си ныбжьэгъум къызэрыхигъэщащи, ди хъыджэбзхэр нэгъуэщI лъэпкъ щыщхэм зэрыдэкIуэр ди жагъуэ мэхъу. Ар къэмыхъун щхьэкIэ, псори делэжьын хуейщ адыгэбзэр зэрытхъумэным.

**Дау Дюндар:** Мараш къалэ адыгэ куэд дэс хъуащ. Мараш къепха Анзорей, Джылахъстэней жылагъуэхэм щыщ куэдыр иужьрей илъэсхэм мыбы къэIэпхъуащ, лэжьыгъэ жаIэми, нэгъуэщI Iуэху яIэми. Абы папщIэ щIалэгъуалэм къалэн нэхъыбэ къыттехуэу къысщохъу. Зытхъумэжын, ди бзэр, ди хабзэр тIэщIэмыхужын папщIэ.

**Нысэ Семих:** Ди унагъуэхэм адыгэбзэр щыIун хуейщ. Сэ сыкъапщтэу щытмэ, си адэ-анэр адыгэщ. Дызэрызэпсалъэри адыгэбзэщ. Зи анэр тырку щIалэгъуалэм бзэр ящIэххэнукъым. АдыгэбзэкIэ дыпсалъэу щытмэ, ди гур хъума, ди Iуэхухэри, ди джэгухэри нэхъ дахэж хъунущ.

ЗэIущIэм иужькIи цIыхухэр куэдрэ зэхэтащ, я нэгу щIэкIахэмкIэ зэдэгуашэу. Ахэр егъэгузавэ, анэдэлъхубзэкIэ псэлъэну хуейми, ар къыщагъэсэбэпын утыку зэрамыгъуэтым.

**ЕМУЗ Баязыт.**
*Тырку Республикэ*

• Улахуэ

### Ахъшэ къыдатыху сыт дызэрыпсэунур?

2014 гъэм и щIышылэм елъытауэ, мазаем улахуэмкIэ зытрагъэхьа щIыхуэм процент 27-кIэ хэхъуащ - сом меларди 2,5-рэ.

АхъшэкIэ къапщтэмэ, цIыхухэм ирамыта улахуэр куэдкIэ нэхъыбэщ. Росстатым щатхам нэхърэ нэхъыбэ къыщIигъэщащ Генпрокуратурэм. Абы къикIыр сыт: лэжьыгъэ IэнатIэ уиIэ щхьэкIэ, узэрышхэн уимыIэнкIэ хъунущ.

ЦIыхухэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр ятын, банкым кредит халъхьэн, сабий гъэсапIэхэм пщIэ щIатын, школхэм шэджагъуашхэм и уасэр ирагъэхьын хуейщ. АтIэ, дауэ укъикIыфыну улахуэр щамыт пIалъэм?

#### ЩIыхуэр къыпхуамыгъэгъуми

Япэрауэ, IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, банкым и ахъшэ щIыхуэ птелъмэ, абы хэплъхьэжын уимыIэми, укIуэн хуейщ. «Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, кредитыр щыхэплъхьэн хуей пIалъэр зэрыблэкIыу, уи щIыхуэм ахъшэ техьэу щIидзэнущ. ИтIанэ Iуэхур гугъу дыдэ хъунущ, - жеIэ Урысейм и щIыналъэ банкхэм я зэгухьэныгъэм и вице-президент Иванов Олег. - Банкым укIуэнурэ лъэIу тхылъ щIэплъхьэнущ, ахъшэр щIыпхуэмытым и щхьэусыгъуэр иту. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, уи улахуэр зэрагъэгувэм щыхьэт техъуэ дэфтэр уи лэжьапIэм къеIыпхыу пхьы хъунущ».

Банкым и лэжьакIэм елъытауэ Iэмал е хэкIыпIэ гуэр къыпхуигупсысынущ. КъищынэмыщIауэ, ахъшэ щIыхуэр зытыжыну хуэмей щIэпхъаджащIэу уакъыщыхъунукъым.

ХэкIыпIэр арaщи, птелъ щIыхуэм техьэ ахъшэм хэхъуэнукъым.

#### Субсидие зэвгъэпэщ

ПсэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIэптын хуей пщIэри къыпхуагъэгъуркъым. «ПсэупIэ Кодексым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ЖКХ Iуэхутхьэбзэхэм блэкIа мазэм хуэзар къыкIэлъыкIуэ мазэм и махуипщI пIалъэм къриубыдэу умытмэ, къуэды къыптралъхьэ, - жиIащ «Къалэ экономикэм и институт» фондым хыхьэ «Къалэ хозяйствэ» унэтIыныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Прокофьев Владлен. - Апхуэдэ щытыкIэ фихуамэ, управленэм фыкIуи, нэхъыщхьэм и деж занщIэу фыщIыхьэ. Iуэхутхьэбзэм и уасэр щыптын хуей пIалъэр зэрыпхуагъэкIуатэм щыхьэт техъуэ зэгурыIуэныгъэ ефщIылIи, ар хэкIыпIэ хъарзынэ хъунущ улахуэ къыфIэрыхьэху ахъшэ лей фымытынымкIэ.

Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэр Iуэхутхьэбзэ къыпхуэзыщIэ сыт хуэдэ IуэхущIапIэми епщIылIэныр сэбэпщ. КъищынэмыщIауэ, ЖКУ-м къыпхуигъэув уасэм нэхърэ унагъуэм уиIэ хэхъуэр процент 22-кIэ нэхъ мащIэмэ (языныкъуэ щIыпIэхэм ар щынэхъ мащIэщ, Тверь - процент 18, Москва - проценти 10), псэун и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм ядэIэпыкъу IуэхущIапIэхэм фыкIуи, субсидие зэвгъэпэщ. Абы папщIэ зэманрэ дэфтэр куэдрэ ухуеинущ, ауэ сэбэп къыфхуэхъун Iуэхущ».

#### Къэралым защIегъакъуэ

Языныкъуэ щIыналъэхэм занщIэу зыхащIащ цIыхухэм я улахуэр зэрафIэкIуэдыр. Златоуст щыIэ метзаводыр зэхуащIа нэужь, цIыху щэ бжыгъэхэр уэрамым къыдэнащ, лэжьапIэр зэрафIэкIуэдам нэмыщI, иужьрей мазэ зыбжанэм къахьа улахуэр къра мытыжу. ЩIыналъэ унафэщIхэм абыхэм я бынхэр школым пщIэншэу щагъашхэу къызэрагъэпэщащ, сабий садым щIат пщIэр пIалъэкIэ щхьэщахащ.

«Иджыпсту къэрал дэIэпыкъуныгъэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэунэху, - жиIащ УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Топилин Максим. - ХуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм, цIыху щхьэхуэхэм щIыналъэ унафэщIхэм социальнэ зэгурыIуэныгъэ иращIылIэ хъунущ 2013 гъэм щегъэжьауэ, абы ипкъ иткIэ дэIэпыкъуныгъэфI ягъуэтынущ. Нэхъапэ ирагъэщынур, дауи, бынунагъуэшхуэхэрщ. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэу сом мин 30 - 35-рэ ират. Гугъуехьышхуэ хэхуам ахъшэ нэхъыбэкIэ зыщыщIагъакъуи щыIэщ.

КъыпIэрыхьа ахъшэм узэрыхуейуэ унафэ тыбощIыхь - ар хьэрычэт Iуэху цIыкIу гуэрым е уней хадэ зепхьэным хэплъхьэ хъунущ. Соцконтрактым хьер къыпокIуэ: цIыхур, япэрауэ, щытыкIэ гугъум кърегъэкI, етIуанэрауэ, и хэхъуэр ику иту хуэдэ 1,5 - 2-кIэ егъэбагъуэ.

Хэгъуэгухэм я нэхъыбэм апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр щолажьэ, цIыхухэм ядэIэпыкъуу. Зэман гъунэгъум ахэр Урысейм и щIыналъэ псоми щылажьэу зэтедублэнущ.

**ДОНСКИХ Екатеринэ.**
*«АиФ»*

## Къэхъунур зыщIэр хэт?




**Украинэм и унафэщI Янукович Виктор илъэс кIуам и дыгъэгъазэм и 10-м яIущIат езым и пэкIэ а къулыкъум тета президентищми, и къулыкъум зэрытемыкIынур яжриIащ. АрщхьэкIэ а Iуэхур езыр хэмыту зэфIахакIэщ.**

## Министрыр бзылъхугъэмэ...

**Меркель Ангелэ щIэрыщIэу къызэригъэпэща правительствэм теухуауэ къэIуа хъыбар нэхъ гъэщIэгъуэныр Урсула фон дер Лейен Германием зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру зэрагъэуварщ. Къэралым и тхыдэм япэу къыщыхъуауэ арaщ дзэр бзылъхугъэм и унафэ щIэтыныр.**

• Къулыкъу

ФОН дер Лейен мурад нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжащ Германием и дзэ зэщIэузэдахэм я щытыкIэр IэмалыщIэхэмкIэ иригъэфIэкIуэну. Абы къызэрилъытэмкIэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ дзэ къулыкъумрэ унагъуэ Iуэхумрэ зэпыщIэным. Илъэс куэдкIэ къулыкъум къыщыхъу лъэпощхьэпо нэхъыщхьэу щытащ унагъуэ зиIэ сэлэтхэр зыIууэ гугъуехьхэр. МинистрыщIэм къызэрилъытэмкIэ, нэмыцэдзэр унагъуэ Iуэхум пэхъун хуэдэу къызэрагъэпэщынымкIэ сэбэп хъунущ казармэхэм сабий садхэр дэщIыхьыныр, къулыкъу IуэхукIэ сэлэтхэр нэгъуэщI щIыпIэхэм гъэкIуэныр гъэкIэщхъэныр. Сыту жыпIэмэ, абы унагъуэм зэгурымыIуэныгъэ кърелъхьэ, псом хуэмыдэу сэлэтым и щхьэгъусэр лэжьапIэ IэнатIэ Iутрэ и щхьэгъусэм и къулыкъум зыдригъэкIуныр къытехьэлъэмэ.

Зыхъумэжыныгъэм теухуауэ мазаем и пэщIэдзэм Мюнхен щекIуэкIа конференцым къыщыщыпсалъэм, Лейен къыхигъэщащ дунейпсо кризисым пэщIэтынымкIэ Германием и мыхьэнэм хагъэхъуэн зэрыхуейр.

*«Эхо планеты»*

● Щэнхабзэ



Режиссёр Теувэж СултIан.



Сурэтхэр Мамий Руслан трихащ.

# «Пащтыхь Лир» фрегъэблагъэ

**Нэгъуей Мухьэдин и уней театр «Фатум»-м гъатхэпэм и 22-м сыхьэт 18.00-м щIидзэу япэу адыгэбзэкIэ щагъэлъэгъуэнущ Шекспир Уильям и «Пащтыхь Лир» трагедием къытращIыкIа спектаклыр. Ар траухуащ дуней псом щыцIэрыIуэ инджылыз тхакIуэр къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 450-рэ зэрырикъум.**

НЭГЪУЕЙ МУХЬЭДИН и театр IуэхущIапIэр илъэс еянэ хъуауэ мэлажьэ, республикэм щыпсэухэми хьэщIэхэми я гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ хигъахъуэу, я гупсысэм зригъэужьу. Абы драматургием и фIыпIэ куэд щагъэлъагъуэ.

Театр гъуазджэр фIыуэ зылъагъу Нэгъуей Мухьэдин КъБКъУ-м щыщеджа зэманым Къубатий Мухьэмэд и театр студием щыджэгуу щытащ. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унафэщIу лэжьащ 90 гъэхэм. Мухьэдин а зэман гугъум псапэ ищIэн хузэфIэкIырт. Псалъэм папщIэ, камернэ музыкэмкIэ «Камерата» оркестрым хэтхэм я лэжьапщIэр илъэскIэ яритащ. И театрым щылажьэхэм мазэ улахуэ зэраритым къыщинэмыщIауэ, Мухьэдин республикэм и актер нэхъыфIхэр егъэпажэ ТIыхъужь Алийрэ ДыщэкI КIунэрэ я цIэкIэ игъэува ахъшэ саугъэтымкIэ (къыхэгъэщыпхъэщ ар мазэ лэжьапщIэу блы зэрыхъур). ХьэрычэтыщIэ Iуэхум илъэс зыбжанэкIэ хэта нэужь, и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр къехъулIащ - уней театр 2006 гъэм къызэригъэпэщауэ цIыхухэр пщIэншэу абы иригъэблагъэ. Нэгъуей Мухьэдин и уней театрым хуэдэ Урысей псом щыIэкъым. УрохьэлIэ уней театрыр мылъкукIэ зыгъэлажьэ хьэрычэтыщIэ закъуэтIакъуэ, ауэ театр гъуазджэм хамыщIыкIыу.

Адыгэбзэм ирилажьэхэу Хъуажь Фахъри, Джэрыджэ Арсен, Къалмыкъ Аднан сымэ зы гуп хъууэ Мухьэдин и театрым иригъэблэгъащ бзэм и IэфIагъыр, и дахагъыр, и кууагъыр цIыхухэм захригъэщIэн мурадкIэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, языныкъуэхэм къащохъу адыгэбзэм вакъэ зэв уригъэувэу, уигъэлъэпэрапэу, зыуимыгъэузэщIу. Ауэ, ар зэрымыпэжыр быдэу зи фIэщ хъухэм ящыщщ Мухьэдин:

- IуэрыIуатэм щыщ хъыбархэр зыщIэ, бзэр екIуу зыгъэшэрыуэ нэхъыжьхэр щыпсалъэкIэ уедэIуэну уасэ зимыIэщ. Сабийхэм ахэр къаухъуреихьарэ я тхьэкIумэр тегъэхуауэ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ щедаIуэкIэ уакIэлъыплъыну гухэхъуэщ.

Адыгэгу зыкIуэцIылъ, Нэгъуей Мухьэдин анэдэлъхубзэр гулъытэ зэрыхуэныкъуэр куэд щIат къызэрыгурыIуэрэ икIи щIэхъуэпсырт бзэр игъэлэжьэну, абы зригъэубгъуну. Иужьым тегушхуащ Шекспир Уильям адыгэбзэкIэ къигъэпсэлъэну.

- Теувэж СултIан хуэдэу щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, бзэр зыгъэшэрыуэ режиссёррэ Бещтокъуэ Хьэбас хуэдэ усакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ Iэзэрэ уагъэлъыхъуэнщ. Хьэбас «Пащтыхь Лир» трагедиер адыгэбзэкIэ зэридзэкIыну, СулътIан абы къытращIыкIа спектаклыр игъэувыну нэгъабэ дызэгурыIуащ, - жеIэ Нэгъуей Мухьэдин. - Спектаклым цIыху 12 щыджэгун хуейт. Абы хэтыну хуейуэ къекIуэлIа 52-м дахэплъэщ, дахэдэри, нэхъыфIу къэтлъытахэр, щIэныгъэ зиIэхэр къахэтхащ. Роль нэхъыщхь хуэдгъэфэщащ Iусейн Олег. ДжэгуакIуэхэр Iэзэ защIэщ, замыгъэпсэхуу махуэм сыхьэтитху-сыхьэтихкIэ спектаклым йолэжь. Балъкъэр Юрэ урысыбзэкIэ тхыгъэм къеджэну дыгурыIуащ. Спектаклым еплъыну хуейхэр фыкъыдогъэблагъэ, фигу дыхьэнуи дыщогугъ, - жеIэ Мухьэдин.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

● ЩIэныгъэлIхэр топсэлъыхь

# «Бгыхэр щымщ, ауэ ящыгъупщакъым»

**ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым щекIуэкIащ «Горы молчат, но помнят» зыфIаща урысейпсо щIэныгъэ конференцыр. Ар теухуат балъкъэрхэр Хэкум зэрырашауэ щытам.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ еджапIэм и ректор, гъуазджэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Рахаев Анатолэ**.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Чеченов Ануар**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Битокъу Владимир**.

И лъэпкъэгъухэр Хэкум зэрырашам, ахэр зыхэхуа гузэвэгъуэм, адэжь щIыналъэм къызэрагъэзэжам теухуауэ къэпсэлъащ философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Эфендиев Сэлихь**. Зэхыхьэм и пленарнэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ профессор **Сабанчиев Хьэжмурат**, балъкъэрхэр щIыпIэм зэрырагъэIэпхъукIам кърикIуахэм теухуауэ.

Зэхыхьэм хэтхэр ирагъэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВГТРК-м и журналист Сабанчиевэ Арипэ и «Подвиг незримый» фильмым.

Конференцым хэтащ Санкт-Петербург, Карачаевск къикIа щIэныгъэлIхэр, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэс студентхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр ирагъэблэгъахэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.



Сурэтыр Мамий Руслан трихащ.

● Хъуэхъу



*Шэрэдж районым хыхьэ Жэмтхьэлэ къуажэм щыпсэу Байсиев Хьэчим Мэхьмуд и къуэм и махуэ лъапIэмкIэ - и ныбжьыр илъэс 65-рэ зэрырикъумкIэ - дохъуэхъу!*

ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфI, ди адэ, адэшхуэ щыпкъэ. Ди ущиякIуэ, чэнджэщэгъу Iущым уи узыншагъэрэ уи гуащIэрэ мыкIуэщIу, дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ уи бэу, быным, абыхэм я щIэблэм я насыпым уи псэр игъэгуфIэрэ уи гум ехуэбылIэу гъащIэ дахэ къыпхуэзэпищэну ди гуапэщ. Ди жьэгум уриплъырщи, ар мыужьыхыу тхуэпхъумэну, куэдрэ укъытщхьэщытыну, дадэ жьыщхьэ махуэ къыпхужаIэу уи илъэсищэр дгъэлъэпIэну Тхьэм жиIэ.

*Уи бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхухэр, Гъащтэхэ Валерэрэ Анетэрэ я унагъуэр.*

●ХъыбарегъащIэ

# Адыгэ усыгъэм и пшыхь

**Усыгъэм и дунейпсо махуэм, гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм (гъатхэпэм и 21-м), Налшык щекIуэкIынущ «Гъэм и теплъэгъуэхэр» зыфIаща усэ пшыхьхэм къакIэлъыкIуэр. Адыгэ усакIуэхэм гъатхэм траухуа я IэдакъэщIэкIхэм щыщ щызэхэфхынущ абы.**

ПШЫХЬЫМ хэтынущ композитор икIи усакIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ Къаныкъуэ Заринэ (ар къеджэнущ Тыркум щыпсэу адыгэхэм я лэжьыгъэхэм). Гъатхэ щIэращIэм цIыхухэр хьэщыкъ зэрищIыр адыгэ уэрэдыжьхэм къызэрыхэщыжыр пшыхьым кърихьэлIахэм зыхрагъэщIэнущ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэм.

Макъамэ-усыгъэ пшыхьыр зэхуащIыжынущ IуэрыIуатэм хухаха IыхьэмкIэ - гъэрэ щIырэ щызэхэкIым иращIэкIыу щыта Iуэху дахэр ягъэлъэгъуэнущ.

ХабзэфI хъуауэ екIуэкI зэIущIэр къызэзыгъэпэщыр «Жан» зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м и профсоюз IуэхущIапIэхэм я зэгухьэныгъэмрэщ.

ЗэIущIэр Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм (Кулиевым и уэрам, 12) и Мрамор пэшым щекIуэкIынущ. Сыхьэт 16-м щIидзэну пшыхьым псори фыкърагъэблагъэ, абы ущIыхьэн щхьэкIэ пщIэ щIэптын хуейкъым.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

# ЩIыналъэм и чемпион Къармэ Мажмудин

● Шахматхэр

**Налшык къалэм щызэхуащIыжащ шахмат блицымкIэ, классикэ шахматымкIэ, шахмат псынщIэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и спортсменхэм-ветеранхэм я чемпионатыр.**

УРЫСЕЙМ и чемпионатым и кIэух Iыхьэм ди округым щыщу кIуэнухэр къыщыхаха а зэпеуэм кърихьэлIащ КъБР-м, КъШР-м, Ставрополь крайм, Дагъыстэным щыщ спортсмену 27-рэ.

Наградэхэм я нэхъыбапIэр КъБР-м и лIыкIуэхэм къахьащ. Дыщэ медалу 3 къылъысащ Налшык щыщ Къармэ Мажмудин (блицымкIэ, классикэмкIэ, шахмат псынщIэмкIэ). Прохладнэ къалэм щыщ Вулах Валерий дыжьын медалу тIурэ зы жэз медалрэ, Нарткъалэ щыщ Пэунэж Борис блицымкIэ ещанэ увыпIэр, классикэмкIэ етIуанэ увыпIэр къахьащ.

ГЪЭУНЭ Светланэ.




# Курыт школхэр къэзыуххэм ящыщу еджакIуэ ягъэкIуэнухэр къыхах

**Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм конкурс ирегъэкIуэкI Урысейм и ФСИН-м профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и еджапIэхэм 2014 гъэм щIигъэтIысхьэнухэр къыхихын папщIэ. Апхуэдэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтауэ къэзыгъэзэжхэм IэнатIэхэр щрат УФ-м Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IуэхущIапIэхэм.**

IЭЩIАГЪЭЛIХЭР очнэу щагъэхьэзыр еджапIэхэм щIагъэтIысхьэ УФ-м и цIыхухэу (щIалэхэу) курыт еджапIэр къэзыухахэр, пэщIэдзэ профессиональнэ щIэныгъэ (курыт щIэныгъи щIыгъуу) е курыт профессиональнэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтахэр, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм щылэжьэным зи узыншагъэкIэ хуэкIуэхэр, къэрал экзамен зэгуэтхэр тэмэму зытахэр икIи Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм «Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я физическэ зэфIэкIыр къезэгъыу гъэхьэзырынымкIэ хабзэхэр къэщтэным и IуэхукIэ» 2001 гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м къыдигъэкIа унафэ №301-м къызэригъэувым тету ябгъэдэлъ физическэ зэфIэкIымкIэ еджапIэ зэрыщIагъэтIысхьэ гъэунэхуныгъэхэм пхыкIахэр.

ИщхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа еджапIэхэм зэрыщIагъэтIысхьэ хабзэхэм, абыхэм щыщIэтIысхьэкIэ гъэунэхуныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI щIыкIэм нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ еджапIэхэм я официальнэ сайтхэм: Урысейм и ФСИН-м и академием (Рязань къалэ) - http://apu-fsin.ru/; Урысейм и ФСИН-м Владимир къалэм дэт и юридическэ институтым - www.vui-fsin.ru; Урысейм и ФСИН-м экономикэмрэ правэмкIэ и институту Вологдэ къалэм дэтым - http://www.vipe- fsin.ru/.

*ЕджапIэхэр, абыхэм зыхурагъаджэ IэщIагъэхэр, зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр зыхуэдэр*

**Урысейм и ФСИН-м и академиер**

56.05.01 IэщIагъэ - тылыр къызэгъэпэщыныр (урысыбзэ, математикэ, обществознание)

**Урысейм и ФСИН-м Владимир къалэм дэт и юридическэ институт**

40.05.02 IэщIагъэ - хабзэхъумэ лэжьыгъэ (урысыбзэ, обществознание, тхыдэ)

**Урысейм и ФСИН-м Воронеж дэт и институт**

11.05.04 IэщIагъэ - инфокоммуникацэ технологиехэмрэ связь хэхам и системэмрэ (очнэу) (урысыбзэ, математикэ, физикэ, ИКТ)

11.05.02 IэщIагъэ - Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм и унафэщI лэжьакIуэхэм папщIэ (заочнэу) радиотехникэ системэ хэхахэр

**Урысейм и ФСИН-м экономикэмрэ правэмкIэ Вологдэ къалэм дэт и институт**

40.05.02 IэщIагъэ - зыхъумэ лэжьыгъэ (урысыбзэ, обществознание, тхыдэ)

*ЕджапIэхэм щIагъэтIысхьэнухэр къызэрыхахыр*

Урысейм и ФСИН-м и еджапIэхэм IэщIагъэ щызэзыгъэгъуэтынухэр щыщIагъэтIысхьэр ахэр я IэщIагъэм зэрыхуэщIар къапщыта нэужьщ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм хеубыдэ психологие къэпщытэныгъэр, дэтхэнэми и узыншагъэр зыхуэдэр зэхэгъэкIыныр, и физическэ зэфIэкIхэр къэпщытэныр.

Медицинэ къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ яубзыху дэтхэнэри уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм къулыкъу щрихьэкIын, апхуэдэу Урысейм и ФСИН-м и еджапIэм щIэныгъэ щызригъэгъуэтын папщIэ зэрыхуэщIар. Очнэу еджэну щIэтIысхьа дэтхэнэ зыми и физическэ зэфIэкIхэр къапщытэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм хуеджэным, абы къулыкъу щрихьэкIыным къарукIэ зэрыхуэщIар яубзыхун папщIэ.

Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм «Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я физическэ зэфIэкIыр къезэгъыу гъэхьэзырынымкIэ хабзэхэр къэщтэным и IуэхукIэ» 2001 гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м къыдигъэкIа унафэ №301-м къызэригъэувым тету очнэу еджэну псоми ябгъэдэлъ физическэ зэфIэкIыр къапщытэ.

Урысейм и ФСИН-м и еджапIэхэм щIагъэтIысхьэну къыхахахэм уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм къулыкъу зэрыщащIэнум теухуауэ контракт иращIылIэ икIи абы ипкъ иткIэ кандидатыр уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и органхэм хагъэхьэ. Контрактым къыщагъэлъагъуэ дэтхэнэми еджэн щиухам щегъэжьауэ илъэситху нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ Урысейм и ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къулыкъу зэрыщищIэнур, апхуэдэу контрактым къару щигъуэтыр (ирагъэджэну къыхахар еджапIэм щыщIэтIысхьа махуэм щегъэжьауэ).

*Урысейм и ФСИН-м и еджапIэхэм ущIэтIысхьэну щIэнэхъыфIыр:*

1. Еджэн яухыу къэзыгъэзэжа IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр зрагъэгъуэта IэщIагъэхэмкIэ фIэкIыпIэ имыIэу лэжьапIэ щагъэув Урысейм и ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и подразделенэхэм.

2. Урысейм и ФСИН-м и еджапIэхэр къэзыуха щIалэхэр уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм хиубыдэ IуэхущIапIэхэм къулыкъу щащIэху дзэм яшэркъым.

3. Ведомствэм и еджапIэхэм щIэс курсантхэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ дэIэпыкъуныгъи ягъуэт. Абыхэм уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я хуитыныгъэ, къалэн псори яIэщ.

ИщхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа еджапIэхэм щIэтIысхьэну хуей псори 2014 гъэм и мэлыжьыхь мазэр къэсыху 8(8662) 77-93-74 телефонымкIэ псэлъэн хуейщ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм. Апхуэдэу ахэр езыхэр я щхьэкIэ екIуалIэ хъунущ Тезырхэр егъэпшынынымкIэ Урысейм и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кадрхэмкIэ и къудамэм (Налшык къалэ, генерал Абыдэ А. С. и уэрам, унэ №2 а).

● КъБР-м и прокуратурэм

# ИлъэситIым нэблагъэ къехь

УФ-м и цIыхум хуэгъэзауэ уголовнэ Iуэху кърагъэIэтын папщIэ, Урысейм и ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Гъунапкъэхъумэ управленэм къищта унафэр хабзэм къезэгъыу икIи шэч зыхэмылъыжу республикэм и прокуратурэм къилъытащ. Ар ягъэкъуаншэ Урысей Федерацэм и УК-м и 322-нэ статьям и япэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ илэжьауэ (УФ-м и Къэрал гъунапкъэр хуимыту зэрызэпиупщIам къыхэкIыу). Следствэм къызэрихутамкIэ, и цIыхугъэм теплъэкIэ зэрещхьыр къигъэсэбэпри, абы и граждан хамэ къэрал паспортымкIэ (зейм имыщIэу) «Налшык - кхъухьлъэтапIэ» зэблэкIыпIэ пунктым деж УФ-м и Къэрал гъунапкъэр хуимыту щызэпиупщIащ.

Уголовнэ Iуэхур КъБР-м щыIэ Гъунапкъэхъумэ управленэм зэхегъэкI.

Илэжьа щIэпхъаджагъэм папщIэ ягъэкъуаншэм тутнакъыу илъэситIым нэблагъэ къехь.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ гуауэ ящыхъуащ КъБР-м и Парламентым и етIуанэ хэхыгъуэм РеспубликэмкIэ и Советым и депутату щыта, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт **Шалатов Анатолий Григорий и къуэр** зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.


Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**





**Езыгъэтхахэр**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).**

**КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр**

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5.**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.**

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10.**

**Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.**

**«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.**
**КъБР, Налшык къалэ,**
**Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.**

***Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:*** **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Мырзэкъан ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.)*. ***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ*** **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №525**

Къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм юстицэмкIэ и министр, профессор, ЩIДАА-м и академик

# Къалмыкъ Юрэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№53 (22.711) • 2014 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 20, махуэку • И уасэр соми 3-щ

80




Калмыкъ Юрэ теухуа тхылъ 2011 гъэм Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм къыдагъэкIащ.

## Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ тхьэмадэ

♦**1934 гъэм щIышылэм и 1-м** - Кавказ Ищхъэрэ крайм хыхьэ Шэрджэс автоном областым (иджы Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм) щыщ Абазакт къуажэм къыщалъхуащ.

♦**1942 - 1944 гъэхэм** - Абазакт къуажэм дэт школым и еджакIуэщ.

♦**1945 - 1949 гъэхэм** - Черкесск дэт курыт школ №9-м, иужькIэ №2-м щеджащ.

♦**1949-1952 гъэхэм** - Черкесск дэт медучилищэм и студентщ. «Фельдшер» IэщIагъэр иIэу къиухащ.

♦**1952 - 1954 гъэхэм** - Калининым и цIэр зезыхьэ Ленинград юридическэ институтым и студентщ.

♦**1954 - 1957 гъэхэм** - Ждановым и цIэр зезыхьэ Ленинград къэрал университетым и юридическэ факультетым и студентщ.

♦**1957 гъэм и мэкъуауэгъуэм** - Ждановым и цIэр зезыхьэ Ленинград къэрал университетыр къиухащ, «юрист» квалификацэр, «правоведение» IэщIагъэр иIэу.

♦**1957 - 1959 гъэхэм** - Ставрополь крайм хыхьэ Къэрэшей-Шэрджэс автоном областым и Хьэбэз районым и цIыхубэ судыщIэщ.

♦**1959 - 1962 гъэхэм** - Курский и цIэр зезыхьэ Саратов юридическэ институтым и аспирантщ.

♦**1962 - 1989 гъэхэм** - Курский и цIэр зезыхьэ Саратов юридическэ институтым граждан хуитыныгъэмкIэ и кафедрэм и ассистентщ, егъэджакIуэ нэхъыжьщ, доцентщ, иужькIэ абы и унафэщIщ, и профессорщ.

♦**1963 гъэм и дыгъэгъазэм** - кандидат диссертацэр щыпхигъэкIащ Харьков юридическэ институтым икIи «юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат» цIэр къыфIащащ.

♦**1970 гъэм** - «Псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщIэ» медалыр къратащ.

♦**1970 гъэм и жэпуэгъуэм** - доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ Харьков юридическэ институтым икIи «юридическэ щIэныгъэхэм я доктор» цIэр къыфIащащ.

♦**1986 гъэм и мэлыжьыхьым** - «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр къратащ.

♦**1989 - 1992 гъэхэм** - СССР-м и цIыхубэ депутатщ.

♦**1991 - 1993 гъэхэм** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ.

♦**1992 - 1993 гъэхэм** - Уней хуитыныгъэмкIэ къэхутэныгъэ центрым и советым и унафэщIым и къуэдзэщ.

♦**1992 гъэм** - Къэбэрдей лъэпкъым и конгрессым и унафэщIщ.

♦**1993 гъэм и шыщхьэуIум - 1994 гъэм и дыгъэгъазэм** - Урысей Федерацэм юстицэмкIэ и министрщ.

♦**1994 гъэм дыгъэгъазэм къыщыщIэдзауэ** - Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатщ.

♦**1994 гъэм** - «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

♦**1995 гъэм и накъыгъэм къыщыщIэдзауэ** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ.

♦**1995 гъэм и дыгъэгъазэм къыщыщIэдзауэ** - Уней хуитыныгъэмкIэ Урысей еджапIэ нэхъыщхьэм и ректорщ.

♦**1997 гъэм щIышылэм и 16-м** - Минводы къалэм дунейм щехыжащ.



# ЛIыгъэ щIапIэ лIы икIуадэркъым

**Сэ сыкъыщалъхуа ПсэукIэ Дахэ къуажэмрэ Къалмыкъ Юрэ дунейм къыщытехьа Абазакт жылэмрэ Инжыджыпсым и сэмэгурабгъу Iуфэм Iусщ, километриплI нэхърэ нэхъыбэ я мызэхуакуу. Инжыдж, щхъуантIафэ-удзыфафэ зыщIэлъадэ псыежэх жьгъырур, ди сабиигъуэм и гущапIэщ, ди япэ къызэIухыныгъэхэм я щыхьэт гуапэщ. А псым и Iуфэрщ Юрэрэ сэрэ япэ дыдэу, иджыри дыщIалэ цIыкIуу, дыщызэхуэзар. А зэIущIэр щIэдзапIэ хуэхъуащ иужькIэ дяку къыдэхъуа зэныбжьэгъугъэ быдэм.**

ЮРЭРЭ сэрэ ди сабиигъуэм Iуэхугъуэ куэд зэщхьу хэлъащ. Ди ныбжьэгъухэм я нэхъыбапIэм я адэхэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдауэ щытащ. Дэ тIум ди адэхэр (ар насыпышхуэтэкъэ!) къытщхьэщыту дыкъэхъуащ. Юрэ и адэ Хьэмзэт Хьэбэз дэт еджапIэм и унафэщIу лэжьащ зауэм ипэ лъэхъэнэм, сэ си адэ Хьэжымырзэ ПсэукIэ Дахэ дэт къуажэ школым егъэджакIуэу щыIащ. Зауэр къэхъея нэужь, Хьэмзэт фронтым Iухьащ икIи лIыгъэ хэлъу бийм пэщIэтащ. Ар щалъхуа щIыпIэм 1944 гъэм къагъэкIуэжащ, абы мамыр гъащIэр щызэтезыухуэжхэм гъусэ хуащIыну. Куэд дэмыкIыу Хьэмзэт ягъэуващ депутатхэм я Черкесск областной советым и тхьэмадэм и къуэдзэу. А зэманым ар къулыкъу лъагэ дыдэт.

Юрэ зыцIыхуу щыта псори щыхьэт техъуэнщ: ар зэи ирипэгакъым икIи зригъэщIэгъуакъым и адэм иIыгъ апхуэдэ къулыкъу лъагэм, уеблэмэ адрей щIалэ цIыкIухэм къащхьэщыкIыу нэхъ зэпIэзэрыту, шыIэныгъэрэ бэшэчагърэ хэлъу щытащ. Шэч хэлъкъым, а хьэлщэныфIхэр абы къыхилъхьащ и адэм, абы и щапхъэ дахэр гъащIэ гъуазэ хуэхъуурэ.

Къалмыкъхэ я унагъуэр Черкесск къэIэпхъуа нэужь, дэ дыщызэхуэзэрт щIыналъэпсо комсомол зэхыхьэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм. Абы иужькIэ дэ зэи зэпэIэщIэ дыхъуакъым, дэнэ дыщымыIэми, ди Iуэхурэ гупсысэрэ зэрыщIэу дыпсэуащ. Гугъущ утепсэлъыхьыну цIыхухъухэм яку къыдэхъуэ ныбжьэгъугъэ быдэм лъабжьэ хуэхъум. Ар плъэкIэ е гуфIэкIэ гуапэу пIэрэ къызыхэкIыр, е сэлам щызэрахкIэ я Iэхэр зэрызэрыкъузра абы щIэдзапIэ хуэхъур? Сыту щытми, цIыхухъу ныбжьэгъугъэр - ар лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ къару лъэщщ, къуэш пэлъытэ зэхущытыкIэ итхьэщIыкIащ. Апхуэдэ гурыщIэ къабзэт дэ ди зэхуаку дэлъар илъэс куэдкIэ.

Фельдшерхэр щагъэхьэзыру Черкесск дэта еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиухами, ар зыщIэхъуэпсыр дохутыр IэщIагъэтэкъым, атIэ юрист хъуну арат. И адэм таучэл къыдимыщIыщэми, игу ирихь IэщIагъэм хуеджэн мурадкIэ Юрэ Ленинград кIуащ икIи абы и университетым и юридическэ факультетым щIэтIысхьащ. А зэманым сэри сристудентт Азово-Черноморскэ мэкъумэш институтым. Дэ нэхъыбэрэ дызэхуэзэну Iэмал щыдгъуэтар ди еджэнхэр зэфIэдгъэкIа нэужьщ. Сэ Хьэбэз районым щыIэ «Черкесский» совхозым инженер нэхъыщхьэу лэжьэн щыщIэздзащ, Юри а район дыдэм цIыхубэ судыщIэу щыхахат.

Пэжымрэ захуагъэмрэ я телъхьэу, абыхэм Iуэхур нэсанэужь къикIуэт зымыщIэу щыта Къалмыкъым и лэжьыгъэ Iуэхухэр екIакIуэу хуежьащ куэд дэмыкIыу. ЩIыпIэ унафэщIхэм ящыщ гуэрхэм ягу ирихьыртэкъым хабзэм темыкIыу зи къалэнхэр езыхьэкI IэщIагъэлI IэкIуэлъакIуэр. ЩIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ къызыкъуэкI юрист щIалэщIэм куэд ефыгъуэрт. Апхуэдэ зэхущытыкIэм кърикIуауэ щыташ «Къалмыкъ Юрэ ехьэлIа Iуэху щхьэхуэм» КПСС-м и Хьэбэз райкомым и бюром щыхэплъэн хуейуэ. Абы сэри срихьэлIат. «ПцIыр Iуданэ хужькIэ дытащ», жыхуаIэм хуэдэт Юрэ зэрагъэкъуаншэ Iуэху псори. Зэхуэсым сыкъыщыпсэлъащ, арщхьэкIэ абы щытепщэ гупсысэм зезмыгъэхъуэжыфауэ, абы сризэгуэпу сыщыст. Абдежым къыщыпсэлъащ «Путь Ильича» колхоз пэрытым илъэс куэд лъандэрэ и унафэщIу лажьэ Аргун Iэбубэчыр. Абы хузэфIэкIащ Къалмыкъым и Iуэхум нэхъ щабэу хигъэплъэн, ар партым къыхримыгъэдзын. АрщхьэкIэ абдежым щиухакъым Къалмыкъым и гугъуехьхэр: абы къыхуэдзэлашхэрт щIыпIэм щыIэ парт, совет унафэщIхэр, тэмэму лэжьэну Iэмал кърамыту. Апхуэдэу щыхъум, абы IэщIыб ищIын хуей хъуащ щалъхуа къуажэри фIыуэ илъагъу и адыгэ щIыналъэри.

КъыкIэлъыкIуэ илъэс 30-р, и гъащIэм щыщу нэхъыбэ дыдэ щыхузэфIэкIахэм ящыщыр, Къалмыкъым щигъэкIуащ Саратов къалэм. Шэч хэлъкъым, а зэманыр абы пщIэншэу игъэкIуэдакъым. Езыми зэритхыжащи, аспирантым деж щыщIидзэри щIэныгъэм и дэкIуеипIэ псоми тетащ, кафедрэм и унафэщI къалэным нэсыху. ИтIани жызоIэ: Юрэ псом нэхърэ нэхъыбэу зыщIэхъуэпсар и къаруи и щIэныгъи щалъхуа и адыгэ щIыналъэм и зэIузэпэщыгъэм, зыужьыныгъэм, ехъулIэныгъэм ирихьэлIэнырт. Апхуэдэ Iэмал абы иIатэмэ, щIыналъэ тхыдэм лъэужь дахэ къыщызыгъэна хэкупсэхэм ар ящыщынут, абы къэралыгъуэр зэфIэувэным хуищIыну хэлъхьэныгъэмкIэ. А гъуэгум Къалмыкъыр трагъэкIащ властыр, яхуэмыфащэ къулыкъухэр зыIэрагъэхьэным щIэбэн цIыху жыгъейхэм. Тхьэшхуэм къаримыта псори къыдэпсэу, къыдэлажьэ цIыхум къытрахыжын хуейуэ къащохъу апхуэдэхэм. Ар зрахъулIа нэужь, «зэдыгъуар» лъэныкъуэ зэрырагъэзыным хущIокъу.

Апхуэдэхэм зэкъым-тIэукъым гъащIэм зэрыщыхуэзар Къалмыкъыр. Дапщэщи ар Iуэхум къыхэкIыфащ, пщIэрэ щхьэрэ иIэу, и адыгэ напэм емыпцIыжу.

ЩIэныгъэ IэнатIэм щыпэрыта илъэсхэми Юрэрэ сэрэ щIэхщIэхыурэ дызэIущIэрт. Сэри абы щыгъуэ илъэс бжыгъэ хъуауэ Москва сыдэст, Промышленнэ академием срыректору, щыхьэрым щызекIуэ хабзэхэми гъащIэми фIыуэ сащыгъуазэт. Бгъэдэлъ щIэныгъэм академическэ лыдыкIэ зэриIэм гу лъыстэрт Юрэ сыхуэзэхукIэ. Зи гупсысэхэр нэху икIи шэщIа, ирихьэкI къалэнхэр дагъуэншэу зэфIэзых профессор IэкIуэлъакIуэм дэплъагъурт ар и IэщIагъэмкIэ къэралым щынэхъыфI дыдэ юристхэм ящыщ зэрыхъуар. Абы къыхэкIыу сымыгъэщIэгъуэн слъэкIакъым лIэщIыгъуэ блэкIам и 80 - 90 гъэхэм Къалмыкъыр политикэм зэрыхыхьар.

А лъэхъэнэм Къалмыкъыр гурэ псэкIэ хущIэкъурт Урысей къэралыгъуэ лъэщ, хабзэмрэ хуитыныгъэмрэ зи лъабжьэ, ухуэным. А унэтIыныгъэмкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ дэтхэнэ еджагъэшхуэри техьэнут а гъуэгум, и зэфIэкIхэр къэралым къыхуэщхьэпэн Iуэхум ирихьэлIэн папщIэ. Къалмыкъри аращ. Политикэм щыхыхьагъащIэм и Iуэхухэр мыIейуэрэ екIуэкI хуэдэт абы. Ар занщIэу хахат СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм Хабзэмрэ хуитыныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу, куэд дэмыкIыу а комитетым и пашэ хъуащ. ТелевиденэмкIэ къатырт Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсхэри, дэри тлъагъурт ди адыгэ щIалэр жыджэру къэрал Iуэхум зэрыхэлэжьыхьыр, зэхэтхырт абы и къэпсэлъэныгъэ купщIафIэхэр, ди нэгу щIэкIырт СССР-м и Президент Горбачёв Михаил щIэх-щIэхыурэ абы зэречэнджэщыр.

Ди зэхуэзэхэри нэхъ кIащхъэ хъуат а зэманым. Апхуэдэхэм деж зэрыхъущи, лъагапIэ иным дэкIуея Юрэ къэзыувыхьахэм яхэтт ныбжьэгъу пэж къыхуэхъуну Тхьэ щызыIуэж куэд, ауэ щыхъукIи я щхьэ Iуэху дагъэкIыным хуэнэхъуеиншэ фIэкIа, нэгъуэщIкIэ уащIыщыгугъын щымыIэу. Къалмыкъыр зэрыхущIэмыхьэр сщIэрти, сэри тезгъэчыныхьыфыртэкъым дызэхуэзэну. ИужькIэ сэ сыхущIегъуэжащ апхуэдэу зэрысщIам: хэт ищIэрэ, ар зыхэт зэрыхьэзэрийм щIэх-щIэхыурэ къыхэсчурэ зезгъэгъэпсэхуамэ, и узыншагъэр нэхъ хъума хъунри хэлът...

Совет Союзыр зэпкърылъэлъыжа нэужь, Юрэ щытыкIэ гугъум ихуащ: лэжьапIи псэупIи имыIэу, куэдкIэ къэзыгъэгугъэу щыта и ныбжьэгъу «пэжхэри» щIымыгъужу. Сэ сщIэрт ар властыщIэм зыкIи зэремылъэIунури, дэIэпыкъуэгъу сыхуэхъури и Iуэхухэр хуэмурэ зэтеувэжащ. А илъэсхэм дэ унагъуэкIи зэпыщIауэ дыщытащ. Юрэ псэкIэ гъунэгъу яхуэхъуащ си къуэхэм. Абы щапхъэ трахыну ахэр зэрыхущIэкъум сэ хуабжьу сригуфIэрт.

Къалмыкъым бгъэдэлъ зэфIэкIышхуэхэм, щIэныгъэ куум, жылагъуэм щиIэ пщIэшхуэм щыгъуазэт къэрал унафэщIхэр. Абы къыхэкIыу ар 1993 гъэм и шыщхьэуIум ягъэуващ щытащ УФ-м юстицэмкIэ и министру. Пэжыр жытIэнщи, Юрэ зэи къулыкъущIэкъуу щытакъым. Абы зэрыжиIэмкIэ, «ар (властыр) акъылышхуэ зыбгъэдэмылъ икIи щхьэхуещэ бзылъхугъэхэм ещхьщ, псалъэ IэфI куэдрэ гугъапIэ лъабжьэншэхэмрэ фIэфIщ».

Илъэсрэ мази 8-кIэ Къалмыкъыр щылэжьащ ЮстицэмкIэ министерствэм. Ар и къулыкъум къызэрытекIа щIыкIэмрэ абы и щхьэусыгъуэхэмрэ псоми ящIэ, арщхьэкIэ куэд щыгъуазэкъым Шэшэным щекIуэкI зауэр, Абхъазым къыщыхъуауэ щыта зэрыхьзэрийми хуэдэу, Юрэ гурэ псэкIэ зыхищIэу, ар и щхьэм къытепсыха насыпыншагъэ иным хуэдэу игъэву зэрыщытар. Абы хуабжьу къехьэлIэкIырт и нэгу щIэкI псори: Iейр фIым зэрытекIуэр, зы къэрал зэдис цIыхухэр гущIэгъуэншэу зэрызэрыукIыжыр. ЛIыгъэ зыхэлъ цIыху акъылыфIэм и дежкIэ сыт нэхъ хьэлъэу щыIэ, бзаджэнаджагъэрэ щIэпхъаджагъэу плъагъур къызэрыпхуэмыгъэувыIэн къару уимыIэн нэхърэ? Апхуэдэут Къалмыкъым зэрызыхищIэр фIыуэ илъагъу Кавказ щIыналъэм щекIуэкI гуих-псэих зауэр.

А зэманым тепсэлъыхьыжу, Юрэ игу къигъэкIыжырт: «ШынагъуэншагъэмкIэ Советыр абы щытепсэлъыхьар щэкIуэгъуэм и 30-рт. Сэ псалъэ къызата нэужь жысIащ зауэр яублэнымкIэ сызэрымыарэзыр. Шэшэным щыIэ Iуэху псори тхьэмахуитI-щым кърикубыдэу тэрэз зыщIыну Тхьэ щызыIуэж Грачёв зыри хищIыкIыртэкъым шэшэнхэм я тхыдэ блэкIами абыхэм я лъэпкъ хьэлми. Сэ сукъуэдияр нэгъуэщI хэкIыпIэт: лъыгъажэ хэмыту зэпсэлъэн, зэгурыIуэн, щытыкIэм мамыр IэмалхэмкIэ хэкIыпIэ къыхуэгъуэтынырт. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Iуэхур ипэ махуэм ябзщ, ядри ягъэтIылъыжат. Ар къыщызгурыIуэм, а махуэ дыдэм сэ Президентым деж лъэIу тхылъ езгъэхьащ, си къулыкъур сщхьэщахыну, абы и щхьэусыгъуэри иту».

1994 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м УФ-м и Президент Ельцин Борис Iэ тридзащ УФ-м юстицэмкIэ и министр Къалмыкъ Юрэ и къулыкъум зэрытекIымкIэ унафэм. Ар къыфIэIуэхутэкъым иджы Юрэ. Унафэр къыщащтэм, ар Шэшэным кIуакIэт, абы и пашэ Дудаев Джохар хуэзэри епсэлъат, лъыгъажэр къимыгъэхъун мурадкIэ, арщхьэкIэ а зауэр къыпхуэгъэувыIэжынутэкъым, шэ икIам къызэрыпхуемыгъэгъэзэжынум хуэдэу.

Къэралым щекIуэкI лъэпкъ политикэм хуабжьу хуэнабдзэгубдзаплъэт Къалмыкъыр. Абы уеджэ хъунут дуней псом зэдай щIэныгъэлIу, политик щэджащэу. АрщхьэкIэ ар дапщэщи адыгэу, адыгэ лъэпкъым и Iыхьэу щытащ. АдыгагъэкIэ дызэджэ лъэпкъ философиер къанэ щымыIэу дэплъагъурт абы. Абы и лъабжьэт хуитыныгъэр, пщIэр, нэмысыр. Псалъэ дыгъэлхэмкIэ мыерыщми, абы къыжьэдэкI дэтхэнэ псалъэухари, и гупсысэри, и дуней тетыкIэри - псори зыхуэгъэпсар лъэпкъ зыужьыныгъэрт, демократие щытепщэ жылагъуэ, къэрал ухуэнырт. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэхэр зиIэ Къалмыкъырт зыхуэфащэр адыгэу ЩIы хъурейм тесым я япэ лъэпкъпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм - и япэ тхьэмадэу щытыныр.

Хэкупсэ нэсу щыт Къалмыкъ Юрэ хуэдэхэм я фIыгъэкIэт дэ, дуней псом щызэбгрыдза адыгэхэр, зы дызэрыхъужыфынур. Абы щыхьэт техъуащ ДАХ-м и къыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэр икIи Юрэ етIуанэуи, ещанэуи хахыжауэ щыташ а лъэпкъпсо зэгухьэныгъэм и пашэу. Ар еш имыIэу елэжьащ ДАХ-м и Уставым, лъэпкъпсо зыужьыныгъэм хуэгъэпса япэ программэм. 1996 гъэм Къалмыкъым зэхигъэуващ щыташ ДАХ-р зэрылэжьэну программэр. Ар къытхуэнащ абы и щIэин лъапIэу, Iуэхугъуэщ Iэхэм дыхуэзыгъэуш, гупсысэ дахэхэм дыхуэзыущий дэфтэру.

Ди нэхъыжьхэм жаIэрейщ: «ЛIа псори дэ тхэкIыжыркъым». Ар пэжщ. Дунейм темытыжми, Къалмыкъ Юрэ дэ къытхэтщ, ди Iуэхухэмрэ гупсысэхэмрэ иубзыхуу.

**АКЪБАЩ Борис,**
*экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*
*2000 гъэ*



Хьэбэз къуажэм дэт Iэдииху и чэщанэм деж. *1962 гъэ*



Москва и Ут Плъыжьым. И щхьэгъусэ Октябринэрэ и пхъумрэ и гъусэу. *1970 гъэ*

# ГъащIэми щIэныгъэми щылIыхъусэ

**Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр гъащIэм сызыщрихьэлIахэм ящыщу пщIэшхуэ зыхуэсщIхэм яхызолъытэ. Илъэс 40 нэхърэ нэхъыбэ дэкIащ дэ дызэрызэрыцIыху лъандэрэ, къэзгъэщIам и зэхуэдитIым щIигъукIи ар ныбжьэгъу пэжу сиIащ.**

ЮРЭ куэдым яцIыху щIэныгъэлI Iэзэу, егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэу, къэрал, политикэ лэжьакIуэ ахъырзэману. Сыт хуэдэ IэнатIэ дзыхь къыхуамыщIами, ар абы ирихьэкIащ тэрэзу, зыхэтым пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу - ахэр студент е профессор гуп ирехъу, къэрал къулыкъущIэу е цIыху къызэрыгуэкIыу щрет. Къалмыкъым хуэдэу «цIыху минхэр, мелуанхэр къыхуэарэзыщ» зыхужыпIэн куэд щыIэу сэ сщIэркъым.

IэнатIэ куэдым сыщыдэлэжьащ сэ Юрэ икIи ар лъэныкъуэ псомкIи къэсцIыхуну Iэмал згъуэтащ. Куэдрэ къэхъуркъым зэчий лъагэмрэ зэхэщIыкI куумрэ, гуащIэдэкI хьэлэлымрэ къару мыкIуэщIымрэ, щыпкъагъэмрэ лIыгъэмрэ зэгъусэу зы цIыхум хэлъу ущрихьэлIэ. А хьэл-щэн псори хэлът Къалмыкъым, къыдэлажьэхэм, зрихьэлIэхэм дапщэщи щапхъэ яхуэхъуу.

Илъэс бжыгъэ куэдым къриубыдэу сэ мызэ-мытIэу лэжьыгъэ IуэхукIэ сыщыIащ Къалмыкъыр щылэжьа Саратов юридическэ институтым, ар зи пашэ кафедрэм Iуэху зехьэкIэхэмкIэ дыщызэдэгуашэу. А лъэхъэнэм сэри срипашэт Къэзахъ къэрал университетым иIэ апхуэдэ дыдэ кафедрэм. Дэ дызэрыщIэрт ди лэжьыгъэкIэ, зэгъусэу дыхэтт щIэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, щIэныгъэ советхэм драгъэблагъэрт, тхылъыщIэхэм, къэхутэныгъэщIэхэм датепсэлъыхьу, ахэр зэпкърытхыу. Къалмыкъыр здэщыIэ апхуэдэ зэхуэсхэм нэхъыбэIуэрэ срихьэлIэным дапщэщи сыхущIэкъурт, сыту жыпIэмэ акъыл нэху, гупсысэ шэщIа зиIэ а цIыху телъыджэм сыдэуэршэрыну, Iуэхугъуэ гуэрхэм зэреплъыр зэзгъэщIэну сфIэфIти. Дапщэрэ ухуэмыкIуэми, абы и бгырыс хьэщIэ егъэблэгъэкIэр япэ итт, ари гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI гуапагъэу зэрыщытыр зыхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу.

Зэгуэрым абы и библиотекэм щыслъэгъуат тхылъыфI гуэр, гъуэтыгъуейрэ цIэрыIуэу, икIи сымыгъэщIэгъуэн слъэкIакъым апхуэдэ къыдэкIыгъуэ хьэлэмэтыр зэрызыIэригъэхьэфар. И унэ сыкъыщIишыжри, абы сригъэтIысхьэжащ Алма-Ата кIуэж мафIэгум. Гъуэгум сыздытетым, си портфелыр къызэIузохри - а тхылъыр абы дэлъщ. Ар хьэщIагъэ лъагэм и нэщэнэу икIи хьэщIэм и дежкIэ дерс щхьэпэу къызолъытэ. Апхуэдэ гуапагъэр гум куэдрэ илъщ. Ди зэхуэзэхэр гъэнщIат псалъэмакъ купщIафIэхэмкIэ, зэдауэ хьэлэмэтхэмкIэ, Iуэху еплъыкIэ зэтемыхуэхэмкIэ, атIэми ахэр дапщэщи «ягъэIэфIырт» Юрэ и гушыIэкIэ щабэм, апхуэдизу ар псалъэм хуэIэзэт, бзэм хуэшэрыуэти. Къэхъурт ди зэIущIэхэм пэщIэдзэ щызыгъуэта Iуэху еплъыкIэхэр абы и къэхутэныгъэхэм, иужькIэ щIэныгъэ статьяхэм, докладхэм, тхылъ щхьэхуэхэм лъабжьэ щахуэхъуж.

Лъэпкъ щIэныгъэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа IэщIагъэлI пажэхэм ящыщщ Къалмыкъ Юрэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щыщыIаи, жылагъуэ Iуэхухэр щызэфIихаи, къэрал, политикэ къулыкъу лъагэхэм щыпэрытаи - абы зэи IэщIыб ищIакъым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Къалмыкъым и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэр хабзэмрэ хуитыныгъэмрэ ятеухуауэ щыIэ тхылъхэм я нэхъыфIхэщ, ахэр хэлъщ лъэпкъ щIэныгъэм и фондым. Сэ абыхэм сыт щыгъуи щыгъуазэ захуэсщIырт гупсэхуу, рецензэ зыхуэстххэри мымащIэу.

ЗэхъуэкIыныгъэм и лъэхъэнэм Къалмыкъыр кууэ хэтащ «борэнымрэ гъуэжькуиймрэ» я курыкупсэм. Къэрал экономикэм хуиту зезыгъэужьын хабзэхэр зэхэлъхьэным елэжьа хэкупсэхэм ящыщащ Юрэ, уеблэмэ а лъэхъэнэм къащта хабзэхэм куэд яхэтакъым абы и нэIэм щIэмыта, и къэпщытэныгъэхэм кIуэцIрымыкIа. Абы щыгъуэ сэри сахэтт хабзэхэм елэжь комиссэхэм. Дэ дыщылажьэрт Москва и Iэшэлъашэхэм щыIэ санаторэ гуэрым и унэм. СощIэж: хабзэубзыху комиссэм и унафэщIт Къалмыкъри, махуэ псом Совет Нэхъыщхьэм щыIамэ, пщыхьэщхьэм дэ къытхыхьэжырти, и гуи и пси етауэ, дэтхэнэ хьэрфри псалъэри щIипщытыкIыу, зэригъэзахуэу къыддэлажьэрт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дгъэхьэзырауэ щытащ Урысей Федерацэр, СНГ-м хэт къэралхэр ноби зэрыпсэу хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщ куэд. Хабзэхэр лъэхъэнэм хуэфащэу убзыхужыным псэуху елэжьащ ди ныбжьэгъу пэжыр.

Юрэ ящыщт зи къэралыр, щалъхуа и щIыналъэ цIыкIур фIыуэ зылъагъухэм. Ар сыт щыгъуи ирипагэрт икIи иригушхуэрт къызыхэкIа адыгэ лъэпкъ уардэм, арщхьэкIэ цIыхум пщIэ щIыхуищIыр е ныбжьэгъу къызэрыхихыр зыкIи епхатэкъым ар зыщыщ лъэпкъым. Нэхъ зэныбжьэгъухэр цIыху 11 дыхъурти, лъэпкъи 7-м дащыщт, шхэпсу къытхэтри Къалмыкъырт. ДыкъызыхэкIа лIакъуэмрэ дыкъыщалъхуа щIыпIэмрэ емылъытауэ, псори дызэдэлэжьащ дызэгурыIуэу, ди къэралыр ефIэкIуэным, лъэ быдэкIэ увыжыным дэтхэнэми ди къарурэ зэфIэкIрэ етхьэлIэу.

Сыт хуэдиз лIыгъэрэ зэпIэзэрытыныгъэрэ хэлъа Къалмыкъым?! МыхъумыщIагъэмрэ лей зехьэнымрэ я бийуэ псэуащ ар. Абы и щапхъэхэр гъунэжщ. 1980 гъэм СССР-м икIыным ирахулIат ди ныбжьэгъуфI, юрист-цивилист куэдым ди егъэджакIуэ икIи унэтIакIуэ Иоффе Олимпиад (иужьрей зэманым ар щытащ США-м и университет цIэрыIуэхэм ящыщ зым и профессору). Хэкум икIа нэужь, ныбжьэгъу «пэжу» иIахэм ящыщ куэдым абы я щIыб хуагъэзат, властым и губгъэн къахьыным щышынэри. Ныбжьэгъугъэм епцIыж зи мыхабзэ Юрэ зыми зыдигъэшакъым, Олимпиад хуиIа щытыкIэми зы мэскъал кIэригъэхуакъым, уеблэмэ абы пыщIэныгъэ зэрыхуиIэр зэи ибзыщIакъым. Апхуэдэ лIыгъэхэм ящыщтэкъэ абы 1994 гъэм и щэкIуэгъуэм ича лъэбакъуэри.

ЖыпIэнурамэ, щIэныгъэми гъащIэми щылIыхъусэт Къалмыкъ Юрэ. Апхуэдэхэм я лъэужьыр щIэх хэгъуэщэжыркъым. И IэдакъэщIэкI лэжьыгъэхэмкIэ, гупсысэхэмкIэ Юрэ ноби къытхэтщ псэухэм, гъуазэ къытхуэхъуу.

**БАСИН Юрий,**
*профессор. 1998 гъэ*


США-м щекIуэкI дунейпсо конференцым хэтщ. *Атлантэ,1993 гъэ*

# Псынэпсу псэ къабзэ икIи нэху

**Сэри си унагъуэм исхэми Тхьэшхуэр къытхуэупсауэ къыдолъытэ Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэм гъащIэ гъуэгум дызэрыщыIущIамкIэ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 80 - 90 гъэхэм, къэралым и иджырей тхыдэм щыщу нэхъ гугъуу икIи зэхэзэрыхьауэ ялъытэм, дэ унагъуитIыр Москва дыщызэрихьэлIауэ щытащ. НыбжьэгъуфI схуэхъуа Юрэ и хьэл-щэнымкIэ сэ къэсцIыхуащ ар къызыхэкIа бгырыс лъэпкъ уардэм кIуэцIылъ гушхуэри, бгъэдэлъ лъэкIыныгъэри, хэлъ лIыгъэри.**

КЪАЛМЫКЪ Юрэ щIэныгъэлI Iэзэу зэрыщытым и хъыбар куэд нэхъапэIуэкIи зэхэсхат. Ленинград къэрал университетым и юридическэ къудамэм и гъэсэн нэхъыфI дыдэхэм ящыщ Юрэ и къалэмыпэм къыпыкI щIэныгъэ лэжьыгъэхэр адрейхэм къащхьэщыкIырт япкърылъ гупсысэхэм я кууагъкIэ, къыщиIэт Iуэхугъуэхэм жылагъуэм щаIэ мыхьэнэшхуэмкIэ. Абыхэм щыгъуазэ защыхуэпщIкIэ, езы авторыр уи цIыхугъэу щымытми, зыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым ар акъыл шэщIарэ Iуэху еплъыкIэ хэхарэ зиIэ щIэныгъэлI щыпкъэу зэрыщытыр. Тхыгъэхэм хэплъагъуэрт зы хьэлэмэтагъ телъыджэ: ахэр псори зыхуэгъэпсар хабзэ убзыхуамрэ хуитыныгъэмрэ зи гъащIэр тещIыхьа цIыхум и Iуэхур адэкIи егъэфIэкIуэнырт, абы и зэхэщIыкIым, дуней еплъыкIэм нэхъри зегъэужьынырт.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухым дэ япэ дыдэу дыщызэрихьэлIащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм. Жылагъуэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ куухэм щытыкIэ гугъум ирагъэувауэ щытащ ди къэралыр. Дэ, депутатхэм, ди пщэ къыдэхуат жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ къалэн ин: Хэкум и зыужьыныгъэр лъэхъэнэм хуэфэщэн мардэм хуэзыгъакIуэ хабзэ нэхъыщхьэхэр зэхэтлъхьэн, ахэр зэман кIэщIым къриубыдэу къэтщтэн хуейт. А лэжьыгъэ ткIийм дыпэрыту сэ къызгурыIуащ зы цIыхум и хьэл-щэным щIэныгъэлI щэджащэм и зэфIэкIри, цIыхугъэ лъагэри, зэхэщIыкI куури зэуэ щызэхэуххуэнауэ зэрыщытыфынур. А псоми ящIыгъут ар къызыхэкIа лъэпкъым и щэнхабзэр, и пщIэмрэ нэмысымрэ. Апхуэдэ цIыхут Къалмыкъ Юрэ - адыгэлI нэсыр икIи цIыху гъуэзэджэр.

Сэ фIыуэ сощIэ: СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1989 - 1991 гъэхэм зэфIиха IуэхугъуэфIхэм Къалмыкъ Юрэ и гуащIэ куэд хэлъщ, икIи, язынықъуэ политиканхэм сыт хуэдэу гугъу зрамыгъэхьми, а цIыху щэджащэм и фIыщIэр а лъэхъэнэм зэи пхухэтхъыкIынукъым. Юрэ и Iэужьым дапщэщи пщIэшхуэ щиIэнущ жылагъуэм. Дзыхь лъагэ къыхуэзыщIа цIыхубэм ярита псалъэр игъэпэжащ абы, Совет Нэхъыщхьэм Хабзэхэр зыубзыху и комитетым щыхэтами, абы и унафэщIу щагъэувами.

Куэдым дощIэж 1991 гъэм и шыщхьэуIу мазэм къэралым къыщыхъуауэ щыта зэрыхьзэрийр. Абы къыкIэлъыкIуауэ щытащ Совет Союзым хыхьэ республикэхэр щIыналъэ щхьэхуэ-щхьэхуэ зэрыхъуари. А лъэхъэнэ хьэлъэм икIи къызэрымыкIуэм Урысей Федерацэм и Конституцэр - ди гъащIэм и хабзэ нэхъыщхьэр - щIэрыщIэу убзыхужыным Къалмыкъ Юрэ къарурэ зэфIэкIыу, щIэныгъэрэ лъэкIыныгъэу ирихьэлIари цIыхухэм я гум зэи ихунукъым. Абы къыкIэлъыкIуащ Юрэ и зэфIэкIыр нэхъри наIуэ къыщыхъуа IэнатIэхэри. Абыхэм я нэхъыщхьэхэм ящыщщ ар къэралыгъуэщIэм ЮстицэмкIэ и министерствэм и пашэу зэрыщытар, гъащIэм, псэукIэм я хабзэщIэхэр иукъуэдийрэ ахэр цIыхубэм яхуигъэлажьэу.

Сыт хуэдэ къалэн имыгъэзэщIами, Къалмыкъым и дежкIэ нэхъыщхьэр цIыхухэм пэжагъым тету къулыкъу яхуэщIэнырт, зэфIэкIыу бгъэдэлъыр абыхэм яхуигъэлэжьэнырт. Щалъхуа щIыпIэм къыщыщIэж бгыщхьэ псынэпсым хуэдэу къабзэт абы и псэр, и гупсысэхэр, и IуэхущIафэхэр, хэбдзын хэмылъу. А псынэпсым и зы Iубыгъуэ щIыIэм, уи къарур къызэрызыгъэгъуэтыжрэ гупсысэр зыгъэжаныжым, хуэдэт си ныбжьэгъуфIым и дэтхэнэ IуэхущIафэри.

Сэ, Хохлов Славэ, Къалмыкъ Юрэ - дэ щым ди зэхуаку дэлъа зэхущытыкIэр куэдрэ изогъэщхь фронтым зэдыIут цIыхухъухэм яку къыдэхъуэ зэныбжьэгъугъэ быдэм, пэжым. Дамэпкъ лъэщым хуэдэу щIэгъэкъуэн хъу а гурыщIэр псыхьащ хахуагъэкIэ, лIыгъэкIэ, псэемыблэжагъкIэ. Зэкъым икIи тIэукъым дэ зэныбжьэгъухэр щытыкIэ къызэрымыкIуэ дызэрихуар. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, Совет Нэхъыщхьэм и щIыхьэпIэм танкхэр щыщыгъуэгъуа 1991 гъэм и шыщхьэуIур е 1994 гъэм Шэшэным зыщыщIидза лъыгъажэ зауэр. Абы щыгъуэм дэ псалъэ быдэ ттауэ щытащ хабзэмрэ хуитыныгъэмрэ къэралым щытхъумэну, сыт хуэдэ уасэ абы щIэттын хуей мыхъуми. А зауэр зэраублэмкIэ зэрымыарэзыр къигъэлъагъуэу Къалмыкъыр и къулыкъум текIауэ щытащ. Ар куэдым яхузэфIэмыкIын лIыгъэщ.

Апхуэдэ гугъуехь куэдым гъащIэм гурэ псэкIэ щыпэщIэтащ си ныбжьэгъуфIыр. Ар цIыхуфэм дэмыхуэным хуэдизщ, цIыхугуми хуэмыхьын хьэлъэщ. Сэ сыхунэсащ си гур операцэ езгъэщIын. Слави Юри хунэсакъым...

Си ныбжьэгъухэр дунейм ехыжащ мазэ бжыгъэ фIэкIа я мызэхуакуу. Абыхэм я щымыIэжыныгъэр сэ икъукIэ къыстехьэлъати, къысфIэщIырт езы уафэ дыдэр къелъэхъшэхауэ сыщIипIытIэу... Абыхэм яхуэдэ ныбжьэгъу пэж Хэку зауэшхуэм сыкъызэрикIыжрэ сиIатэкъым. СощIэ - афIэкIа зэи сиIэнукъым. ИкIи сыхуейкъым...

Си псэм ноби къыщоблэ абыхэм къапкъырыкI нэхугъэр. Юрэ и унагъуэм щIэсхэр ныбжьэгъу пэжу къысхуэнащ: и щхьэгъусэ Октябрини, и адэм и гъуэгум ирикIуэхэу, абы и IэщIагъэр къыхэзыха ипхъухэу Мадини, Свети, Лени, я ныбжьым хуумыгъэфэщэн Iущагъ зыбгъэдэлъ и пхъурылъхухэри. Сэри си унагъуэри дапщэщи дахуэпэжынущ Юрэ и щIэблэм. Адэм, адэшхуэм и вагъуэр куэдрэ къахурыреблэ абыхэм, я гъащIэ гъуэгур нэху яхуищIу.

**АЛЕКСЕЕВ Сергей,**
*РАН-м и член-корреспондент.*
*1998 гъэ*





Саратов юридическэ институтым и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ я фэеплъ сурэт. *1976 гъэ*

# ІэщІагъэлІ щэджащэ

**Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэм и цIэр къэралым щызэлъащIысащ ехъулIэныгъэ лъагэхэр иIэу абы иригъэкIуэкIа щIэныгъэ, политикэ Iуэхугъуэхэм я фIыщIэкIэ. Жэуаплыныгъэ лъагэ зыпылъ апхуэдэ лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, абы игъэзэщIащ жылагъуэ Iуэху купщIафIэхэри, Адыгэ лъэпкъым и конгрессым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я тхьэмадэу щыту.**

ЮРЭ дэзыхьэхыу щыта щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм лъэныкъуэ куэд къызэщIаубыдэрт. Ахэр, псом япэрауэ, ехьэлIат граждан хуитыныгъэм, уней мылъкум, зэгурыIуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, хозяйственнэ зэхущытыкIэхэм япыщIа Iуэхухэм. Къалмыкъым ахэр щызэпкъриха щIэныгъэ статьяхэм, и кандидат, доктор диссертацэхэм я пщIэмрэ я мыхьэнэмрэ ноби нэхъ лъахъшэ хъуакъым. Абыхэм япкърылъ методологие къызыхуэтыншэмрэ щыкIуэцIрыша логикэ гупсысэхэмрэ, зэрыухуа щIыкIэмрэ къыщыхьа щыхьэтлыкъхэмрэ Къалмыкъым и дэтхэнэ лэжьыгъэми лъабжьэ быдэ яхуэхъу, ахэр нэгъуэщIхэм къазэрыхэщ щхьэхуэныгъэфIщ. Апхуэдэ лэжьэкIэ мардэр хэплъагъуэрт щIэныгъэлIым и япэ къэхутэныгъэхэми аспирант лэжьыгъэхэми («Граждан хуитыныгъэхэр къызэпызыуд Iуэхугъуэхэр зэрызэхэлъыр» (1962), «Граждан хуитыныгъэхэм ятеухуауэ» (1963), нэгъуэщIхэми).

ЩIэныгъэлIым и къалэмыпэм нэхъ иужьыIуэкIэ къыпыкIа статьяхэри, монографие щхьэхуэхэри екIуу, къызыхуэтыншэу убзыхуащ, япкърылъ гупсысэ куумрэ зэхущытыкIэщIэхэм я гъуэгум а лъэхъэнэм теувауэ щыта лъэпкъ экономикэм абыхэм щаIа мыхьэнэ инымрэ я гугъу умыщIыххэми. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм ящыщщ «Совет къэралыгъуэмрэ хуитыныгъэмрэ» щIэныгъэ журнал цIэрыIуэм къытрадзауэ щыта «Хозяйственнэ зэхущытыкIэхэр гъэтэмэмыным граждан хабзэхэм щаубыд увыпIэр» (1981), «Граждан хабзэхэмрэ абыхэм я зыужьыкIэмрэ» (1988).

А щIэныгъэлI щэджащэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм ящыщ зыбжанэ ятещIыхьащ унагъуэ зэхущытыкIэхэм, псэупIэхэм епха Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм. ЩIэныгъэфI бгъэдэлъти, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, иужькIэ Къэрал Думэм щыхэта лъэхъэнэм Къалмыкъ Юрэ кууэ хэлэжьыхьыфащ гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым епха хабзэхэр убзыхуным. Абыхэм я нэхъыщхьэхэм ящыщщ УФ-м и Граждан кодексым, УФ-м и Конституцэм, УФ-м и ПсэупIэ кодексым я проектхэр гъэхьэзырыным, иужькIэ ахэр къэщтэным епхауэ щыта лэжьыгъэхэр.

Сыт хуэдэ пщэрылъхэр имыIами, Къалмыкъ Юрэ дапщэщи къэнэжащ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ юрист-цивилисту, хабзэубзыху лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэ IэщIагъэлI щыпкъэу. Ди къэралым и зыужьыныгъэм, и къэкIуэнум гурэ псэкIэ хуэлэжьа хэкупсэщ Къалмыкъыр. ПсэухукIэ, зы махуи къэхъуакъым абы и гум лъэпкъым, къэралым епха гупсысэхэр щимылъа.

**ЯКОВЛЕВ Вениамин,**
*юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, РАН-м и член-коффеспондент.*

# ГугъапIэм и дамыгъэ

**Ди гъащIэм зэпIэзэрытынагъ зэрыхэмылъым, ди пщэдейр «пшагъуэу» зэрыщытым, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу ди нэгу щIэкI хьэгъэщагъэмрэ щIэпхъаджагъэмрэ сащегупсыскIэ, ди къэралым и къэкIуэнум папщIэ сигу хощIри, гугъапIэ гуэрхэр къызолъыхъуэж. ИтIанэ гукъэкIыжхэм къахызогъуэтэж си гъащIэм нэхъыфIу хэлъа, гум ехуэбылIэ зэманхэр, абы лъэужь дахэ къыщызыгъэна цIыхухэр. Псом япэ си гур мажэ Къалмыкъ Юрэ и деж. «Лъэхъэнэхэр цIыхухэм къыхахыркъым, абыхэм щопсэу икIи щолIэж…» - жиIэгъат усакIуэ Кушнер Александр. Апхуэдэущ Юрэ и гъащIэр зэрырихьэкIар: зыхалъхуа лъэхъэнэм хуэфащэу псэуащ, и къару емыблэжуи абы хуэлэжьащ.**

ЦIЫХУМ яхэт зэпыту цIыхум щхьэкIэ псэуащ ар. Зигурэ зи псэрэ дэтхэнэми хузэIуха адыгэлI жумартым къыпкърыкI хуабагъэмрэ гуапагъэмрэ щIэи гъуни яIэтэкъым. Дапщэщи гупсэхуу къодэIуэфынут, набдзэгубдзаплъэу къыпхущытынут, гупсысэхэм хэкIыртэкъым, хъуэпсапIэхэри и куэдт. УепсэлъылIэну тыншт - укъызэрыгурыIуэр къыбжаIэрт и нэ къабзитIым. И дыхьэшхыкIэр-щэ - абы и къарум узэщIимыщтэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, апхуэдизу гухэхъуэт, уэрт икIи къабзэти.

Зэман хьэлэмэтт, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ гъэнщIа лъэхъэнэт ар щыпсэуар. ЦIыхухэри сыт хуэдэт! Апхуэдизым къахэщырт Къалмыкъ Юрэ - щIэныгъэлI цIэрыIуэу, политик жыжьаплъэу, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу зэрыщытым къыдэкIуэу, ар гушхуэ зыкIуэцIылъ бгырыс нэст, къызыхэкIа лъэпкъым хэлъ хьэл-щэнхэм я фIыпIэ куэд зыхэлът. И IуэхущIафэхэри гупсысэхэри зыхуэунэтIар «лъабжьэфI зиIэм и щхьэкIэр мыхъумыщIэ мыхъунырт, абы къыхэкIыу щхьэж и лъэпкъ лъабжьэр, и къуэпсыр къигъэщIэрэщIэжыным гулъытэ хэха зэрыхуищIым узытегузэвыхьын лъэпкъ къишэнукъым. Абы цIыхухэр, лъэпкъхэр нэхъри зэришэлIэнущ, гъащIэмкIэ гугъапIэщIэхэр къахилъхьэнущ, шыIэныгъэрэ зэхэщIыкIрэ яIэу къигъэтэджынущ. Абы къыхэкIыу къалэн нэхъыщхьэр - лъэпкъ щэнхабзэхэр къэгъэщIэрэщIэжынырщ» («Эхо Кавказа». 1994, №1).

Къалмыкъ Юрэ «адыгэхэм я Прометей» щIыфIэсщам щхьэусыгъуэ иIэщ. Дызэрыщыгъуазэщи, алыдж мифологием и лIыхъужь Прометей тхьэхэм къафIидыгъуащ Олимп мафIэр икIи ар цIыхухэм яритащ. Абы къыхэкIыу ар бгым кIэраIулIащ икIи ух зимыIэ хьэзабым хагъэтащ: махуэ къэс абы и деж къэлъатэ бгъэшхуэм Прометей и тхьэмщIыгъур къриуIукIырт. Жэщым уIэгъэр кIыжырт, арщхьэкIэ къыкIэлъыкIуэ махуэм, аргуэрыжьти, бгъэшхуэм и лэжьыгъэм пищэрт… Апхуэдэт Къалмыкъым и гъащIэри. Абы и щхьэгъусэ Октябринэ игу къызэригъэкIыжымкIэ, абы и гъащIэр тыншу екIуэкIакъым. Захуагъэм дапщэщи и телъхьэ, хабзэм ебэкъуэныр щIэпхъаджагъэ ину къэзылъытэ, цIыхубэм яфIрэ къэралым и зэIузэпэщыгъэмрэ зи гъащIэ гъуазэ Къалмыкъым гугъуехь мымащIи ирагъэшэчакъым къыпэщIэтхэм, арщхьэкIэ Юрэ лъэкIырт абыхэм я щыуагъэр яригъэлъагъужын. Ар занщIэу къемыхъулIэми, зэман дэкIырти, гурыIуэгъуэ, нахуэ хъурт захуагъэр здэщыIэр. Шэшэн зауэр яублэну мурад щащIам, Къалмыкъым ар ядиIыгъакъым къэрал унафэщIхэм икIи иIыгъ къулыкъу лъагэм текIащ. Зэман дэкIри, Къалмыкъри щымыIэжу, наIуэ къэхъуащ ар захуэу зэрыщытар. Къэрал унафэр а лъэхъэнэм зыIэщIэлъахэр жыжьэ плъэф политикым жиIэхэм едэIуауэ щытамэ, хэт ищIэрэ, апхуэдиз цIыху лажьэншэхэм я гъащIэхэр зыхьа лъыгъажэр екIуэкIынтэкъым, нобэ ди гъащIэм къыщыхъу гуих-псэиххэм япэIэщIэ дыхъунт, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу цIыхухэм я гъащIэр мастэпэм фIэсым хуэдэу ирахьэкIынтэкъым.

ЦIыхубэм папщIэ псэуа Юрэ щхьэхуещагъи хэлъакъым, и къаруи и гуащIи зэи щысхьакъым. Абы бгъэдэлъ щIэныгъэ куум теухуа хъыбархэр жыжьэ Iуат. Иджыри лэжьэн щIидзагъащIэу, си ныбжьэгъу гуэрым къызжиIат Саратов дэт юридическэ институтым щIэс и пхъум адыгэ егъэджакIуэ хьэлэмэт зэриIэр. Хъыджэбзым зэрыжиIэмкIэ, ар лекцэ къыщеджэкIэ, тхылъи тхыгъи къигъэсэбэпыркъым, яригъэджри хьэлэмэту, купщIафIэу студентхэм ябгъэделъхьэ, абы къыхэкIыуи зы цIыхум абы и дерсхэр IэщIыб ящIыркъым. Апхуэдэ щIэныгъэлI щыпкъэ гъуэтыгъуейти, афIэкIа Iуэху симыIэу Саратов сыкIуауэ щытащ, Къалмыкъыр зэзгъэцIыхуну.

Зы махуи сыхущIегъуэжакъым а лъэбакъуэм. Абдеж къыщыщIэдзауэ дэ дяку къыдэхъуащ зэныбжьэгъугъэ быдэ. ЩIэныгъэлI щэджащэу, политик IэкIуэлъакIуэу щыта Юрэ сэ къэсцIыхуащ нэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIи. Абы хуэдэу гушхуэрэ псэ къабзэрэ зиIэ щымыIами ярейт. Ди анэдэлъхубзэкIэ дыщызэпсалъэ къудейкIи, плъагъурт абы и гум щыщIэхэр, и хэкур, и лъэпкъыр и псэм и хъуахуэти.

Бэм я дзыхьыр апхуэдэ цIыхум ирамыгъэзуи хъунт? СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къалэнышхуэ пщэрылъ къыщыщыхуащIами, ахэри тэмэму зэфIихыурэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэми хунэсырт. А лъэхъэнэм абы итхахэм ящыщщ «Экономикэр зэрыубзыхупхъэр» (1991), «Рынокым и хабзэ нэхъыщхьэр» (1991), «Лъэпкъ цIыкIухэмрэ Урысей къэралыгъуэмрэ» (1992), «Коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ» (1993), «Гууз-лыузыр зэи куэдыIуэ хъуркъым» (1994), «Хабзэр щытепщэ къэрал бухуэну тыншкъым» (1995), «Кавказыр, и гуауэхэри зыгъэгулэзхэри щIыгъуу» (1996). Апхуэдэу ар хущIэкъурт адыгэм и Iуэхур дэнэкIи щигъэкIуэтэным. Ар сыт хуэдэу щыгуфIыкIат Москва абазэ, адыгэ школхэр къызэрыщызэIутхам. Къэрал щыхьэрым щылажьэ Адыгэ хасэм и IуэхукIэ Юрэ зи унафэщI министерствэм сыхуэкIуэмэ, IэплIэешэкIкIэ къыспежьэрт, лъэкI псомкIи къыздэIэпыкъурти, апхуэдэ дыдэу, гу зэIухакIэ сыкъригъэжьэжырт.

Быдэу си фIэщ мэхъу: Къалмыкъ Юрэ хуэдэ лIы щэджащэ адыгэ лъэпкъым диIакъым. «Уадыгэным, уи щэнхабзэр зепхьэжыным я нэхъыщхьэр IуэхугъуитIщ, - жиIэрт абы. - Ар анэдэлъхубзэр хъумэнырщ, лъэпкъ хабзэр умыгъэкIуэдынырщ. А IуэхугъуитIыр дэтхэнэ адыгэми игъэзэщIэн хуейщ, дунейм тетыху».

Кавказ къуршыжьхэм я тхыдэшхуэр щыхьэт зытехъуэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ дэтхэнэ лъэпкъым и къэкIуэнури абы и къуэ пажэхэм яубзыхуу зэрыщытар. Лъэпкъыр щытыкIэ къызэрымыкIуэ щихуэми апхуэдэхэрат бэм щIэгъэкъуэн яхуэхъур, хэкIыпIэ-хыхьэпIэхэр къэгъуэтыныр пщэрылъ зыхуэхъур. БлэкIынщ илъэсхэр, Iуэхугъуэ куэд тхыдэм и жьауэми щIиуфэнщ, ауэ адыгэ лъэпкъым дапщэщи дигу къэдгъэкIыжынущ Къалмыкъ Юрэ хуэдэ лIыхъужь дызэриIар - щIэныгъэ куу бгъэдэлъу, зэхэщIыкI лъагэ иIэу, лIыгъэкIи хахуагъэкIи къыпэхъун щымыIэу, зыми емыщхьу.

ИгъащIэми жаIэ: «ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ». Апхуэдэт Юрэ и лIэкIэри. 1997 гъэм щIышылэм и 15-м абы сыкъепсэлъат телефонкIэ икIи, гукъыдэмыж зэрыхъуар сщIэрти, селъэIуат ДАХ-м и зи чэзу зэхуэсу Черкесск щекIуэкIынум мы зэм мыкIуэну. «Хьэуэ, абы сымыкIуэу хъунукъым. Сэ абы къыщызожьэ. КъэхъуIами - си Хэку сыкIуэжу арaщ, сыщылIэну».

Апхуэдэуи хъуащ: къыкIэлъыкIуэ махуэм, щIышылэм и 16-м, ар дунейм ехыжащ Минводы къалэм нэсыжауэ.

Хьэлъэт а хъыбар гуауэр абы и унагъуэм исхэм яжепIэну, хьэлъэт а дыуэщIми ухэтыну…

Къалмыкъ Юрэ щыщIэтлъхьэжащ щалъхуа Абазакт жылэм. Дунейми зыкъиддищI хуэдэ, уает икIи уфат. Адыгэ лъэпкъым, абы и гъусэу Абхъазым, зэры-Кавказу хэщIыныгъэшхуэ дгъуэтат.

Зэманым уIэгъэр егъэкIыж, махуэм махуэ къыкIэлъокIуэ, щIэблэщIэхэр къытщIохъуэ. Ауэ а зэхъуэкIыныгъэхэм ядэкIуэдынукъым лIэщIыгъуэкIэрэ ди тхыдэм хэтыну къыхэтха цIэр, Къалмыкъ Юрэ и цIэр. Ар дапщэщи гъащIэм, псэуныгъэм, захуагъэм, нэхугъэм, гугъапIэм я дамыгъэщ, ди лъэр жан ищIыжу, лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэгъэпса Iуэхугъуэ инхэм дыкъыхуриджэу.

**АГЫРБЭ Юрэ,**
*КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ООН-м информатикэмкIэ и дунейпсо академием и академик.*
*Москва къалэ*

# ЦIыхухэм папщIэ

**Илъэс 30-м щIигъукIэ ныбжьэгъу пэжу сиIам, чэнджэщэгъуфIу, унэтIакIуэу, гъуэгугъэлъагъуэу дапщэщи згъуэту щытам блэкIа зэманым иту сытепсэлъыхьыну хьэлъэщ. Тхьэшхуэм, щIыуэпсым, къызыхэкIа лъэпкъым къыбгъэдэкIыу цIыхум хэлъыфыну хьэл нэхъыфIхэр зи щэным щызэхэухуэна щэджащэхэм ящыщт Къалмыкъ Юрэ.**

ЦIЫХУХЭМ папщIэ псэуащ ар. Къыдэпсэу, зыдэлажьэ, къэзыухъуреихь, гъащIэм зыщрихьэлIэ дэтхэнэми пщIэрэ нэмысрэ яхуищIут Юрэ зэрабгъэдэтыр. Къалмыкъым дапщэрэ сыхуэмызами, абы хэлъ щэныфIагъыр зыхэсщIэрт, зыхэсщIэхукIи сыщIэхъуэпсырт абы ещхь сыхъуным. Апхуэдэт ар: цIыхугъэшхуэрэ зэхэщIыкIрэ хэлъу, къызыхэкIа лъэпкъ уардэм хуэфэщэн хабзэ дахэрэ нэмысрэ зэрихьэу.

И гъащIэм и иужьрей илъэси 8-р Къалмыкъ Юрэ хуиунэтIащ къэрал къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр ехьэкIыным. А зэманым ар апхуэдэ дыдэу гу зэIухакIэ хуэлэжьащ и адыгэ лъэпкъым.

Сызэригугъэмкiэ, Юрэ апхуэдэ къэралпсо, лъэпкъпсо къалэнхэр пщэрылъ щIызыхуищIыжам щхьэусыгъуитI иIэщ. Япэрауэ, жылагъуэр экономикэ зэхущытыкIэщIэхэм щыхуэкIуэ лъэхъэнэм абы къыгурыIуащ граждан хуитыныгъэмрэ хабзэмрэ хуэлажьэ егъэджакIуэмрэ хабзэубзыху IэщIагъэлIымрэ я лэжьыгъэр зэпэщхьэхуэу щымыту, атIэ а IэнатIэхэм щиIэ зэфIэкIыр, щIэныгъэр зы Iуэхушхуэм - къэрал ухуэныгъэм - хуигъэпсмэ, цIыхубэм я дежкIэ зэрынэхъыфIыр. ЕтIуанэрауэ, игукIэ, и псэкIэ егъэджакIуэ нэсу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу зэрыщытым къыхэкIыу, абы ифI зэкIыфыну цIыхухэм я бжыгъэм хигъахъуэмэ нэхъ къищтащ: политикэм хыхьэри, университетым и аудиторэхэм щIэсхэм Юрэ гъусэ яхуищIащ зи щIэныгъэкIэ, къулыкъукIэ сэбэп зыхуэхъуфыну цIыхубэр. Къалмыкъым и статьяхэмрэ тхылъхэмрэ студентхэр, аспирантхэр ireджэнум и закъуэтэкъым иджы, атIэ абы зэхилъхьэ хабзэхэр ялъэIэсынут зыхуэлажьэ къэралым ис цIыху мелуни 150-ми и адыгэ лъэпкъым щыщу хамэщI зэмылIэужьыгъуэхэр Iэмалыншагъэкiэ псэупIэ зыхуэхъуахэми.

И гурылъ псоми хунэсакъым а цIыху гъуэзэджэр, сыту жыпIэмэ, абы къалэну зыхуигъэувыжахэр зы цIыху гъащIэкIи плъэмыкIыным хуэдизу абрагъуэт. Дауэ хъуми, куэд, куэд дыдэ хуищIэфащ Къалмыкъ Юрэ и хэкум, и лъэпкъым я зэIузэпэщыгъэм. Абы и гум къарууэ иIар, езы и гъащIэ дыдэр тыхь яхуищIащ цIыхубэм. Апхуэдэхэр зэи тщыгъупщэ хъунукъым.

**МОЗОЛИН Виктор,**
*Москва дэт юридическэ академием и профессор, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор.*



Абдулатипов Рэмэзан и гъусэу.
*1995 гъэ*

# Нэхъ хьэлъэж къытщохъу

**Зэманым сыт хуэдэ узри игъэхъужу жаIэ нэхъыжьхэм, и благъэIыхьлыхэм ящыщ гуэр пасэу дунейм ехыжамэ, цIыхум и гур фIы хуащIу. Пэжу, IэмалщIапIэншэщ ажалыр, упэувкIи, утекIуэнукъым. ИтIани щыIэщ илъэсхэм пщамыгъэгъупщэф хэщIыныгъэхэр. Ахэр щIэх-щIэхыурэ гум къыдредзеиж, псэми къелъыхъуэ. Уеблэмэ абыхэм я лIэныгъэм нэхъ кууэ зыхыуегъащIэ а цIыхум мыхьэнэуэ иIар, тфIэкIуэда фIыгъуэм и инагъыр. Апхуэдэхэм ящыщщ Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр.**

...1993 гъэм и щIымахуэр сигу къокIыж. Абхъазым абы щыгъуэ зауэ щекIуэкIырт, ар зэриухынуми зыкъомкIэ елъытат Кавказым ис лъэпкъхэм я къэкIуэнур. СызэригугъэмкIэ, Къалмыкъ Юрэ псом нэхърэ нэхъыфIу къыгурыIуэрт а зауэм кърикIуэнкIэ хъунур. Зы лъабжьэ, зы хабзэрэ бзыпхъэрэ зиIэ бгырыс лъэпкъыжьхэм абхъазхэр я закъуэ утыку къызэрамынэнур абы ищIэрт. УФ-м юстицэмкIэ и министру щытми, ар, псом япэрауэ, адыгэт икIи и гур, и псэр ящIэузырт зауэм и лыгъейм лажьэншэу илыпщI абхъаз сабийхэм, лIыжьхэм, фызыжьхэм, яубла куржы-абхъаз зэпэщIэтыныгъэм Кавказым и къуэ нэхъыфIхэр зэрыхэкIуадэм игъэгумэщIырт. Абы щыгъуэ Къалмыкъым лъэкI къигъэнакъым, а лъыгъажэр нэхъ псынщIэIуэу иухынымкIэ, ар кавказпсо зэрыхьзэрийм хуэкIуэным нимыгъэсу.

Абхъазхэм къытлъыса удыныр нэхъ щабэ зэрищIыным дапщэщи хущIэкъуащ Къалмыкъыр. Ар тщIыгъуащ ди лъэпкъым гузэвэгъуэр къыщытепсыхами зыузэщIыныгъэмрэ хуитыныгъэмрэ я гъуэгу мытыншым дыщытеувами. Юрэ къыдит чэнджэщхэр дапщэщи щхьэпэт, акъылышхуэ зыхэлът, абыхэм зэи ущагъэуэнутэкъым. Апхуэдэ цIыхут ар - зыхэт IуэхумкIэ жэуаплыныгъэ ткIийр зыхэзыщIэт.

ЖыпIэнурамэ, Къалмыкъ Юрэ хуэдэ политик Урысейм иIауэ сщIэркъым. Ар адрейхэм ещхьтэкъым, депутат мандатыр щиIыгъаи министр къулыкъур щигъэзэщIаи. Дунейм ехыжыным куэд имыIэжу къыдэкIауэ щыта «ГъащIэм и къэгъэшыпIэхэр» и тхылъым езым зэрыщитхыжымкIэ, къэралым и политикэр щаубзыху «пщэфIапIэм» хамэу куэдрэ зыкъыщыщыхъужырт абы. Апхуэдэу ипэжыпIэкIэ зэрыщытам щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэ гуэрым Юрэ щытопсэлъыхьыж тхылъым и пэщIэдзэм. 1990 гъэм и мэлыжьыхьым ар яхэхуат СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу ягъэувыну зыхуагъэлъэгъуа депутатищым. Iэ Iэтыныр зэфIэкIа нэужь, наIуэ къэхъуащ Къалмыкъым нэхъыбэ и телъхьэ зэрыхъуар, арщхьэкIэ а лъэхъэнэм совет Парламентым и спикеру щыта Лукьяновым депутатхэм зыбжанэрэ Iэ яригъэIэтыжащ, езыр зыхуей кандидатурэр пхигъэкIын папщIэ. А Iуэхум щытепсэлъыхьыжкIэ, Юрэ и псалъэхэм зыри къыхэщыркъым, ар и жагъуэ хъуауэ къозыгъащIэу. Ар и щыхьэтщ абы «адрейхэм ящыщу» зыкъилъытэжу зэрыщымытам. Зэкъым икIи тIэукъым апхуэдэ гурыщIэ дыджыр абы зыхрагъэщIауэ зэрыщытар.

Хэлъа пэжагъымрэ быдагъымрэщ Къалмыкъым пщIэшхуэ Кавказым къыщыхуащIыным лъабжьэ хуэхъуар. АбыкIэ гушхуэрт бгырыс лъэпкъхэр, ар цIыхубэ депутату щыщытами, УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм и пашэу щагъэувами, къэралым иригъэкIуэкI политикэ мыхъумыщIэм хэмытын щхьэкIэ, а къулыкъу лъагэр къыщигъэнами. Абы щыгъуэщ Къалмыкъ Юрэ лъэпкъпсо пашэ щыхъуар, сыту жыпIэмэ абы и зэфIэкI псори иджыт нэсу щыхуигъэпсар къызыхэкIа адыгэхэм, щалъхуа кавказ щIыналъэм щыпсэу адрей лъэпкъхэм я зыужьыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ.

Куэд дыдэ хузэфIэкIащ Юрэ, ауэ нэхъыбэжи хуэщIэнут, апхуэдизу гъащIэ кIэщIу щымытамэ. Языныкъуэхэми ар къалъытэрт бий шынагъуэу, арщхьэкIэ зи лъэпкъым, хэкум папщIэ гууз-лыуз зиIэхэм я дежкIэ ар гугъапIэ инт.

Къалмыкъым и пIэ иувэфын хэкупсэ иджыри къихъуакъым Кавказым. Абы къыхэкIыу дэ псоми нэхъ хьэлъэж къытщохъу а адыгэлI щэджащэр къызэрытхэмытыжыр.

**АКАБЭ Нателлэ,**
*Абхъазым цIыхум и хуитыныгъэмрэ демократиемрэ дэIыгъынымкIэ и центрым и унафэщI. Сыхъум къалэ*

# Хэкупсэ нэсым и щапхъэ

**Мы сатырхэр щыстхкIэ, си нэгум къыщIоувэ цIыхугъэ лъагэ зыхэлъа хэкупсэ нэсым и образыр - апхуэдэт Къалмыкъ Юрэ. ЩIэх-щIэхыурэ си гупсысэхэм къыхохуэ а адыгэлI щэджащэм теухуа Iуэхугъуэхэр, иIа гупсысэхэр, и дуней тетыкIар. Хьэлэмэтыракъэ, сигу къэкIыжыхукIи, абы и хьэл-щэным щыщу щIэ гуэрхэр къызэIузох, ипэкIэ гу лъызмытауэ е семыгупсысауэ...**

ЛIЫГЪЭ хэлъу, къикIуэт имыщIэу, захуагъэм, пэжыгъэм дапщэщи я телъхьэу псэуащ ар. Абы и гъэсэн цIэрыIуэ Собчак Анатолий зэрыжиIауэ, Къалмыкъ Юрэ халъытэ 20-нэ лIэщIыгъуэм и юрист нэхъыфI дыдэу тхум. Бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэфIиха Iуэхугъуэ инхэмкIэ ар хуагъадэ урым юрист щэджащэхэм, «правэм и лIыхъусэ» зыхужаIэу щытахэм. Къэрал лэжьакIуэшхуэр, политик Iэзэр, щIэныгъэлI иныр хъуащ хабзэхэр зэхэзыгъэува икIи занщIэу гъащIэм хэзыпщэфа юрист-цивилист. Апхуэдэ ипэкIэ зэи щыIакъым, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, дяпэкIи ди тхыдэм къыхэхуэну къыщIэкIынукъым. Ауэ щыхъукIи, а хабзэхэм щелэжьа зэманыр къэралым и иджырей тхыдэм щыщу нэхъ гугъухэм ящыщт: совет къэралыгъуэр щызэхэщэщэжым епха зэрыхьзэрийхэмрэ урысей къэралыщIэр ухуэным къиша лъэпощхьэпо къызэрымыкIуэхэмрэ я лъэхъэнэ ткIийрт. Абы щыгъуэ екIуэкIа политикэ Iуэху фIейхэм, жылагъуэм щытепщэ хъуа гъэпцIагъэмрэ щхьэхуещагъэмрэ Къалмыкъыр пхыкIыфащ пщIэрэ щIыхьрэ иIэу, и щхьэми, къэралми, цIыхуми емыпцIыжу, хабзэм хуэпэжу. Абы и унафэм щIэту, къэралым и юрист нэхъ цIэрыIуэхэр щIыгъуу ягъэхьэзырауэ щыташ хэкум и «экономикэ конституцэкIэ» узэджэ хъуну УФ-м и Граждан кодексыр. А дэфтэрым пкърылъ купщIэшхуэмрэ лъапIэныгъэу иIэмрэ зэманми властми нэсу нахуэ иджыри къащIыфакъым, апхуэдизу абы и мыхьэнэр инщи.

Илъэсхэр блэкIыурэ, абыхэм нэхъ кIащхъэ ядэхъуащ Къалмыкъым и лIэныгъэм куэдым я гум тридзауэ щыта удыныр. ГъащIэм къыщыхъу дэтхэнэ къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэми хуэдэу, зэманыр кIуэтэху, нэхъ наIуэ икIи нэрылъагъу мэхъу Юрэ зэфIэкIыу бгъэдэлъахэр. Абы дэлэжьахэм, гъащIэм щрихьэлIахэм къагурыIуащ а цIыху щэджащэм илэжьыфа Iуэхухэр къызэрымыкIуэу зэрыщытар. Ар щыпсэуми къыдгурыIуэрт ар, итIани и кIэм нэсу зыхэтщIэртэкъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, езыр дунейм тету тщIымыгъуэжми, куэдкIэ нэхъыбэ хъуащ щыпсэум и телъхьэу щытахэм нэхърэ, Юрэ я унэтIакIуэрэ щапхъэу къэзылъытэхэр иджы. Ар ягу илъщ къэралым и цIыху куэдым, адыгэ лъэпкъым щыщу хэкурысхэми хамэ щIыпIэхэм щыIэхэми. Абы и щIэин уасэншэм куэдрэ зыхуагъэзэнущ иджырей щIэныгъэлIхэми къэкIуэну щIэблэхэми. ЦIыхубэм къахуигъэна а хъугъуэфIыгъуэм дэтхэнэми къыщигъуэтынущ къилъыхъуэ упщIэм и жэуап купщIафIэ, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэм и хэкIыпIэ, иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм гъуазэ щыхуэхъун.

Сэ си насыпти, Къалмыкъ Юрэ фIыуэ зыцIыхуахэм, дэлэжьахэм, ныбжьэгъуфIу зиIахэм, и гузэвэгъуэри и гуфIэгъуэри дигуэшу бгъэдэтахэм сащыщащ. Апхуэдэуи си насыпыншагъэт, къуэш пэлъытэу сиIа апхуэдэ ныбжьэгъуфIыр пасэу зэрысфIэкIуэдар, егъэджакIуэу, унэтIакIуэу дапщэщи къэслъытэу щыта нэхъыжьыфIыр зэрысIэщIэкIар... Ар дунейм ехыжри, си хьэл-щэнкIэ нэхъ сызыхуэныкъуэхэри симыIэж хъуащ: зэпIэзэрытыныгъэр, зэIуплъынымрэ шыIэныгъэмрэ япэ иту, губжьрэ ткIиягъ ямылейрэ хэмылъу Iуэхугъэхэм, къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кIуэцIрыплъыным сыхуэзыущиин. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм екIуэкIа зэрыхьзэрийхэм дыздыхэтым абы куэдрэ къызжиIэрт: «Юрэ, уи пщтырагъыр тIэкIу бгъэмэщIатэмэ...» Апхуэдэхэм деж сэри мыпхуэдэ жэуап естыжырт: «Апхуэдэу сыщытыфтэмэ, Къалмыкъ Юрэ етIуанэ сыхъуну Iэмал сиIэнти...» ЗэрыхъукIэ, зэрысхузэфIэкIкIэ дапщэщи сыхущIэкъурт къысхуищI дагъуэхэр зыхэзныну - абы и дэтхэнэ псалъэри ди дежкIэ дыкъызэрыщ гъуджэ къабзэм хуэдэт. Апхуэдэ дерс купщIафIэхэр куэдрэ къыдитырт абы. Аращ Нало Заур Къалмыкъым щхьэкIэ «бегъымбар пэлъытэщ ар» щIыжиIар.

Езым иIэ пщIэшхуэм щыщ дэри къытлъигъэсыну хуейт Юрэ, езыр зытет лъагапIэри къытхуигъэфащэрт. Абы зэ нэхъ мыхъуми хуэза, гъунэгъуу епсэлъылIа цIыхур пабгъэрт иджыри абы IущIэну. Малъхъэдисым хуэдэу, зы къару телъыджэ гуэрым ар уи гупсысэм къыхинэрт, IэщIыб умыщIыфу. ЦIыху къызэрыгуэкIыу, пэжымрэ захуагъэмрэ и гъуазэу гъащIэм хэт ди ныбжьэгъуфIым зыкъыфIэщIыжын е зыгъэщIэгъуэн жыхуэпIэхэр и пщIыхьи къыхэхуэртэкъым. Зыгуэрым IуэхукIэ зыкъыхуигъэза нэужь, абы и дежкIэ нэхъыщхьэр къелъэIур имыгъэщIэхъуу абы игу зэригъэзэгъэнырт - езыр и щхьэ зэи егупсысыртэкъым. СампIэимыхьэу щымыт, зыкъыхэзыгъэпIиикIыну хущIэмыкъу апхуэдэ цIыху губзыгъэхэр, зэрыхабзэщи, тхыдэм езым къыхехри гъащIэм и утыкум кърешэ, ахэр зэрыщэджащэр псоми наIуэ ящищIын папщIэ.

Апхуэдэу къалэнышхуэхэр и пщэ къыдэхуауэ щыташ Къалмыкъ Юрэ. Ахэр тэрэзу зэфIигъэкIащ, бгъэдэлъа акъылыфIагъэмрэ щIэныгъэ куумрэ, зэпIэзэрытыныгъэмрэ гупсысэ шэщIамрэ я фIыгъэкIэ.

**ЩЭНЫБЭ Юрэ,**
*юрист, Дунейпсо университет зэIухам (США, Калифорние) социологиемкIэ и доктор, Абхъаз университетым щIыхь зиIэ и профессор.*

# Хабзэм и телъхьэ

**Къэралым и Президентым и Унафэкlэ 1993 гъэм Къалмыкъ Юрэ ягъэуvауэ щытащ УФ-м юстицэмкlэ и министру. Хабзэм, хуитыныгъэм нэсу хэзыщlыкl, абыхэм дапщэщи я телъхьэзу къэув а цlыху акъылыфlэм хуэфащэ дыдэт а къулыкъу лъагэр. А лъэхъэнэм къэралыр хуабжьу яхуэныкъуэт Къалмыкъ Юрэ хуэдэ къэрал лэжьакlуэхэм, абы и къэкlуэнум папщlэ жэуаплыныгъэ ин зыхэзыщlэ хэкупсэхэм.**

ЮРИДИЧЕСКЭ щlэныгъэхэм я доктор, Саратов университетым и профессор Къалмыкъ Юрэрэ сэрэ илъэс куэдкlэ зэпыщlауэ дыщытащ ди лэжьыгъэкlэ, ди lэщlагъэкlэ. Къэрал къулыкъум пэрыувэн и пэкlэ, Къалмыкъым щlэныгъэ-къэхутэныгъэ купщlафlэхэр щригъэкlуэкlащ зи цlэ къисlуа еджапlэ нэхъыщхьэм, абы граждан правэмкlэ и кафедрэм и унафэщlу щыту. И къалэмыпэм къыпыкl лэжьыгъэхэм сащыгъуазэми, езыр и щхьэкlэ сымыцlыхуурэ екlуэкlащ. Япэ дыдэ Юрэ сыщыхуэзар Москващ, граждан правэмкlэ кафедрэхэм я унафэщlхэм я къэралпсо зэхуэс екlуэкlыущ. Ди зэхуэзэм lуэхугъуэфl куэд къриклуащ. Лэжьыгъэкlэ нэхъри зэпыщlа дызэрыхъуам къыдэкlуэу, дэ ныбжьэгъуфlи дызэхуэхъуащ (къыхэзгъэщынщи, щlэныгъэм и дунейм ныбжьэгъу пэж ущыщрихьэлlэр зэзэмызэххэщ). Ар гукlи псэкlи щыгуфlыкlырт си ехъулlэныгъэхэм, езым къеуэлlа насып гуэрым хуэдэу.

Къалмыкъым и гъащlэм хэтащ ехъулlэныгъэ лъагэхэр щызыlэригъэхьаи, фыгъуэ зыхэлъ гуэрхэр къыкlэщlэтхыхьрэ и къулыкъум щытрагъэкlаи. Зэгуэрым абы къыlэщlахат кафедрэм и унафэр. А къалэныр пщэрылъу зыхуагъэлъэгъуа къыдэлажьэ профессор цlэрыlуэм жиlэгъат: «Дэ тщыщу ар зыхуэфащэр профессор Къалмыкъым и закъуэщ». Захуагъэр зэфlэувэжауэ щытащ, цlыху пэжым, къабзэм и пщlэри абы щхьэкlэ нэхъ мащlи мыхъуауэ.

Зэгуэрым лэжьыгъэ lуэхукlэ Томск дыщызэрихьэлlат зэныбжьэгъухэу Басиныр, сэ, Къалмыкъыр. Дызыхэта зэlущlэхэр зэфlэкlауэ, къалэм зыщытплъыхьу, дызэдэуэршэру дыздыдэтым, Юрэ жиlащ гъащlэм фlыщlэ ин зэрыхуищlыр, дэ тхуэдэ ныбжьэгъуфl къызэрыритам папщlэ. Дэри Къытщхьэщытым фlыщlэ хуэтщlат Къалмыкъым хуэдэ псэ зэlуха зиlэ цlыху абы ныбжьэгъу пэж зэрытхуищlамкlэ.

Бгъэдэлъ зэфlэкlышхуэхэмкlэ, акъылыфlагъэмкlэ щlэныгъэ зэхуэсхэм къазэрыхэщым хуэдэу, къызэрыгуэкl зэlущlэхэм дежи псоми къыдэфlэкlырт Къалмыкъыр. Сощlэж: МКъУ-м дунейпсо симпозиум щекlуэкlауэ дызэбгрыкlыж пэтрэ, зэlущlэм хэта бзылъхугъэ псоми удз гъэгъа lэрамэ зырызкlэ яхуэупсат ар. Апхуэдэ гуапагъэхэр, гукъэкl дахэхэр и куэдт Юрэ.

Гуапагъэмрэ дахагъэмрэ щытепщэт ар зи нэхъыжь адыгэ унагъуэ екlуми. Юрэ дыхуеблэгъамэ, абы и щхьэгъусэ Октябринэрэ и хъыджэбзищымрэ хьэщlагъэ екlу къыдахырт, зыщыщ бгырыс лъэпкъ уардэм зэрихабзэу.

**ОЙГЕНЗИХТ Виктор,**
*юридическэ щlэныгъэхэм я доктор,*
*Таджик къэрал университетым и профессор.*


**Сантьяго и аэропортым.** *Чили. 1990 гъэ*

# КъызыхэкIа лъэпкъым хуэпэжт

**Псоми гущIыхьэ тщыхъуауэ щытащ 1997 гъэм и щIышылэ мазэм къэIуа хъыбар гуауэр: щIэныгъэлI цIэрыIуэ, къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ, профессор Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр дунейм зэрехыжар.**

ЛЕНИНГРАД (иджы Санкт-Петербург) къэрал университетым и гъэсэн нэхъыфIхэм ящыщ Къалмыкъыр щIэныгъэм хыхьат лъэбакъуэшхуэкIэ икIи абы лъэ быдэкIэ щыуват. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 80 гъэхэм я кIэухым Къалмыкъ Юрэ и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыхъуащ. Абы ирихьэлIэу ар щIэныгъэлI цIэрыIуэт, хабзэм ехьэлIа тхылъхэр, статьяхэр, студентхэм къагъэсэбэп пособие зэмылIэужьыгъуэхэр и къалэмыпэм къыпыкIат. 1989 гъэм екIуэкIа хэхыныгъэм абы депутат мандатыр къыщыхуагъэфэщат Саратов и хэхыпIэ округхэм ящыщ зым, цIыхубэм дзыхь лъагэ къратъэзри.

А лъэхъэнэращ сэ Къалмыкъ Юрэ гъунэгъуу къыщысцIыхуар. Къэралпсо хабзэхэр убзыхуным зэгъусэу делэжьащ дэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри гъэхьэзырыным и гуащIэшхуэ ирихьэлIащ Къалмыкъым, сыт хуэдэ псалъэри псалъэ зэпхари я мыхьэнэкIэ а хабзэ хэхам зэрыхуэкIуэр мызэ-мытIэу къипщытэжу.

Хабзэхэм елэжьхэм ди лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу зэтриублэрт абы. Зэныкъуэкъу гуэрхэр гупым къыщыхъумэ, Iуэхур Iэдэбу зэтриуIэфIэжырт, зыми и жагъуэ зэримыщIыным хущIэкъуу. Ауэ щыхъукIи, дэтхэнэми пэжу, зэIухауэ къытхущытт, сыткIи сэбэп къытхуэхъуу. Гупыр игъэгупырти, шхэпс къытхуэхъурт, гушыIэ дахи хэлът. Ауэ, Iэмалыншэ хъуамэ, къикIуэт иIэнутэкъым Къалмыкъым.

Кавказым и бын пажэхэм ящыща Юрэ и щIыналъэми абы и цIыхухэми куэд яхуищIащ. И лъэпкъым дапщэщи псэкIэ пыщIауэ дунейм тета Къалмыкъыр и хэку цIыкIуми щылIэжащ.

Апхуэдэ цIыху щэджащэхэр къэзылъху лъэпкъым и къэкIуэнур зэрыдахэр си фIэщ мэхъу.

**ТОЛСТОЙ Юрий,**
*профессор.*

# Уи фэеплъыр тхъумэнущ

## (И кхъащхьэм щыжаIахэм щыщ)

**ПщIэшхуэ зыхуэтщI Юрэ Хьэмзэт и къуэ! Сэ сыбзылъхугъэщи, схуэшэчыркъым уи кхъащхьэм деж сыщымыгъын. Илъэситl и пэкIэ, 1994 гъэм мазаем и 9-м, юрист щэджащэ Кони Анатолий Федор и къуэр къызэралъхурэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу уэ Москва и Колоннэ пэшышхуэм къыщызэбгъэпэщауэ щыташ абы теухуа фэеплъ зэхыхьэ. Абы щыгъуэм дэ, уэ ныбжьэгъу пэжу уиIа псоми, сыткIэ тщIэнт упсэуну къыпхуэнэжар апхуэдизу зэрымащIэ дыдэр?!**

УРЫСЕЙ къэралыгъуэр хабзэмрэ хуитыныгъэмрэ я лъабжьэу ухуэным уэ къаруушхуэ епхьэлIащ, жыджэрагъышхуэ пхэлъу жэрдэмыщIэхэри утыкухэм къипхьэрт, мурадыщIэхэри уи куэдт… Абыхэм уалъэIэсынырт, ахэр зэбгъэхъулIэнырт дэ дызыпэплъэр, арщхьэкIэ ажал гущIэгъуншэм и Iэ щIыIэм уэ ди гупым утхичащ щIэхыщэу…

ЗэрыжаIэщи, цIыхушхуэхэм къащхьэщих нурыр куэдрэ маблэ, вагъуэшхуэхэм хуэдэу. Езыхэр щымыIэжми, умылъагъуэжми, абыхэм я нэхунэ кIапэр ЩIым иджыри куэдрэ къытредзэ. Уэ апхуэдэ нурыбэ къызыщхьэщих щэджащэхэм уащыщт. Кони и псэкупсэ щIэиныр тыхь зыхуищIар уэ пхуэдэ юрист Iэзэхэращ, пщIэшхуэ зыхуэтщI Юрэ Хьэмзэт и къуэ. Уи гъащIэ кIэщIым къриубыдэу уэ апхуэдизу куэд пхузэфIэкIащ, уи гъэсэнхэри куэдым хуэбущияш, уи щIэныгъэ тхыгъэхэмкIэ куэд къыджепIащи, пхуэфащэ дыдэщ Урысей Фемидэм и увыпIэ нэхъ лъагэхэм ящыщ зы. Уи кхъащхьэм сыщхьэщыту Тхьэ соIуэ: Кони и цIэр зезыхьэ «ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэн» дунейпсо комитетым хэтхэм абы и музей къызэдгъэпэщмэ (ар мыгувэу дгъэзэщIэну ди мурадщ), абы и гъэсэн нэхъыфIхэм ящыщ уэ фэеплъ плIанэпэ хэха абы щыпхухэтхынущ, ди гум куэдрэ илъыну Къалмыкъ Юрэ!

УздэкIуэр тыншыпIэ пхухъу, ди ныбжьэгъу лъапIэ! Щхьэщэ пхудощI, зи фэеплъыр куэдрэ мыкIуэдын юрист щэджащэ. Дэ ди гум зэи уихунукъым.

**ЦОРИЕВЭ Азэ,**
*Кони Анатолий и цIэр зезыхьэ «ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэн» дунейпсо комитетым къыбгъэдэкIыу.*

# Вагъуэм и лъэужьыр

**1997 гъэм щIышылэм и 16. Адыгэу дунейм тетым я дежкIэ ар хъуащ хъыбар гуауэ къахуэзыхьа махуае. Лъэпкъпсо лIыхъужь хъуа Къалмыкъ Юрэ и гур къэувыIащ абы щыгъуэ. Вагъуэр ижами, абы идза нурым и лъэужьыр куэдрэ иджыри хэгъуэщэнукъым.**

ПОЛИТИК цIэрыIуэм, щIэныгъэлI щыпкъэм бгъэдэлъа зэфIэкIхэм куэд тепсэлъыхьащ. Ар дунейм щехыжам Урысей Федерацэм и щIэныгъэлI пажэхэм, къэрал, политикэ лэжьакIуэшхуэхэм псалъэ дахэ куэд хужаIащ. Ар ялъытэрт акъылышхуэ зиIа цIыху жыжьаплъэу, къэралым и къэкIуэнум папщIэ зигури зилри уз хэкупсэ нэсу.

Абхъаз лъэпкъым хуищIам фIэкIа нэгъуэщI зы Iуэху Къалмыкъым зэфIимыгъэкIами, дэ къыдбгъэдэкI фIыщIэм кIэ иIэкъым. Ди лъэпкъ щхьэхуитыныгъэм дапщэщи къыщхьэщыжа политикхэм ящыщащ ар. Ардзинбэ Владислав, нэгъуэщI политикхэм, щIэныгъэлI-экспертхэм я гъусэу абы иубзыхуащ ди лъэпкъыр зрикIуэну гъуэгур, ар конституцэ хабзэхэм тригъэувэу, ди зыужьыныгъэмрэ зэIузэпэщыгъэмрэ игъэнэхъапэу. Кавказым ис лъэпкъхэми, Урысейми, дуней псоми щызэлъащIысащ, ДАХ-м и президенту щыту, абы ЩIы хъурейм щикъухьа адыгэхэм зэрызахуигъэзар, щытыкIэ гугъум ихуа абхъазхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуну къыхуриджэу. Абы и псалъэм игъэпIейтеяуэ щытащ зэрыадыгэ дунейуэ. Абы иужькIэщ абхъазхэм я телъхьэу зауэм адыгэхэр къыщыхыхьауэ щытар. ЩIалэ куэд фронтым Iухьауэ щытащ, Къалмыкъым Налшык къыщызэригъэпэщауэ щыта апхуэдэ пэкIум икIри.

Куржы-абхъаз зауэр иуха нэужьи, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат къалэнхэр ирихьэкIыу, Къалмыкъ Юрэ мызэмытIэу къыщхьэщыжащ Абхъазым, хабзэм къемызэгъыу абы тралъхьа экономикэ къуэдыхэр трыригъэхыжыну. Бгырыс лъэпкъым къыхэкIа лIы нэсым и лъэбакъуэт абы ичар, Шэшэн зауэр яублэну къащта унафэр ядимыIыгъыу, и къулыкъу лъагэр къыщигъэнам щыгъуи. Абы ехьэлIа зы Iуэхугъуэ сигу къэзгъэкIыжынщ.

1995 гъэм накъыгъэм и 14-м сэ, Абхъаз телевиденэм и режиссер нэхъыщхьэ Гамгие Амиран си гъусэу, згъэхьэзырырт Къалмыкъ Юрэ и интервью. Ар республикэм щыхьэщIэрт, а махуэхэм зи илъэс 50-р зыгъэлъапIэ Ардзинбэ къригъэблэгъауэ. Гупыр дыздэщыIэр Новый Афон щыIэ къэрал дачэрт. Къалмыкъым гукъыдэж хъарзынэ иIэт, абы жэуап купщIафIэ икIи убгъуа къаритырт си упщIэхэм. Гу зэрылъыстати, политик цIэрыIуэр хуабжьу ирипIейтейрт Шэшэным щекIуэкIхэм. Абы хэкIыпIэу иIэу къилъытэр зыт: зауэр щыгъэтауэ политикэ IэмалхэмкIэ мамырыгъэм хуэкIуэжынырт. Эфирым папщIэ нэтыныр дгъэхьэзыра нэужь, Къалмыкъыр гупсэхуу къытхутепсэлъыхьыжащ зауэр щIидзэн ипэ Шэшэным кIуэуэ Дудаев Джохар зыхуигъэзауэ зэрыщытам. «Шэшэным, Кавказ псом а зауэм къахуихьынур сщIэрт сэ, арщхьэкIэ, си гугъуехьхэм зыри къикIакъым…» - гущIыхьэу жиIэрт абы. Тхыдэдж Анчабадзе Юрэ зэрыжиIауэ, Къалмыкъыр апхуэдизу жыжьэ плъэ политикти, дэтхэнэ Iуэхугъуэм зэрызиужьынури абы къикIынури ищIэрт. Апхуэдэ зэхэщIыкI куу зиIэ куэдрэ къахэкIыркъым политикхэм.

Ди зэIущIэм и кIэухыу Къалмыкъыр къызэлъэIуащ Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ Шинкубэ Багърэт хуэзгъэзэну. АбыкIэ хъыбар зэзгъэщIа Багърэт гукъыдэжышхуэ иIэу къыIущIащ икIи а тIур сыхьэтым щIигъукIэ тепсэлъыхьащ абхъаз, адыгэ тхыдэхэм, Кавказ щIыналъэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм. Шинкубэ Юрэ хуиIуэтащ и творческэ гурылъхэр. Лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэм фIыуэ щыгъуазэ Къалмыкъми тхакIуэ цIэрыIуэм чэнджэщ гуэрхэр иритырт, езым къыжриIэхэм ящыщи иIыгъ блокнотым иритхэрт. Гухэхъуэт а тIум, зыщыщ лъэпкъхэм я цIыхушхуитIым, я псалъэмакъым укIэлъыплъыну. Ар купщIафIэт, хьэлэмэтт, гупсысэщIэ куэд къыщыунэхурт.

Абхъаз лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэ куэдым апхуэдэу япыщIат Къалмыкъыр. Абы хужаIэ псалъэхэм ящыщт «нарт лъахэм и бын пажэ», «зи гум и нурымкIэ дунейр зыгъэнэху», «зи дамэпкъыр къытщIэзыгъакъуэ ди къуэш лъапIэ», н.къ.

Ди къалащхьэ Сыхъум и уэрамхэм ящыщ зым нобэ зэрехьэ а адыгэлI щэджащэм и цIэр. Ди мурадщ абы и фэеплъ сыни къалэм щыдгъэувыну. Къалмыкъ Юрэ иIэта лъэпкъ ныпыр зыIэпыдгъэхунукъым, мамырыгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ хуэгъэпсауэ щыта абы и гупсысэхэр нахуапIэ щIыным дыхущIэкъунщ.

**ЗАНТАРИЕ Владимир,**
*усакIуэ, публицист, тхыдэдж, Урысей щэнгъуазэхэмкIэ Академием щIыхь зиIэ и академик, «Абхъаз - Кавказ Ищхъэрэ» щэнхабзэ фондым и тхьэмадэ.*

# Акъылым и лъапсэ

**Тхыдэр зыгъэкIуатэр цIыхухэрщ. Куэд-мащIэми дэтхэнэ зыми абы и Iыхьэ хелъхьэ, дунейм зэрытет къудеймкIэ, арщхьэкIэ языныкъуэхэм я щыIэныгъэр тенджызым и зы ткIуэпсым хуэдэщ - мыхьэнэшхуэ иIэкъым. Адрейхэм я гъащIэм и дэтхэнэ махуэри куэдым гъуазэ яхуохъу. Иужьрейхэм, зи гъащIэри зи гуащIэри бэм япыщIауэ псэуахэм, ящыщщ Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр.**

ЩIЭНЫГЪЭЛI Iущым, политикышхуэм икIи жылагъуэ лэжьакIуэшхуэм и щIэин лъапIэхэм ящыщщ абы и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм щыгъуазэ защыхуэпщIкIэ, занщIэу зыхыбощIэ акъылышхуэмрэ гупсысэ куумрэ я лъапсэм узэрихьар. Апхуэдэщ Къалмыкъым и гукъэкIыжхэр щызэхуихьэсыжауэ щыта «ГъащIэм и къэгъэшыпIэхэр» тхылъыр. Ар зэрызэхэлъ Iыхьэхэри авторым тхуегъэнаIуэ: «ПарламентитIым. Зы Правительствэм. Лъэпкъ зэщIэхъееныгъэм». Тхылъым апхуэдизу узыIэпешэри, къыпфIощI ар зэ тIысыгъуэкIэ итхауэ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 80 гъэхэм я кIэухым - 90 гъэхэм я пэщIэдзэм ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм нэсу ущегъэгъуазэ тхылъым. Апхуэдэу хъуати, Къалмыкъыр езыр кууэ хэтащ а къэхъукъащIэхэм, а лъэхъэнэм и тхыдэр зытхахэм езыри щахэт щыIэу. Къэралым къыщыхъу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я курыкупсэм «щы-кIэрэхъуа» авторым зыхищIащ абы и фIыпIэхэри укъэзылыпщI и IеипIэхэри, Iэмали иIащ ахэр я щIыбкIи я кIуэцIкIи илъагъуну, иджыну.

Къалмыкъыр зытепсэлъыхьыж Iуэхугъуэхэр иджырей тхылъеджэхэм ящыщ куэдым фIыуэ зэращIэжым къыхэкIыу, абыхэм яфIэхьэлэмэту зэрагъапщэ политик Iущым жиIэжхэмрэ къэхъукъащIэхэр езыхэм къазэрыщыхъуамрэ. Апхуэдэуи абыхэм я пэжыпIэр наIуэ къохъу. Къинэмыщlауэ, авторым и дуней еплъыкIэр, гупсысэхэр, мурадхэр зэIухауэ къыщыгъэлъэгъуа а тхылъым Къалмыкъ Юрэ нэхъ гъунэгъуу уегъэцIыху, а адыгэлI нэсым армырами хуэтщIу щыта пщIэмрэ нэмысымрэ нэхъри лъагэ ещI.

И IэдакъэщIэкIым «ГъащIэм и къэгъэшыпIэхэр» зэрыфIищари хьэлэмэтщ. ЦIэрэ щхьэрэ зэригъэпэщауэ, и Iуэху дэкIыу, псэукIэ зэпIэзэрыт иIэу къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм языхэзым щылажьэ профессорым а къэгъэшыпIэхэм къыщыпэплъэрт зэрыхьзэрийрэ къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ гъэнщIа псэукIэ. Ар хэхуат къэралым щекIуэкI политикэм и архъуанэм и куууп Iэм.

Зэ еплъыгъуэкIэ къыпщохъу Къалмыкъыр политикэм зэрымыщIэкIэ хыхьауэ, арщхьэкIэ, укIэлъыплъыжмэ, гурыIуэгъуэ мэхъу ар езым гурэ псэкIэ къыхиха гъащIэ гъуэгуу зэрыщытыр. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэр зыхуэныкъуэ цIыхут ар, аращ ар тхыдэм утыкум къыщIришари. Къалмыкъ Юрэ хуэдэ политик лъэщхэр а зэманым къэрал властым хэмытамэ, жылагъуэр зыхуэкIуэнур гурыIуэгъуэт. Зи лъабжьэр игъащIэкIи къэмытIэсхъэну я гугъа совет властым и лъэкIыныгъэр иухарэ «демократ нэсу» зызылъытэж, къэрал мылъкур зэлъэфэлIэныр зи мурад нэхъыщхьэ бзаджащIэ гупхэм я къарур властыр къэщтэным нэсу хузэщIамыгъэуIуэфауэ - апхуэдэт а илъэсхэр. А зэман кIэщIым къэралым и жылагъуэ-политикэ утыкушхуэм къихьащ Къалмыкъым хуэдэ жыжьаплъэхэр, зи зэфIэкIри щIэныгъэри хэкум и зэпIэзэрытыныгъэр, и щыIэныгъэр хъумэным хуэзыгъэпса хэкупсэхэр. ИкIи куэдкIэ абыхэм я фIыгъэщ ди гъащIэм нобэкIэ хэт демократиемрэ либерализмэмрэ. Апхуэдэ еплъыкIэхэм я лъабжьэр къэралым щыгъэбыдэнымкIэ фIыщIэшхуэ бгъэдэлъщ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм Хабзэхэр зэхэлъхьэнымрэ хуитыныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIу а лъэхъэнэм щыта Къалмыкъ Юрэ. Абы иубзыхуауэ жыпIэ хъунущ иджырей Урысей Федерацэм и гъащIэм и лъабжьэ хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщ куэд.

А лэжьыгъэхэр зэрызэтраубла, зэфIэха зэрыхъуа псори и гукъэкIыж тхылъым къыщеIуэтэж Къалмыкъым. Абыхэм хухиха напэкIуэцIхэм тхылъыр хуабжьу купщIафIэ, гукъинэ ящI. «Властыр цIыхубэм я дежкIэ нэхъ зэIуха зэрыхъуным дыхущIэкъурт. Апхуэдэ дыдэ демократие мардэхэр яхуэдгъэувырт жылагъуэм и гъащIэр зэIузэпэщ зыщIыпхъэ къэрал IэнатIэ псоми», - жиIэрт Юрэ.

Совет Союзыр зэбгрыутIыпщыкIыжыным и бийуэ щытами, Къалмыкъым къыгурыIуэрт властыр зыIэщIэлъхэм ирагъэкIуэкI политикэмрэ къэралыр зэрыува тхыдэ щытыкIэмрэ зэрызэхуэмыкIуэр. «Ди къэрал унафэщIхэм къагурыIуэркъым хэкум щекIуэкI Iуэхугъуэхэр е, псори ящIэ, ауэ гулъытэ хуащIыну хуэмейуэ аращ», - итхырт абы, Горбачёв Михаил и IуэхущIафэхэм, къищтэ унафэхэм тепсэлъыхьу, абыхэм ткIиягърэ акъылыфIагърэ химылъагъуэу. Союзыр ипэкIэ зэрыщытам хуэдэу къэралыгъуэ лъэщ зэрымыхъужынур ищIэрт Къалмыкъым, арщхьэкIэ абы къимыщтэр а зэгухьэныгъэр зэбгрыщэщыжмэ, мылъкур щагуэшыжкIэ, абы хэт щIыналъэ нэхъ къарууфIэхэм «шхыIэныр езым я дежкIэ ялъэфу», адрейхэр зэрыхъу хъууэ къэнэну шынагъуэ зэрыщыIэрт. Совет лъэхъэнэ нэужьым къэхъуахэм къагъэлъэгъуащ Къалмыкъыр зытегузэвыхьа Iуэхугъуэхэм ящыщ куэд а зэманым къызэрыдэкIуар.

Политикым хэлъыпхъэ хьэлщэн нэхъыфIхэм ящыщщ къапщтэ унафэм кърикIуэнкIэ хъуну Iуэхугъуэхэр уи нэгу къыщIэбгъэхьэфу, абыхэм зэпэшэчауэ уегупсысыфу ущытыныр. Апхуэдэ фIыгъуэкIэ Тхьэр зыхуэупса хэкулIт Къалмыкъ Юрэ. Ар наIуэ къэхъуауэ щыташ лъэпкъ зэщIэхъееныгъэхэр къэралым щыщызэщIэплъа лъэхъэнэм. Езыр зыщыщ бгырыс лъэпкъхэм я гугъу пщIымэ, этнополитикэ щытыкIэр а илъэсхэм ткIий щыхъуат Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Шапсыгъым. А щIыпIэхэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъри хуейт езым и щхьэхуитыныгъэ иIэжыну. Псом хуэдэжтэкъым адыгэ лъэпкъ зэщIэхъееныгъэр. Абы щыгъуэми абы и пашэ хъуар Къалмыкъ Юрэщ - акъыл тIыса зиIэ цIыху зэпIэзэрытырщ, жыжьэ плъэф политикырщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ унафэщIу щыту, ар хущIэкъуащ лъэпкъ Iуэхур зэрызэтриублэным, пщтырагърэ гуащIагъ ямылейрэ хэмылъу.

Дэтхэнэ Iуэхуми сакъыу бгъэдыхьэ икIи апхуэдэ дыдэ унафэ тезыщIыхь политик IэкIуэлъакIуэм, хуей хъумэ, ткIиягъышхуэрэ лIыгъэшхуэрэ зэрыхэлъыр къыуигъащIэрт. Апхуэдэ быдагъэр абы мызэ-мытIэу дэтлъэгъуащ.

Апхуэдэт ар - и напэр и гъащIэм япэ изыгъэщу псэуа адыгэлIыр.

**АНЧАБАДЗЕ Юрий,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, РАН-м Этнологиемрэ антропологиемкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ, Абхъазым Москва щиIэ щэнхабзэ центрым и унафэщI.*



Саратов юридическэ институтым. *1972 гъэ*

# ЛIэщIыгъуэм и цIыху

**ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къэрал утыкум къихьа политик цIэрыIуэхэм ящыщщ ди лъэпкъэгъу щэджащэ Къалмыкъ Юрэ.**

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, УФ-м и Къэрал Думэм, ЮстицэмкIэ и министерствэм купщIафIэу къызэрыщыпсэлъауэ щытахэмкIэ къэралым и цIыху мелуанхэм я гум къинащ Къалмыкъ Юрэ. Хабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм я проектхэм щытепсэлъыхькIэ, псоми нэрылъагъу ящыхъурт Къалмыкъым хэлъ зэпIэзэрытагъыр, бгъэдэлъ щIэныгъэ куур, зытепсэлъыхьым нэсу зэрыхищIыкIыр икIи лъэныкъуэ псори зэпэшэчауэ Iуэхум зэрыбгъэдыхьэр. Апхуэдэу ар зэрыщытыр куэдрэ жаIэрт абы къыдэлэжьахэу Черномырдин Виктор, Степашин Сергей, Яковлев Вениамин, Нишанов Рафик, Крашенинников Павел, Куликов Анатолий сымэ, нэгъуэщIхэми. Къэралым и хабзэ нэхъыщхьэхэр зыубзыхуахэм я пашэу зэрыщытам къыдэкIуэу, абы и нэIэм щIэту гъэхьэзыра хъуащ юрист цIэрыIуэхэр, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэр, Урысей Федерацэ псор нобэ зэрыгушхуэхэри яхэту.

Зыщыщ лъэпкъым ифIри и Iейри зыхищIэу, и гуфIэгъуэр ядиIэтрэ и гуауэр ядигуэшу псэуащ Къалмыкъыр. Абхъаз Республикэм лъэпкъ зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта Соснэлы СулътIан жиIауэ щыташ: «Къалмыкъ Юрэ ипэжыпIэкIэ щыташ адыгэ, абхъаз лъэпкъхэм я джакIуэу икIи унэтIакIуэу, я пашэу икIи плъапIэу. Абы и пщIэ иныршщ, бгъэдэлъ зэхэщIыкI куурщ къэзыхьар зы тхыдэ лъабжьэ зиIэ бгырысхэр абхъаз лъэпкъ цIыкIум и къыщхьэщыжакIуэу увыныр. Аращ Абхъазым ядэIэпыкъуа гупым дзэпщ пэлъытэу яIар. Къалмыкъым и къыхуеджэныгъэм зэуIу ищIауэ щыташ зэшхэм я зэфIэкIыр, я къарур. Апхуэдэ зыхузэфIэкIа ди лъэпкъхэм иджыри къахэкIауэ сщIэркъым. Пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ, лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, цIыхугъэмрэ зэхэщIыкIымрэ я нэщэнэу ар бэм я гум куэдрэ илъынщ».

Апхуэдэ псалъэ дахэ куэд абы хужаIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыщ цIыху цIэрыIуэхэм. США-м щыпсэу ди лъэпкъэгъу Къэзан Яхья Юрэ и кхъащхьэм щыжиIауэ щыташ абы и лIэныгъэр адыгэу дунейм тетым ди хэщIыныгъэ ину зэрыщытыр.

Дэтхэнэ лъэпкъми иIэщ езыр зэрыгушхуэ икIи зэрыпагэ цIыхушхуэхэр, лIэщIыгъуэкIэрэ я тхыдэм хэмыкIыу. Адыгэхэм ди дежкIэ апхуэдэщ Къалмыкъ Юрэ.

**ТХЬЭГЪЭПСО Анатолэ,**
*журналист.*



**Къалмыкъ зэщхьэгъусэхэу Юрэрэ Октябринэрэ.** *1959 гъэ*

# Зи мурад псоми хунэмыса

**Ленинград къэрал университетым и юридическэ факультетым и 3-нэ курсым щеджэт Къалмыкъ Юрэ, сэ ар къыщысцIыхуам щыгъуэ. «Граждан хуитыныгъэ» предметымкIэ практикэ дерсхэр курсым щезыгъэкIуэкIри гупым и куратори сэрати, гу лъызмытэу къэнакъым а унэтIыныгъэм Юрэ хуабжьу зэрыдихьэхым. Зыхэс гупым а щIалэр къахэщырт и акъылым и жанагъымкIэ, жыджэрагъымкIэ, лэжьыгъэм хилъхьэ творчествэмкIэ.**

ЩIЭНЫГЪЭ зыщIэхъуэпс IэщIагъэмрэ зригъэгъуэту щалъхуа щIыналъэми гъэзэжами, сэ сщIэрт абы и гурылъ нэхъыщхьэр - щIэныгъэ-къэхутэныгъэм зетыныр - ауэ къызэримыгъэнэнур. Апхуэдэуи хъуащ: абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Саратов дэт юридическэ институтым, кандидат лэжьыгъэр, иужькIэ доктор диссертацэри итхащ. Псоми хуабжьу яфIэхьэлэмэтауэ щыташ абы и доктор лэжьыгъэр. Ар теухуат промышленнэ IуэхущIапIэхэр хозрасчетым хуэгъэкIуэным, абы пыщIа хуитыныгъэхэри зэпкърихат. И ныбжькIэ щIалэми, щIэныгъэлI акъылыфIэм и чэнджэщхэм куэд щIэдэIуат.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэми сэ куэдрэ срихьэлIащ Къалмыкъым икIи дапщэщи хуабжьу сыщыгуфIыкIырт абы зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэфIхэм, здынэс лъагапIэхэм. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм я ГЭК-м сыхэтти, оппоненту сызрагъэблагъэ юридическэ институтхэм ящыщт Саратов дэтри. Апхуэдэ къалэнхэр си пщэм илъу япэ дыдэ Саратов сыщыкIуам щыгъуэ Юрэ сигъэцIыхуауэ щыташ и бынунагъуэ дахэр. Сыту щхьэгъусэ телъыджэт икIи адэ гумащIэт ар! И пхъуищыр и псэм хэлъти, фIыщэу илъагъурт, и щхьэгъусэ Октябринэти - а тIум яку дэлъ пщIэмрэ нэмысымрэ удамыхьэхынкIэ Iэмал иIэтэкъым. ИужькIи зыбжанэрэ сыщыхьэщIащ Юрэ и унагъуэм. Дапщэщи ахэр къысхуэгуапэт, хьэщIагъэ ин къызахыу, пщIэшхуэ къысхуащIу. Зызгъэпсэхуауэ, апхуэдэ цIыху дахэхэм сазэрыбгъэдэсам гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къызатауэ си Iуэху иужь сихьэжырт.

80 гъэхэм я кIэухымрэ къыкIэлъыкIуэ илъэсхэмрэ къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэр зылъэмыIэса унагъуи цIыху щхьэхуи хэкум къинатэкъым. Къалмыкъ Юрэ и гъащIэри нэсу яхъуэжат абыхэм. Куэд щыгъуазэщ абы а лъэхъэнэм къэрал зыужьыныгъэм хилъхьа гуащIэшхуэм. СССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, ХъыбарегъащIэ процессхэмрэ технологиехэмкIэ дунейпсо академием и академик, юрист-цивилист лъэщ Къалмыкъ Юрэ зэи лэжьэфыртэкъым къару никъуэкIэ, зэфIэкI никъуэкIэ – зыпэрыт Iуэхум нэсу ирихьэлIэрт и гуи и пси. Апхуэдэущ ар политикэм зэрыхэтари.

ГъащIэм хуиIа мурад псоми хунэсакъым Къалмыкъыр. Иужь дыдэу абы сыщыхуэзар ди унэрщ. Профессор Яковлев Вениаминрэ абырэ Санкт-Петербург къэрал университетым и юридическэ факультетым нэкIуат, хеящIэ IэнатIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм дытепсэлъыхьыну. Пщыхьэщхьэм ахэр си деж нысхуеблэгъауэ щыташ. Юрэ гукъыдэжышхуэ иIэт, нэжэгужэт, дахэу гушыIэрт...

Апхуэдэущ ар си нэгум къызэрыщIэнар...
И ахърэтыр нэху ухъу!

**ЯКОВЛЕВЭ Валентинэ,**
*юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, Санкт-Петербург къэрал университетым и профессор.*



# Памяти Юрия Хамзатовича Калмыкова

**Ушел из жизни Юрий Хамзатович КАЛМЫКОВ - видный ученый-юрист и государственный деятель, человек высших принципов, мужественной гражданственности и светлой души.**

ВОСПИТАННИК известной ленинградской школы цивилистов, он многие годы всецело отдавал себя любимой науке и подготовке юристов в Саратовском юридическом институте. В сообществе ученых широко известны его научные труды. Его ученики работают по всей стране.

В конце восьмидесятых годов из академической среды профессор Ю. Х. Калмыков был вовлечен в самую гущу политической жизни. Как председатель Комитета по законодательству Верховного Совета СССР он вел огромную работу по обновлению законодательства, укреплению начал правового государства, вкладывая в этот труд высокий профессионализм. Многие из фундаментальных демократических законодательных актов прошли через ум и сердце Юрия Хамзатовича. Всю страсть ученого он вкладывал в свою родную стихию - гражданское законодательство. Сначала это были Основы гражданского законодательства и другие законодательные акты рыночной экономики. Затем это стал новый Гражданский кодекс Российской Федерации, одним из основных авторов которого был он.

В качестве заместителя председателя Совета исследовательского центра частного права при Президенте Российской Федерации, где разрабатывался Гражданский кодекс депутата Государственной Думы, министра юстиции Ю. Х. Калмыков сделал все возможное, чтобы страна обрела свою «экономическую конституцию».

Возглавляя Министерство юстиции России, Юрий Хамзатович последовательно решал две главные задачи - законотворчества и судебной реформы, сочетая волю руководителя и мудрость ученого.

Внезапная смерть прервала взятое им на себя трудное дело подготовки юристов высшей квалификации в Российской школе частного права, ректором и ведущим профессором которой он был.

В памяти всех знавших Юрия Хамзатовича Калмыкова он останется человеком богатого природного дарования и большой доброты.

***Б. Н. Ельцин, В. С. Черномырдин, С. С. Алексеев, М. И. Брагинский, В. В. Витрянский, Г. Д. Голубов, В. А. Дозорцев, В. А. Ковалев, М. А. Краснов, В. М. Лебедев, А. И. Лукьянов, А. Л. Маковский, А. Е. Себенцов, Н. Ю. Сергеева, Ю. И. Скуратов, С. В. Степашин, Е. А. Суханов, В. А. Туманов, И. Г. Цыганенко, А. Б. Чубайс, С. М. Шахрай, Б. С. Эбзеев, М. К. Юков, В. Ф. Яковлев.***

*«Российская газета», 1997, 18 января*



**Дэтщ Черкесск къалэм Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ сын.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Адыгэ лъэпкъым и цIыху щэджащэ

**УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр ящыщщ Урысей Федерацэм и иджырей тхыдэм лъэужь ин къыщызыгъэна хэкулIхэм. Алыдж IуэрыIуатэм и лIыхъужь Прометей зэрихьауэ щыта лIыхъужьыгъэм хуэдэщ Къалмыкъ Юрэ къэрал политикэм щигъэзэщIа къалэныр: щIэныгъэм, зэхэщIыкI куум, псэ хуабагъэм я нэхур цIыхубэм яхуихьащ, и гущIэм кърихыурэ. Абы бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэр, хэлъа псэкупсэ къулеягъыр, жыпIэнурамэ, иджыри нэсу наIуэ къэхъуфакъым, апхуэдизу ахэр лъащIэншэщ, гъунапкъэншэщи.**

ГЪАЩIЭ купщIафIэ икIи Iуэхугъуэ инхэмкIэ гъэнщIа къиикIуащ Къалмыкъ Юрэ. Ар 1934 гъэм щIышылэм и 1-м къыщалъхуащ Шэрджэс автономнэ областым хыхьэ Хьэбэз куейм и Абазакт къуажэм. Я жылэм дэт курыт школыр, иужькIэ областной медицинэ еджапIэр фIы дыдэу къиухри, Калининым и цIэр зезыхьэ Ленинград юридическэ институтым 1952 гъэм щIэтIысхьащ. 1954-1957 гъэхэм еджэным щыпищащ Ждановым и цIэр зезыхьэ Ленинград къэрал университетым юристхэр щагъэхьэзыр и факультетым. Ар ехъулIэныгъэхэр иIэу 1957 гъэм къиуха нэужь, абы игъэзэжащ къыщалъхуа и хэкум - Къэрэшей-Шэрджэсым. Ар япэщIыкIэ стажеру, иужькIэ цIыхубэ судыщIэу щылэжьащ Хьэбэз куейм. IэщIагъэлI щIалэм а лъэхъэнэм зыкъигъэлъэгъуащ щIэныгъэ куу, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ лэжьакIуэу, хабзэм пщIэ хуэзыщI, абы зы бжьизкIи къытемыкI юрист IэкIуэлъакIуэу. Хабзэм фIэкIа нэгъуэщI захуагъэ зэрыщымыIэм и телъхьэ апхуэдэ лэжьэкIэ ткIийр куэдым ягу ирихьыртэкъым. Къулыкъу «дэкIуеипIэм» псынщIэу икIи тыншу «дэжейхэри» властым хуэIурыщIэхэр арауэ зэрыщытыр къыгурыIуэми, Къалмыкъыр и Iуэху зехьэкIэ мардэм къыпхутешыну IэщIагъэлIхэм ящыщтэкъым. «Уи Хэку бегъыбар зэрыщымыIэр» хьэкъыу зыпхыкIа цIыху губзыгъэр а зэманым иужь ихьащ и хъуэпсапIэр зригъэхъулIэну: щIэныгъэм зриту абы и лъахэм и лъэкIыгъэ псори наIуэ щищIыну.

Саратов дэт юридическэ институтым и аспирантурэм щыщIэса илъэсхэр (1959-1962) Къалмыкъ Юрэ и дежкIэ хъуащ и Iуэху еплъыкIэхэм я лъабжьэр щигъэбыда лъэхъэнэ. ГъащIэм хэлъ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр и тегъэщIапIэу абы иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр щызэхуихьэсыжащ и япэ щIэныгъэ лэжьыгъэм - кандидат диссертацэм. Ар Къалмыкъым ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ 1963 гъэм. Куэд дэмыкIыу абы игъэхьэзыращ и доктор лэжьыгъэри. 1971 гъэм утыку кърихьа а диссертацэм пщIэшхуэ щигъуэтащ щIэныгъэ дунейм. Абы къыщыщIэдзауэ ар ялъытэу хуежьащ зэфIэкIышхуэ, щIэныгъэ куу, еплъыкIэ гъуэзэджэ зиIэ юрист-цивилисту.

ЗэфIих щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм къадэкIуэу Къалмыкъ Юрэ пэрытт егъэджэныгъэ IэнатIэми. Аспирантурэм щыщIэса япэ илъэсхэм щегъэжьауэ ар кафедрэм щылэжьащ, студентхэр иригъаджэу. ЩIэныгъэлIым нэсу икIуащ еджапIэ нэхъыщхьэм и IэщIагъэлIхэм я гъуэгур: ассистент, егъэджакIуэ нэхъыщхьэ, доцент, профессор. 1968 гъэм, и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирикъуа къудейуэ, Къалмыкъ Юрэ дзыхь лъагэ къыхуащIащ: ар ягъэуващ къэралым юристхэр щагъэхьэзыру иIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу нэхъ пашэхэм халъытэ Саратов юридическэ институтым граждан хуитыныгъэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу. Апхуэдэ гулъытэ лъагэр Къалмыкъым хуэфащэ дыдэт. Ар абы къихьат бгъэдэлъ щIэныгъэ куумкIэ, илэжь Iуэхугъуэ купщIафIэхэмкIэ. НыбжькIэ щIалэми, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ адыгэ щIалэр ящыщ хъуат а лъэхъэнэм къэралпсо, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэу щыта профессор вагъуэбэм: щIэныгъэлI щэджащэхэу Грибанов Виниамин (Москва къэрал университет), Иоффе Олимпиад (Ленинград къэрал университет), Красавчиков Октябрь (Свердловск юридическэ институт), Басин Юрий (Къэзахъ къэрал университет), Ойгензихт Виктор (Таджик къэрал университет).

Саратов дэт университетым и профессору, кафедрэм и унафэщIу Къалмыкъ Юрэ лэжьащ илъэс 20-м щIигъукIэ - СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату хахыхункIэ. Егъэджэныгъэм щыпэрыта а илъэсхэм къриубыдэу IэщIагъэлI щэджащэм и нэIэм щIэту гъэхьэзыра хъуащ щIэныгъэхэм я кандидатрэ доктору пщIы бжыгъэхэр, жыпIэнурамэ, абы езым и щIэныгъэ школ къызэригъэпэщакIэт.

УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым Къалмыкъым бгъэдэлъа зэчиишхуэр, апхуэдэу ирихьэкI лэжьыгъэм хуиIэ гукъыдэжышхуэр. КъэхутакIуэ емызэшым, щIэныгъэлI щэджащэм и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэм уатепсэлъыхьмэ, ахэр куэд дыдэ мэхъу: абы игъэхьэзыращ монографиеу 10, щIэныгъэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэу 200-м щIигъу. Ахэр ятеухуащ уней мылъкум, граждан зэхущытыкIэхэм, псэупIэ, унагъуэ Iуэхухэм ехьэлIа хуитыныгъэхэм. Къалмыкъ Юрэ и редакцэм щIэту Саратов 1991, 1995 гъэхэм къыщыдэкIащ граждан хуитыныгъэмкIэ зэреджэ тхылъ, томитI хъууэ.

ЩIэныгъэлI щыпкъэм, егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм 1989 гъэм дзыхь лъагэ къыхуащIащ: ар хахащ СССР-м и цIыхубэ депутату. Апхуэдэ гулъытэ лъагэрэ пщIэ инрэ къызэрыхуащIам папщIэ фIыщIэ ин ищIу, Къалмыкъ Юрэ мурад ещI игурэ и псэрэ етауэ цIыхубэм яхуэлэжьэну, абыхэм яфI къызэрыкIын, я псэукIэр езыгъэфIэкIуэн Iуэхугъуэхэр къэрал утыкум щыпхыгъэкIыным къарууэ иIэр ирихьэлIэну. Абы бгъэдэлъ гъунапкъэншэ зэфIэкI псори наIуэ къэхъуащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм Хабзэмрэ хуитыныгъэмкIэ и комитетым щыхагъэхьам щыгъуэ. 1990 гъэм и гъатхэпэм къыщыщIэдзауэ Къалмыкъыр ягъэуващ а комитетым и унафэщIу. Ар и пашэу иужькIэ къызэрагъэпэщащ СССР-м щызекIуэ хабзэхэр убзыхуным елэжь гуп хэха. Къалмыкъым и нэIэ щIэту а зэманым ягъэхьэзырауэ икIи Совет Нэхъыщхьэм къащтауэ щытащ къэрал зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хабзэ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «СССР-м щыIэ конституцэ кIэлъыплъыныгъэм теухуауэ» (1989), «ЦIыхубэ IэIэтым (референдумым) теухуауэ» (1990), нэгъуэщIхэри. А лъэхъэнэм къыдэлэжьахэм зэрыжаIэжымкIэ, хабзэм и дэтхэнэ псалъэри цIыхухэм къыгурыIуэн, ар бэм яхуэлажьэу щытын папщIэ, Юрэ лъэкI къигъэнакъым, игури и псэри етауэ, и творческэ къару псори, дапщэщи хуэдэу, зыпэрыт, мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум хуигъэпсауэщ абы и пщэрылъхэр зэрызэфIихар. Къалмыкъ Юрэ бгъэдэлъ фIыщIэ инхэм ящыщщ ар хэту ягъэхьэзырауэ икIи къащтауэ щыта «Урысей Федерацэм и граждан кодексыр». А дэфтэрыщIэр и купщIэкIи и мыхьэнэкIи къыщхьэщыкIырт япэрей апхуэдэ кодексхэм, ар тещIыхьащ къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм, игъуэта статусым, лъэхъэнэщIэм къыдэкIуа нэгъуэщI IуэхугъуэщIэхэми.

Зи къэралыр, щалъхуа щIыналъэр фIыуэ зылъагъу а хэкупсэм и къару куэд ирихьэлIащ къызыхэкIа лъэпкъым и зыужьыныгъэм. Ар щытащ адыгэхэм я япэ лъэпкъпсо зэгухьэныгъэм – Дунейпсо Адыгэ Хасэм – и япэ тхьэмадэу. ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ, псэкупсэ къулеягъышхуэ зиIэ абы лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм Урысей Федерацэм къыхуаIэ щытыкIэмрэ гупсысэхэмрэ фIы и лъэныкъуэкIэ зарigъэхъуэжын папщIэ.

IэнатIэфIрэ къулыкъу лъагэрэ зыIэрыгъэхьэным зэфIэкI псори езыхьэлIэу щIэбэна цIыхухэм зэи ящыщакъым Къалмыкъыр. Абы гъащIэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ псори, къищтэфа дэтхэнэ лъагапIэри езым бгъэдэлъ зэчий лъагэкIэ, щIэныгъэ куукIэ, акъыл гъунапкъэншэрэ гупсысэ шэщIакIэ къихьащ. Апхуэдэу щыт цыхурт къэралым и къулыкъу нэхъ лъагэхэм ящыщ зы - УФ-м юстицэмкIэ и министр - а лъэхъэнэм дзыхь зыхуащIыфынур.

Апхуэдэ къулыкъу лъагэ, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэ куэд пщэрылъ къыхуащIащ Къалмыкъым. Ар Конституцэ зэхуэсым УФ-м и Президентым и лIыкIуэу, УФ-м и Къэрал Думэм и депутату щытащ, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и Советым и коррупцэм пэщIэтынымкIэ и комиссэ хэхам, Шэшэным и IуэхухэмкIэ Стокгольм къыщызэрагъэпэщауэ щыта дунейпсо трибуналым хэтащ, Уней хуитыныгъэмкIэ Урысей школым и ректору лэжьащ, н.къ. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, сыт хуэдэ къалэнхэр пщэрылъ къыщащIами, ахэр Къалмыкъ Юрэ ирихьэкIащ пщIэрэ щIыхьрэ пылъу, иригъэфIакIуэу, къэралым и зыужьыныгъэм, зыузэщIыныгъэм и IуэхущIафэ псори хуигъэпсу.

Си фIэщ мэхъу: Къалмыкъ Юрэ цIыху насыпыфIэу зилъытэжащ, сыту жыпIэмэ, щIэныгъэ дунеймрэ къэрал, политикэ, жылагъуэ IэнатIэхэмрэ щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм къадэкIуэу, унагъуэ дахэм и нэхъыжьти, ныбжьэгъуфIкIэ къулейти. Абы и щхьэгъусэ Октябринэ лъэкI къигъэнакъым щIэныгъэлI цIэрыIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ Къалмыкъ Юрэ и щIэиныр цIыхубэм ялъэIэсын папщIэ.

Дунейм тетыну зэманышхуэ къыхуиухатэкъым Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэм – илъэс 63-рэ къудейт. Зэ еплъыгъуэкIэ ар мащIэ дыдэщ, арщхьэкIэ, абы къриубыдэу Къалмыкъым хузэфIэкIа лэжьыгъэхэр, къиикIуа гъуэгуанэ купщIафIэр уи нэгу къыщIэувэмэ, ар мэхъу лIэщIыгъуэ псо хуэдиз. ПщIэм, щIыхьым, цIыхугъэ лъагэм дыхуэзыущий зэману Къалмыкъ Юрэ и лIэщIыгъуэкIэ узэджэ хъуну Iыхьэшхуэщ ар. А цIыху щэджащэм и щапхъэм иджыри щIапыкIынщ щIэблэ куэд.

**ПСЫХЭМЫХЬЭ Мусэ,**
*тхакIуэ, усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ. КъШР*

# Си гукъэкІыжхэр куэд мэхъу

**Юрэрэ сэрэ дызэрызэдэпсэуа илъэс 36-р зы махуэм хуэдэу блэлъэтащ, апхуэдизу ахэр Іуэхугъуэ куэдкІэ гъэнщІат, купщІафІэт икІи хьэлэмэтти. ДэтІури юрист ІэщІагъэм дыхуеджати, унагъуэм илъ Іуэхухэм, сабийхэм, абыхэм къащІэхъуэ щІэблэ ІэфІым япыщІам нэмыщІ, дызытепсэлъыхь, дыдэзыхьэх куэд диІэт. Юрэ щІэныгъэлІт, политикт, жылагъуэ лэжьакІуэ емызэшт, сэ практикэм нэхъыбэу зестауэ си ІэщІагъэм срилажьэрт. Сыт хуэдэ зэманми си щхьэгъусэр схуэхъурт чэнджэщэгъу, унэтІакІуэ, ныбжьэгъу пэж.**

КУЭД мэхъу Юрэ епха си гукъэкІыжхэр. Ахэр ехьэлІащ абы и гъащІэ псом: и сабиигъуэм къыщыщІэдзауэ дунейм ехыжыху...

И ныбжьыр илъэс 13-м нэса къудейуэ абы и анэр дунейм ехыжащ. Абы къыщыщІидзащ абы и щхьэ зыхуей хуигъэзэжыныр. АдэфІи иІащ Юрэ. Ари, и анэм хуэдэу, школым щылэжьащ егъэджакІуэу. Унагъуэм библиотекэ бэлыхь яІэт, нэхъыжьхэм зэрагъэпэщауэ. Школым, нэгъуэщІ къалэнхэм къыщыдэхуэ зэман псори Юрэ тригъэкІуадэрт тхылъ еджэным.

Курыт школыр къиуха нэужь, и адэм и чэнджэщкІэ Юрэ щеджащ Черкесск дэт медучилищэм, ауэ иужькІэ юриспруденцэм дихьэхри, и гъащІэ псор абы тыхь хуищІащ. Гурэ псэкІэ къыхиха а гъуэгум абы ехъулІэныгъэфІхэр щызыІэригъэхьащ, ауэ гугъуехь мымащІэхэри щишэчащ. Илъэс 38-рэ фІэкІа иримыкъуауэ щІэныгъэм я доктор, кафедрэм и профессор, абы и пашэ Юрэ зэрыхъуар куэдым ягу техуэртэкъым икІи лъэпощхьэпохэр къыпагъэтІылъыну хущІэкъурт. Апхуэдэхэм деж псалъэмакъ мышухэм зыдригъэхьэхыртэкъым Юрэ, атІэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэм зритырти, монографиещІэм елэжьырт. КъызэрысщыхъумкІэ, апхуэдэ щІыкІэкІэ абы зихъумэжырт.

Саратов дыщыдэса илъэсхэр гъэщІэгъуэнт икІи купщІафІэт. ЯпэщІыкІэ тІури дыеджакІуэт (сэ - сыстудентт, Юрэ - аспирантт). ЩІэныгъэрэ ІэщІагъэрэ зэдгъэгъуэта нэужь, унагъуэ тэмэм дыхъуащ, ди бын цІыкІухэри ди закъуэ тпІащ, ди Іыхьлыхэр-благъэхэр зэрытпэжыжьэм къыхэкІыу дэІэпыкъуэгъу къытхуэмыхъуфу. Ауэ щыхъукІэ, Юрэ дапщэщи хэтащ щІэныгъэ зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, нэгъуэщІ къалэхэм щыкІуэр нэхъыбэу, абыхэм доклад купщІафІэхэр щищІырт. ГЭК-м и унафэщІуи, оппонентуи куэдрэ щытащ.

НэгъуэщІым и гуауэр езым ей дыдэм хуэдэу зыхищІэрт Юрэ. Апхуэдэ дыдэу щыгуфІыкІырт зыгуэрым и ехъулІэныгъэм. Хуабжьу фІэфІт ди унагъуэм хьэщІэ къыщихьэр. Сыт хуэдэу ныбжьэгъуфІ куэд иІа абы а зэманым. ЕхъулІэныгъэфІхэмрэ мурадыфІхэмрэ диІэу етхьэкІащ а лъэхъэнэр, щІалэгъуэмрэ гугъапІэхэмрэ я зэман ІэфІыр.



Къалмыкъ Юрэрэ и щхьэгъусэ Октябринэрэ.

1989 гъэм Юрэ хахащ СССР-м и цІыхубэ депутату. Парт лэжьакІуэшхуэхэм, Саратов дэт ІуэхущІапІэ ехьэжьахэм я унафэщІхэм япэ ищат университет егъэджакІуэр. Куэдым къалъытэрт а текІуэныгъэр административнэ-унафэщІ ІэнатІэ псор хэзыгъэщІа ехъулІэныгъэ лъагэу. Махуэ зыбжанэкІэ увыІатэкъым ди унэ телефоным и къеуэ макъыр, апхуэдизу цІыху куэд абы къехъуэхъурти. Абыхэм яхэтт студентхэр, ныбжьэгъухэр, къыдэлажьэхэр, къэзымыцІыхухэхэри.

Депутат лэжьыгъэм хыхьа, итІанэ УФ-м ЮстицэмкІэ и министерствэм ягъэкІуа нэужь, Юрэ зигъэпсэхунуи унагъуэм къытхэсынуи зэман къыхудэгъахуэртэкъым. Псом нэхърэ нэхъ сыщІэгузавэрати, ар езыр зыщысхьыжыртэкъым, и узыншагъэм кІэлъыплъыжыртэкъым. Жэщ-махуэ имыІэу ар лажьэрт, псэху имыІэу. Дохутырхэм я деж кІуэн и жагъуэти, сэ хущхъуэ къыхуэсхьу арат. Хущхъуэ ефэныр иухамэ - узри къэгъазэ имыІэу щхьэщыкІауэ къилъытэрт. «Алыхьым дэтхэнэ зыми гъуэгу щхьэхуэ тхухихащ, къалэн хэхахэр пщэрылъ къытхуищІащ, илъэс бжыгъэ гуэр дунейм дытетыну къыдитащи, абы тхухихам зыри дыфІэкІынукъым. Щхьэж и гъащІэр и натІэм къритхащ», - жиІэрейт Юрэ.

ЦІыху псэ къабзэу, и акъылымрэ и къарумрэ къимыхьауэ зы соми зыкІэримыгъапщІэу, и фейдэ зэи мылъыхъуэу гъащІэр ирихьэкІащ Юрэ. Ди бынхэри апхуэдэ къабзагъэм, пэжыгъэм щІэтпІыкІащ.

Сыбзылъхугъэ насыпыфІэу зызолъытэж сэ, апхуэдэ щхьэгъусэ пэж, цІыху псэ къабзэ гъащІэм сызэрыщрихьэлІам, сызэрыдэпсэуам щхьэкІэ. БлэкІа зэманым иту Юрэ сытепсэлъыхьынуи хуабжьу къызохьэлъэкІ, сыту жыпІэмэ, ар дэ унагъуэм иджыри тщІыгъущ и псалъэхэмкІэ, гупсысэхэмкІэ, чэнджэщхэмкІэ.

**КЪАЛМЫКЪ Октябринэ.**

# Лъэпкъ Іуэхумрэ демократиемрэ

**СССР-м хэта республикэхэм мы зэманым щымащІэкъым зэпэщІэувэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщыхъу щІыпІэхэр. Псом хуэмыдэу уегъэпІейтей Кавказ Ищхъэрэм щыщыІэ щытыкІэ ткІийм. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар къишащ 90 гъэхэм я пэщІэдзэ дыдэм къэралым а щІыналъэм щригъэкІуэкІа политикэм щыуагъэ куэд зэрыхэлъам.**

АПХУЭДЭТ, псалъэм папщІэ, Абхъазым дзэ ишэным теухуауэ Куржым и Къэрал Советым къищта унафэм ди къэрал властыр зыІэщІэлъхэр зэрыІущІа щІыкІэр. Абыхэм ящІэн икІи къагурыІуэн хуеящ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэр къуэш пэлъытэу ябж абхъазхэм я телъхьэу къызэрыувынур. А щыуагъэм къишащ куржы-абхъаз зэпэщІэувэныгъэр кІыхь зэрыхъуари, адыгэ щІалэ куэд, апхуэдэу нэгъуэщІ бгырыс лъэпкъхэм, къэзакъхэм ящыщхэри, а зауэм зэрыхыхьари. Политикхэр зэгурымыІуэмэ, зауэм Іухьэхэми абы хэкІуадэхэми я бжыгъэр нэхъыбэж хъууэрэ екІуэкІынущ.

Лъэпкъ Іуэхухэм ехьэлІа унафэхэр пщІы хъунукъым, цІыхубэм я жыІэм уедаІуэ хуэдэурэ (популист Іэмалхэр къэбгъэсэбэпурэ). ГурыІуэгъуэтэкъэ, Ингуш Республикэр къэунэхуауэ зэрыжаІэу, абы и гъунапкъэхэм теухуа къаугъэ къызэрыхъунур? ЩытыкІэм хуэфащэ гулъытэ хуэмыщІыныр зи Іуэху зехьэкІэ мардэу щыт къэрал унафэщІхэм я зэранкІэ лъыгъажэ къыдэхъуащ Ингушымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я зэхуакум.

Емыгупсысауэ яча лъэбакъуэм - Щэныбэ Юрэ зэраубыдам - къишащ махуэ 11-кІэ Налшык щызэхэта пэкІур. Адыгэ лъэпкъым и конгрессыр мыхъуатэмэ, ар лъыгъажэ зауэм хуэкІуэнкІэ хъунут. Абы щыгъуэми центрым дзэ зэщІэузэдахэр къргъэкІа мыхъумэ, нэгъуэщІ зы унафэ щхьэпи къикІакъым.

Апхуэдэ щыуагъэхэр къэкІуэну зэпэщІэувэныгъэхэм я жылэхэр щыхасэ Іуэху зехьэкІэ мэхъу.

Лъэпкъ Іуэхур къэрал политикэм мыхьэнэшхуэ щетын хуей унэтІыныгъэ щхьэхуэщ. Ар Іуэху къызэрыгуэкІыу зэрыщымытыр къагъэлъагъуэ Кавказ Ищхъэрэм мы зэманым щекІуэкІ зэпэщІэувэныгъэхэм. А «дэ цІыкІур» апхуэдизу зэрыбыдэр, дэтхэнэ политикым и «дзэми игъэщэщэфыну» зэрыщымытыр нэрылъагъу дыдэ къэхъуащ иужьрей лъэхъэнэм.

ЩытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэлэжьэнут лъэпкъхэм я зыужьыныгъэм хуэгъэпса программэ щхьэхуэхэр, щІэныгъэр зи лъабжьэ лъэпкъ политикэ губзыгъэ къэралым щыубзыхуауэ щытамэ. Ауэ щыхъукІэ, зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым лъэпкъ псори: нэхъ инхэри зи цІыху бжыгъэкІэ нэхъ мащІэхэри - къэралым и дежкІэ зэрызэхуэдэр. И къалэнхэм дэщІыгъуу, дэтхэнэ лъэпкъми и хуитыныгъэхэри наІуэу ищІэжын хуейщ, ар я щэнхабзэм, тхыдэм е я щІыналъэ гъунапкъэм епхауи ирехъу.

Лъэпкъ политикэм ехьэлІа апхуэдэ программэр щызэхалъхьэкІэ, Іуэхум Іэмал имыІэу хэтын хуейщ къэралышхуэр зэрызэхэувэ субъектхэм я лІыкІуэхэр. ЗыгуэркІэ зэгурымыІуэ къыхэкІми, ар гъэтэмэмын хуейщ, лъэпкъхэм я хуитыныгъэм ехьэлІауэ щыІэ дунейпсо мардэхэм изагъэу.

**КЪАЛМЫКЪ Юрэ,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор.*
*(1992 гъэм щэкІуэгъуэм и 12-м къыдэкІа «Независимая газета»-м къытрадза тхыгъэм щыщ Іыхьэ).*

**● Къалмыкъ Юрэ жиІащ**

# Лъабжьэ быдэ

1. **Хабзэмрэ** хуитыныгъэмрэ зи лъабжьэ быдэ къэралыгъуэ бухуэн папщІэ, нэхъ мащІэ дыдэрауэ, Іуэхугъуищ щыІэн хуейщ.

*Япэрауэ,* тэмэму, къызыхуэтыншэу зэтеублауэ щытын хуейщ властым и демократие механизмыр. Ар ехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу нэсу хуэлэжьэн хуейщ демократиер щытепщэ жылагъуэм.

*ЕтІуанэрауэ,* сыт хуэдэ хабзэ екІухэр щымыІэми, къэралыр зэи зэфІэувэнукъым, ахэр псоми зэхуэдэу ямыгъэзащІэмэ - властым и щхьэкІэ дыдэм къыщыщІэдзауэ цІыху къызэрыгуэкІым нэсыху.

*Ещанэрауэ,* къэралым и унафэр зыІэщІэлъхэм къагурыІуэн хуейщ хабзэхэр зыхуатхахэм езыхэри зэрахэтыр, ахэр нэгъуэщІхэм щхьэкІэ къызэрамыгупсысар. Апхуэдэ гупсысэкІэм щыуагъэшхуэхэм къэралыр хуимышэнкІэ Іэмал иІэкъым.

2. **Пхэлъ** цІыхугъэр пфІэмыкІуэдыным дапщэщи ухуэсакъын хуейщ. Политикэр, адрей и мыхьэнэ псоми къадэкІуэу, ІэмалыфІщ уи хьэл-щэным и быдагъыр кърипщІэну.

3. **Хабзэр** зэи гъэзэщІа хъунукъым: *япэрауэ*, ар къызыхуэтыншэу зэхэгъэувауэ, зэпэщІэуэныгъэ имыІэу, нэтхысауэ щымытмэ; *етІуанэрауэ*, сыт хуэдэу фІыуэ зэхэмылъхьами, цІыхубэм ар къимыщтэмэ; *ещанэрауэ*, къэралым унафэ ткІий имылърэ щхьэж зыхуейр щищІэу екІуэкІмэ. Хабзэм и фІагъыр зыкъомкІэ зэлъытар абы и проектым гумызагъэу, жэуаплыныгъэр зыхащІэу зэрелэжьа щІыкІэрщ.

4. **Адыгэ хабзэр** - ар адыгэм и дуней тетыкІэр къанэ щымыІэу зыубзыху Іуэхугъуэщ. Абы щыубзыхуащ цІыхур къыщалъхуам деж къыщыщІэдзауэ лІэжыху зэрыпсэуну хабзэхэр.

ЛІэщІыгъуэкІэрэ зэхалъхьащ ар икІи дэтхэнэ адыгэми и гъащІэм увыпІэшхуэ щеубыд. Ди лъэпкъым къикІуащ тхыдэ гъуэгуанэ кІыхь. Абы къриубыдэу дэ зыбжанэрэ тхъуэжащ къыддэгъуэгурыкІуа динри: япэщІыкІэ зетхьащ мажусий диныр, абы къыкІэлъыкІуащ чристэныр, нэхъ иужьыІуэкІэ къэтщтащ муслъымэныгъэр. Лъэпкъым зэрихьэ диныр ихъуэжами, зызымыхъуэжу абы дапщэщи иІа фІыгъуэхэм ящыщщ адыгэ хабзэр. Хуитыныгъэр зыгъэнэхъапэу еса бгырыс лъэпкъым иІыгъ диным елъытауэ зэуэ зихъуэжыфыртэкъым - фІэщхъуныгъэм нэхърэ имыгъэнэхъ лъахъшэу абы дапщэщи зэрихьэжащ и лъэпкъ хабзэр.

5. **Пасэрей адыгэхэм** тхыбзэ димыІауэ жаІэ, арщхьэкІэ абы щхьэкІэ къэнакъым ди лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэрэ лІэщІыгъуэхэм кІуэцІрытхыфын, къытщІэхъуэ щІэблэхэр абыхэм щІэтпІыкІын. Сэ сщІэркъым нэгъуэщІ зы лъэпкъ гуэри щыІэу тхыгъэншэу и хабзэхэр апхуэдэу ихъумэфауэ.

КъызэрыщІэкІымкІэ, цІыхур жылагъуэм щытепщэ хабзэ хэхам игъасэу аращ. Апхуэдэщ ди дежкІэ адыгэ хабзэр. Дуней псом щикъухьа адыгэхэр ноби дызэзышэлІэф, зы дызыщІыжыф къару лъэщщ ар.

# Тхыдэм дызыхуиущийр

**Адыгэм ди тхыдэр гуауэщхьэуэу илъэсищэрэ тIощIым щIигъуауэ зэрызэкIэлъыкIуэм сыщегупсыскIэ, си нэгу къыщIызогъэхьэ дуней псом щызэкIэщIэдза си лъэпкъыр я Хэкум щызэхуэсыжу зы къэралыгъуэ щыхъужыну лъэхъэнэр. Апхуэдэ къабзэу си нэгу къыщIызогъэхьэ ди анэдэлъхубзэмкIэ къэрал Iуэху зетхьэжу, ди тхылъхэр зедгъакIуэу, зэхуэс хъурэ дызэхыхьэмэ ардыдэмкIэ псори дызэгурыIуэу...**

ДЭ КУЭДРЭ дытопсэлъыхь адыгэ лъэпкъым дяпэкIэ зэрызиужьыжыну, абы и щIыналъэ зэригъуэтыжыну Iуэхугъуэхэм. Сэ зыкъэсщтэжынщи, «Черкес лъэпкъхэр» щыжаIэкIэ, сэ абы къызгъэкIыр адыгэхэм я закъуэкъым, атIэ тхыдэм зэригъэуваращи, абы къызэщIызогъэубыдэ абазэхэри, абхъазхэри, зы тхыдэкIэ, зылъкIэ, зы къупщхьэкIэ зи къежьапIэр зэтехуэ псори. АтIэ «адыгагъэ», «адыгэ нэмыс», «адыгэ хабзэ» щыжаIэкIэ, ди анэдэлъхубзэкIэ абыхэм къикIыр дызэрыгушхуэ, дызэрыпагэ, нэгъуэщI лъэпкъхэми къуэшыгъэрэ ныбжьэгъугъэрэ зэрахудиIэ щIыкIэ нэхъыфIхэращ.

Политикэ и лъэныкъуэкIэ ди лъэпкъхэм я Iуэхур мы зэман дыдэм къэсщтэнщи, къызэфIэдгъэкIын, зэдгъэхъулIэн хуей къалэн мащIэфащIэ къытпэплъэркъым. Ауэ, сыт хуэдэ Iуэхугъуэм иужь димыхьэми, дауи, нэхъыфIт щыхуейми-щыхуэмейми политикэм дыхыхьэу, фейдэ гуэри абы къыдимыту, гуэбэну зедмыгъэукIмэ. Сэ апхуэдэу щIыжысIэр щхьэусыгъуэншэкъым. Мы махуэхэм сэ сыщыIащ Къэбэрдейм. Абдежым ди лъэпкъэгъу куэдым сащыIущIащ, сепсэлъылIащ, депутатхэми сечэнджэщащ. КъызэрызгурыIуамкIэ, лъэпкъ Iуэхур ягъэкIуатэу жаIэурэ, щрагъэлейм и щапхъэхэри мащIэкъым: я правительствэр трагъэкI, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и тхьэмадэри абы дагъакIуэ, щыхуеймищыхуэмейми гъаблэм зрагъэхьу цIыхум ялъагъуу къызэхотIысхьэ. ЖыпIэнуракъэ, нэгъуэщI хэгъуэгухэм къыщыхъу мыхъумыщIагъэхэм къытрагъэзэж, а псори адыгэ гъащIэм, адыгагъэм тегъэпсыхьарэ темыгъэпсыхьарэ зэхамыгъэкIыу.

Пэжу, сэ нэгъуэщI лъэпкъхэр зыкIи згъэпудыну си мураду аракъым, ауэ адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ нэгъуэщIхэм къахэщырт зэтеубыдауэ, нэмысыфIэу зэрыщытымкIэ. Сэ тэмэму къысхуэлъытэнукъым Шэшэн-Ингушым зэрыщыдалъэхэр. Нэхъри си жагъуэ хъуар Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ шэшэн цIыхубэм я исполкомым къигъэув псори дащтэу къызэрызжаIаращ. А Iуэхугъуэ дыдэм теухуауэ Хасэм сыкъыщыпсэлъати, захуэзгъэзащ абы хэтахэм: япэщIыкIэ зыхуэпабгъэ, зыхуэкIуэ мурадхэр IупщIу ягъэбелджылымэ нэхъыфIу. Армырамэ, жыхуэсIа исполкомым и пашэ Дудаевым къигъэув Iуэхугъуэхэм къобэкI зыкIи зэфIэмыкIынухэр, нэгъуэщI лъэпкъхэри зыгъэIуэщхъунухэр. Дигу къэдвгъэгъэкIыжи, адыгэхэмрэ бгырысхэмрэ пасэу деплъагъэххэкъэ «къэзэуат зауэр» зыхуэдэми, ди щхьэ закъуэ дгъэпсэужыным къытхуихьа мыхъумыщIагъэхэми? Апхуэдэ щIыкIэхэм лъэпкъым и щхьэр хилъхьэныр шынагъуэщи, дэпIыгъ къудейми уи зэран мыхъумэ, узыгъэдэхэн Iуэху лъэпкъ къыхэкIынукъым.

Мис апхуэдэ узыхуэсакъыпхъэхэр хэмыхьэу, дэ, адыгэхэм, зэфIэтхын хуейуэ къытпэплъэр къыдэлыжу тхурокъу, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къытхуэувахэм ящыщщ ди къэралыгъуэр зэфIэгъэувэныр, ди республикэхэр гъэбыдэныр. АтIэ дэгъуэкъэ ахэр, зэманри дэ къытхуэлажьэ щыхъуакIэ! Мис, адыгэхэр зыщыпсэу хэгъуэгуищми къэралыгъуэ хъарзынэ дгъуэтащ, ауэ ахэр нэджнэпцIу къэдгъэсэбэпын хуейкъым е щхьэхуещэ гуэрхэм зэрыхуейуэ хуит щIахуэтщIын щыIэкъым. Уахуэбэлэрыгъ хъуххэнукъым мафием и зыгъэзэкIэм. Апхуэдэхэр иджыри щымащIэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, Абхъазми. Ди дежкIэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр, адрей лъэпкъ къыддэпсэухэм яхуэдэ зыуэ, паритет гупсысэкIэм тету къэралыгъуэщIэр зехьэныр къытлъысыныращ. Хьэуэ. Ар егъэлея Iуэху бгъэдыхьэкIэкъым, емыкIуу, хабзэншагъэу зыри хэлъкъым, атIэ лъэпкъ цIыкIухэм захъумэжынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм ящыг зыщ. Мис ар тхузэфIэмыкIмэ, адыгэхэмрэ абазэхэмрэ дыкъапщтэмэ, илъэситI-щыкIэ узэIэбэкIыжмэ, «автономиекIэ» зэджэу щытам щыдиIа хуитыныгъэм нэхърэ нэхъыбэ къыщытлъысынукъым, нэхъ мащIэж къытлъымысмэ. Шэч хэмылъуи, ар губзыгъагъэщ, нэгъуэщI лъэпкъхэм мамыру ядэпсэуныр къызэфIэзыгъэкIщи, республикищми щыпсэу адыгэхэм ар къыщIыддэмыхъун щыIэу слъагъуркъым.

Е ди анэдэлъхубзэм зэрызедгъэужьынум теухуауэ тщIапхъэхэр къэдвгъащти, дапщэрэ дритхьэусыхэрэ абы ехьэлIауэ Iуэхухэр зэрыдэмыкIым. Къапщтэмэ, ди еджапIэхэм ар зэрыхуэфащэкIэ щрагъэджыркъым, лэжьапIэхэм къыщагъэсэбэпыркъым. АтIэ дауэ апхуэдэурэ дызэрефIэкIуэнур? Иджы дыдэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм дыщыпсэлъащ икIи мыпхуэдэу дыщызэгурыIуащ: адыгэ зыщыпсэу щIыпIэхэм лэжьыгъэ, еджэныгъэ Iуэху псори адыгэбзэкIэ щызегъэкIуэн хуейщ. Урысхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэрыс щIыпIэхэми я анэдэлъхубзэхэр апхуэдэ къабзэу щызегъэкIуапхъэщ. ЕджапIэхэр-щэ? Ахэр къэзыух ди сабийхэм анэдэлъхубзэр анэ быдзышэу яIурымылъмэ, «дыадыгэщ» жаIэн укIытэу дунейм къытенэнущ. Абы и щапхъэ дыджхэр блэкIа илъэсхэм дгъэунэхуагъэххэщ.

Дэри, Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэм, ди зэIущIэ иджыблагъэ зэхыхьати, абдежым щыдгъэбелджылащ къыкIэлъыкIуэну илъэсым дызэрылэжьэну програм-мэр. Ар лъэныкъуитIу зэщхьэщокI: къэрал кIуэцI, къэрал щIыб Iуэхугъуэхэу. Япэрейм хохьэ бзэм зегъэужьыныр, адыгэ лъэпкъым и тхыдэ пэжыр тхылъ щхьэхуэу къыдэгъэкIыныр, адыгэхэм ятеухуа тхылъхэр дунейм къытегъэхьэныр. Армырамэ, нобэрей еджакIуэ цIыкIум уеупщIми, къыбжиIэфынукъым и лъэпкъым къежьапIэ хуэхъуар, урыс-кавказ зауэр зыхуэдар, «хэхэс» жыхуаIэр, нэгъуэщIхэри. Сэ сыхуеиххэкъым лъэпкъхэр зэзушныну. Ауэ тхыдэр зэрыщытам хуэдэу щIэблэм егъэджыжыпхъэщ. Ар къызытехъукIыжахэм лIыгъэ яхэлъу, я хабзэ, я нэмыс яхъумэжу къызэрыгъуэгурыкIуар ящIэн, а псоми иригушхуэу дунейм тетын щхьэкIэ. ЖыхуэсIа Хасэм деж дэ дыщызэгурыIуащ, зэгъэтIылъэкI щымыIэу, адыгэ лъэпкъым и тхыдэр зэраджыну тхылъыр зэхэлъхьауэ псынщIэу къыдэгъэкIын хуейуэ. Ар гуп щхьэхуэм пщэрылъ хуэтщIащ. Абы нэмыщI, хьэзыр мэхъу адыгэ хабзэхэр зэрырагъэджыну тхылъыщIэри, ар гъэ къакIуэ и гъатхэм къыдэкIыну дыщогугъ.

А мурадхэмкIэ къащта унафэхэр къыддаIыгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм хэтхэми. Сэ си щхьэкIэ а Советым и унафэщIхэм сабгъэдэсащ сыхьэтищ хуэдизкIэ: унэ щхьэхуэхэр, транспорт, типографие, нэгъуэщIхэр диIэн зэрыхуейм дрипсалъэу, икIи лъэныкъуитIри быдэу дызэгурыIуащи, а Iуэхугъуэхэм иужь дихьэнущ мы мазэм и кIэхэм.

Адыгэхэм я Дунейпсо Хасэу мы гъэм къызэдгъэпэщам щхьэхуэу сыкъытеувыIэнщи, абы зэпещIэ къэрал куэд. ДыщызэхыхьэкIэ къокIуэ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Германием, США-м, нэгъуэщI къэралхэм щыщ лIыкIуэхэр. ЛIэщIыгъуэ блэкIам зи щIыналъэр залымыгъэкIэ зрагъэбгына, пхуэмыIуэтэщIыжыну леишхуэрэ насыпыншагъэрэ зылъыса ди лъэпкъэгъухэр сыт щыгъуи щIобэг я адэжь лъахэм къагъэзэжыным. Псом хуэмыдэу, ягури я псэри щыIэщ езыхар къэзылъхужахэр зэрыкIа иджырей республикищым я щIыналъэхэу адыгэхэр зэрысым. ИкIи ар политикэ захуэкIэ, зэпэщIэуэныгъэ къыхэмыхуэу, фэ жагъуэ къамыхьу зэфIэгъэкIыпхъэщ. Къэзыгъэзэжыну хуей хэхэсхэр енэцIыркъым зым и станици, и къуажи, и щIапIи. Ахэр зыхэгъэтIысхьэжыпхъэр я лъэпкъэгъухэращ, яубыдыжын хуейри адэжьхэм къагъэна лъахэращ. Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхэгъэкIауэ щызэхалъхьагъэххэщ къэзыгъэзэжхэр зэрыхагъэзэгъэнур. Абы къыхэкIкIэ, республикищым дежи актхэр щызэхэлъхьэн хуейщ адыгэ лъэпкъхэм къащыщIа лейр, лъэпкъгъэкIуэдыр сэтей щащIу. ДяпэкIэ дэ дызэрылэжьэну щIыкIэми, хабзэм екIуу, ар лъабжьэ нэхъыщхьэ хуэхъунущ.

ЕтIуанэу, консульскэ къулыкъущIапIэ псоми - Иорданиеми, Сириеми, Америкэм и Штат Зэгуэтхэми, Тыркуми, адыгэхэр зыщыпсэу нэгъуэщI къэралхэми ди лъэпкъэгъухэм я лIыкIуэхэр гъэкIуапхъэщ, адыгэхэм хуэдэу, къэрэшей, абазэ, нэгъуэщI хэхэсхэри ящIыгъуу. Республикищми апхуэдэ унафэ къахьмэ, Урысейм и Парламентым ар зэрадищтэнум шэч хэлъкъым. Абы нэмыщI, щыIэщ ди лъэпкъэгъухэм къагъэзэжынымкIэ нэгъуэщI хэкIыпIэхэри. Хэкурысхэмрэ нэгъуэщI къэралхэм къикIа ди лъэпкъэгъухэмрэ зэгъусэу къызэрагъэпэщыфынущ предприятэхэр, щызэдэлэжьэфынущ нэгъуэщI IэнатIэхэм, къэралым иджы къыщыхъу Iуэхугъуэхэм зыдрагъэкIуурэ. Ауэ иджыри а псори тэрэзу къэгъэсэбэпа хъуакъым.

Пэжу, щыIэщ мыхъунухэм, хабзэкIэ щIумыгъэбыдэфыну Iуэхугъуэхэм закIэрызыщIэхэри, къапщтэмэ, адыгэхэм ди лъыкIэ ООН-м хэгъэхьэныр. Ауэ абыхэм ящIэркъым Дунейпсо зэгухьэныгъэм ящтэр къэрал щхьэхуэу зэрыщытыпхъэр. Уеблэмэ союзнэ республикэхэми иджыри ар яхузэфIэкIакъым.

Ди лъэпкъэгъухэм къагъэзэжынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ОВИР-хэм я лэжьыгъэр зэрагъэпсым. Ауэ абы щыгъэлэжьэн хуейр хамэ къэралхэм насыпыншагъэкIэ къыщыхутахэм зи гур яхуэуз, абыхэм ядэIэпыкъуфыну, къезыгъэблэгъэжыфыну цIыхухэращ. Армырамэ сыт къэхъур? Хамэ хэкум къокIыжри, ди лъэпкъэгъур къокIуэж. ЩIыпIэщIэ игъэщу псэуну мэлъаIуэ, и зэран зыми иримыгъэкIыу. АрщхьэкIэ ОВИР-м и къулыкъущIэхэм апхуэдэр зыщхьэщагъэкI, къэрал лIыщхьэхэм емызэгъауэ ар щIыналъэм кърагъэтIысхьэжыну хуимыту жаIэурэ, ипэкIэ щыIа, къару зимыIэж хабзэжьхэр къыхукъуалъэфурэ. И чэзу хъуат зэманым, иджы къащта хабзэхэм къызэрагъэувым техуэу къытхуэкIуэжхэм ди республикэхэр бгъэдыхьэну. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым иджы абыхэм я щхьэ и унафэхэр ящIыжыну зэрыхуитыр. Гуауэкъэ зи хэкужь къэкIуэжар мазитI хуэдизкIэ ягъэIуэщхъуу, и гур хэщIауэ зыри хуамыщIэу щаутIыпщыжкIэ? Апхуэдэхэм деж сэ зыкъысхуагъэзэмэ, нэхъыфIщ: къэзыгъэзэжам Iэмал имыIэу сыдэIэпыкъунущ. Мис апхуэдэу лыузыншэу зи пщэрылъым бгъэдыхьэ цIыхухэр жыхуэсIэ къулыкъущIапIэм къыщIэхун хуейщ, щысхьрабгъуншэу. Апхуэдэ мыхъумыщIэхэм я щапхъэ сэ къэдрэ срохьэлIэ, икIи апхуэдэхэр зи нэIэм щIэзыгъэтыпхъэр республикэхэм я Совет Нэхъыщхьэхэращ.

Си псалъэм и кIэм щыжысIэжынур аращи, тхыдэр щыдджыжкIэ, лъэпкъхэр зэфIэзыгъэкIуэдыну, пэжагъ зыхэмылъ Iуэхугъуэхэм уэсакъыпхъэщ. Шинкубэ Бэгърат, Лохвицкий Михаил сымэ цIыхугъэ яхэлъу зэрыбгъэдыхьам хуэдэу, ди тхыдэр зэхэзылъхьэхэри Iуэхум бгъэдыхьапхъэщ. Ауэ адыгэ хасэхэм арэзы укъащIу лъэпкъ Iуэхум телажьэу схужыIэнукъым, лъэпкъ псом ахэр я плъапIэ пэтрэ. Адыгэхэм я насыпыншагъэр нэхъыбэу къэзыша фыгъуэижэмрэ адрей щэн мыхъумыщIэхэмрэ куэдщ къызрыддекIуэкIар.

Адыгэхэмрэ абазэхэмрэ, ди пхъэр къикIыжын, ди лъэпкъэгъухэр зы хъужауэ къэралым щыпсэу адрей цIыхухэм яхуэдэу я гъащIэ, я къэралыгъуэ яухуэн, ягъэбыдэн, я щэнхабзэм зрагъэужьын щхьэкIэ, псори дызэгупсысыжыпхъэщ, дызэкъуэувапхъэщ. Аращ дэ ди тхыдэ дыдэм дызыхуиущийри.

**КЪАЛМЫКЪ Юрэ,**
*СССР-м и цIыхубэ депутат, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*
*1991 гъэ*



**Студент илъэсхэр.** *Ленинград. 1957 гъэ*

# Гъащlэм и къэгъэшыпlэхэр

*(Тхылъым щыщ пычыгъуэхэр)*


СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и лlыкlуэхэр Страсбург *(Франджы)* щыlэщ. *1992 гъэ*

## Союзпсо Парламентым

ЦIЫХУМ и гъащlэр зы мардэм тету къыпфlощl, арщхьэкlэ абы хэтщ лъэхъэнэ гуэр е къэхъукъащlэ щхьэхуэ, абы и псэукlэр, и lуэху еплъыкlэхэр, и гупсысэхэр къанэ щымыlэу ихъуэжыфу. И щытыкlэкlэ, пкърылъ купщlэкlэ ар ещхьщ калейдоскоп телъыджэм.

Саратов юридическэ институтым илъэс 30-м нэс щызгъэкlуа нэужь, си гъащlэм зэхъуэкlыныгъэ къызэрымыкlуэхэр къыщыхъуащ. Ипэкlэ есхьэкlа гъащlэр мамыру щытт. Абы хыхьэрт студентхэм ядезгъэкlуэкl лекцэхэмрэ семинархэмрэ, экзаменхэмрэ зачетхэмрэ, кафедрэмрэ институтымкlэ сиlэ ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ сахуэзэныр, ди лэжьыгъэщlэхэмрэ мурадыщlэхэмкlэ гупсэхуу дызэдэгуэшэныр. Щlэныгъэ конференцхэм, нэгъуэщl зэlущlэхэм сыхэтт, еджапlэ нэхъыщхьэ зэмылlэужьыгъуэхэм я ГЭК-хэм сраунафэщlти, хущlыхьэгъуэ сиlэтэкъым. Къысфlэщlырт апхуэдэу игъащlэ псокlэ екlуэкlыну…

Лlэщlыгъуэ блэкlам и 80 гъэхэм и кlэм сэ сызыхэхуа зэрыхьзэрийм хуэдэ зэи сыхэтатэкъым. А зэрызехьэм ноби сыхэтщ. Зэман кlэщlым къриубыдэу сэ парламентитlым срадепутатащ, зы правительствэм сыхэтащ, лъэпкъ зэщlэхъееныгъэм и пашэ къалэнри есхьэкlащ. Афlэкlа сымылъэгъуатэмэ, ар зырикlт: зыр адрейм яужь иту путчхэр, зэпэщlэувэныгъэхэр, къэралым щекlуэкl граждан зауэхэр, демократие нэпцlым къыхэтэджыкlа парт пщlы бжыгъэхэм я зэныкъуэкъу ткlийхэр… Совет Союзым и зэхэщэщэжыныр, Урысей Федерацэм и лъабжьэм иlэ хъуа «къэчаишхуэр» - куэд мэхъу а къэхъукъащlэ къызэрымыкlуэхэр. Апхуэдиз мыхьэнэ зиlэ lуэхугъуэ инхэр къэхъуащ блэкlа илъэси 7-м къриубыдэу - сэри а зэманым и кlуэцlкlэ «псы ежэхым и куупlэм» сынэсри абы и «архъуанэми» срихьащ.

Абдежым си пащхьэм къихуташ «политикэкlэ» зэджэ lуэхугъуэ гъэщlэгъуэныр. Жылагъуэр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкlэ, арыншэу псэуфынукъым дяпэкlэ.

Политикэр зищlысым тепсэлъыхьу, Конфуций жиlэгъауэ щытащ ар цlыхухэм я псэукlэм пыщlа, пщlэмрэ нэмысымрэ къыгуэхыпlэ имыlэу епха lуэху зехьэкlэу зэрыщытыр. Илъэс минитlым щlигъуащ китай еджагъэшхуэм а псалъэхэр зэрыжиlэ лъандэрэ. Абы къриубыдэу зауэ куэд екlуэкlащ, Щlы хъурейр мызэ-мытlэу ягуэшыжащ нэхъ лъэрызехьэхэм, къупщхьэшхуэхэм. Политикхэм дапщэщи ягъэзахуэ властыр зыlыгъ унафэщlхэм я lуэху зехьэкlэ дэтхэнэри, уеблэмэ политикэмрэ цlыхугъэмрэ lуэху лъэпкъ зэхуамыlэу жаlэ. Зы къэралыр адрейм зэрытеуэр къызогъанэри, уи хэку щыпсэу лъэпкъ щхьэхуэм зауэ ещlылlэныр гум къыхэмыщтыкlыу къыщищтэкlэ, Конфуций политикэм и купщlэм щхьэкlэ жиlэгъауэ щытар - цlыхубэр зыщlэхъуэпс гупсысэ лъагэу нобэми къэнэжу аращ.

Ауэ щыхъукlэ, иджырей лъэхъэнэмрэ а щэджащэр щыпсэуамрэ зэхэщlыкl и лъэныкъуэкlэ куэдкlэ зэщхьэщыкlакъым.

Си гъащlэм дыхуэкlуэжынщи, сэ иджы къэралым и политикэ lуэхухэм и куупlэм сыхэтт - нэхъапэм сэ а lуэхум телевизоркlэ сыкlэлъыплъу аркъудейт. 1989 гъэм къыщыщlэдзауэ ди къэралыр хэтщ политикэ зэрыхьзэрийхэм. Лъэныкъуэкlэ укъыщеплъмэ, ар ещхьщ мафlэ гуащlэм тету къикъуэлъыкl шыуанышхуэм. Дэнэкlи зэхуэсхэр, зэдауэхэр щокlуэкl къэралым и къэкlуэнум ехьэлlауэ. Жылагъуэр хущlокъу демократиер зи лъабжьэ парламент зэхущытыкlэ ухуэным. А лъэхъэнэм зыми и lуэху зэрихуэртэкъым Союз Зэгурыlуэныгъэми, политикэ щытыкlэм зэхъуэкlыныгъэ ин гуэрхэр хэлъхьэнми, президент власть къэралым щыгъэувынми. Цlыхубэр зыхущlэкъур зыт: къэрал власту къалъытэ Советхэр КПСС-м и унафэм къыщlэшауэ парламент щхьэхуит къызэгъэпэщынырт.

Зэрымыщlэкlэ икlи зыкlи сыщымыгугъауэ къыслъысауэ щытащ депутат мандатыр, сыту жыпlэмэ партым и «щlыб» фlэкlа и «гупэ» сымылъагъуу сыхэтат хэхыныгъэхэм, къыспэщlэт кандидатхэри бзаджагъэ куэдым хуекlуат, сяпэ ищын я гугъэу. Сэ схуэдэ щlэныгъэлl къызэрыгуэкlыр къэралпсо зэхуэсым щынэсакlэ, ди гугъэт дэ, дяпэкlэ псори дэ, цlыхубэм, дэлъыташ: дызыхуей цlыхухэр парламентым хэдгъэхьэнщ, цlыхубэм дифl зыхэлъ lуэхугъуэхэр апхуэдэу пхыдгъэкlынщ.

Зэманым къигъэлъэгъуащ апхуэдэ цlыхубэ гугъапlэхэм къэкlуэн зэрамыlэр. Итlани СССР-м и Цlыхубэ депутатхэм я езанэ съездым мыхьэнэшхуэ иlащ къэралыр демократие гъуэгум тешэнымкlэ. Илъэс куэд лъандэрэ къэмыхъуауэ, къэрал псор кlэлъыплъу, абы щытепсэлъыхьырт жылагъуэр зыгъэпlейтей lуэхугъуэхэм, зэпэщlэувэныгъэхэр, ткlиягъ ямылейхэр щыхэлъи щыlэу. Апхуэдэхэм деж Горбачев зэlущlэм и лэжьыгъэр пlалъэкlэ къызэтригъэувыlэрти, итlанэ пищэжырт.

Съездым щыхахауэ щытащ къэралым и орган нэхъыщхьэхэр, Совет Нэхъыщхьэм и комиссэхэмрэ комитетхэмрэ хэтхэр. Правительствэм хагъэхьэнухэм я кандидатурэхэм щыхэплъэкlэ, гулъытэшхуэ хуащlырт цlыхум и lэщlагъэмкlэ, цlыху хэтыкlэмкlэ бгъэдэлъ зэфlэкlхэм. Экзаменым езгъэщхьырт а лэжьыгъэр: щхьэж къилэжьар лъысыжырт.

А парламентым щызэхуэсат лъэпкъым и цlыху нэхъыфlхэр. Абы хэтт дунейпсо цlэрыlуагъ зиlэ щlэныгъэлlхэр, lэщlагъэлl щыпкъэхэр. Тыншт апхуэдэ цlыху щэджащэхэм, акъылыфlэхэм уадэлэжьэну.

Тхьэмахуищкlэ екlуэкlа зэхуэсыр и кlэм щынэсам, абы кърикlуа lуэхугъуэхэмкlэ арэзы Рыжковым жиlэгъауэ щытащ: «Нобэ зэфlэкlащ ди хэкум и Правительствэр къызэгъэпэщыныр. Советхэр ди къэралым зэрыщыlэ лъандэрэ иужьрей илъэсипщlхэм апхуэдэ лэжьыгъэ щекlуэкlакъым ди деж. Мы махуэхэр тхыдэм фlыкlэ къыхэщыжыну зэманым щыщщ. Ахэр хъуащ къэралыр зытеува демократие гъуэгум и япэ лъэбакъуэ.

Демократиер - цlыху гуп щхьэхуэм е политикэ парт хэхам и lэдэж lуэхугъуэу аракъым. Ар хэлъыпхъэщ дэтхэнэ цlыхуми и lуэху еплъыкlэм, и лэжьыгъэм, гупсысэм, апхуэдэуи къэралым щылажьэ lуэхущlапlэхэм, абы щытепщэ политикэ зэхущытыкlэм - дыщыпсэу, ди гъащlэм хэт, дыкъэзыухъуреихь lуэхугъуэ псоми.

Тхьэмахуищым къриубыдэу цlыхубэ депутатхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкlуэкlащ. Абы хэтащ совет цlыхубэри, зэфlэдгъэкl lуэхухэм набдзэгубдзаплъэу зэрыкlэлъыплъымрэ абы хуаlэ щытыкlэмрэ письмохэмкlэ, телеграммэхэмкlэ, газетхэмкlэ къытlэрагъэхьэу.

Илъэситlрэ ныкъуэм къриубыдэу лэжьыгъэшхуэ щекlуэкlащ къэралым: СССР-м и цlыхубэ депутатхэр тхуэнейрэ зэхуэсащ, Совет Нэхъыщхьэм сессиеуи апхуэдиз дыдэ иригъэкlуэкlащ. Абыхэм яхэзбжэркъым августым екlуэкlа пучтым иужькlэ абы иригъэкlуэкlа сессиер: абы зыри ищlакъым, ищlэфынlауи къару иlэтэкъым.


Союзпсо зэгурыlуэныгъэм и проектыр зыгъэхьэзыр лэжьакlуэ гупым хэтщ. *Москва. 1991 гъэ*

## Лъэпкъ зэщlэхъееныгъэм

ЛЪЭПКЪХЭР цlыхухэм хуэдэщ - ахэр псори зэмылlэужьыгъуэщ я фэкlи, я хьэлкlи, арщхьэкlэ дэ дызэкъуигъэувэн, дызэгуригъэlуэн хуейщ мы lуэхугъуэ нэхъыщхьэм - дэ псори дыцlыхущ, акъыл диlэу, емрэ фlымрэ зэхэтщlыкlыу.

Си гъащlэм хэта къыкlэлъыкlуэ къэгъэшыпlэр 1992 гъэм къэхъуащ. Ар епхауэ щытащ лъэпкъ зэщlэхъееныгъэхэм жыджэру сызэрыхэтам. Хэт и гугъэнт, япэм гулъытэ хуэзмыщlыщэу, зи купщlэм сынэмысыщэу щыта lуэхугъуэхэм сэ апхуэдизу сатхьэкъуну, гурэ псэкlэ лъэпкъ lуэхум хуэлажьэ сыхъуну. Кавказым сыкъыщалъхуати, сэ сыкъэтэджащ ди анэдэлъхубзэр сlурылъръэ ди лъэпкъ хабзэми сыщыгъуазэу. Къуажэм сызэрыдэса илъэс бжыгъэхэм, къызэрыщlэкlамкlэ, си псэм къыханат лъэпкъ гупсысэм и лъабжьэхэр. Абыхэм иужькlэ къуэпс быдэу заужьащ икlи сыкъызыхэкlа лъэпкъым си гур хуитхьэщlыкlа сащlащ. Шинкубэ Багърат захуэщ, «сабиигъуэр - цlыхум и псэм и лъабжьэщ, иужькlэ ар мэхъу абы и хьэлщэнрэ дуней еплъыкlэрэ» щыжиlэкlэ.

Иджыри сыстуденту, си псэм къыщыушын щlидзат а лъэпкъ гурыщlэм. Салтыков-Щедрин и цlэр зэрихьэу Ленинград дэт библиотекэм къыщыслъыхъуэрт икlи жэщыбг хъуху щыщlэзджыкlырт Нэгумэ Шорэ, Берже Адольф, Люлье Леонтий, Торнау Федор сымэ я тхыгъэхэу адыгэхэм я гъащlэм, Кавказ зауэм теухуахэр. А лъэхъэнэм ди къэралым и тхыдэр зэрытщlэр властым и нэlэм щlэту зэхэгъэува дэфтэрхэмкlэт. Дэ мащlэ дыдэт тщlэр Урысейм хыхьэ лъэпкъхэм къакlуа тхыдэ гъуэгуанэм, я зыужьыныгъэм ехьэлlауэ. А жэщыбг еджэныгъэхэр си дежкlэ хъуащ си адыгэ лъэпкъ тхыдэ пэжым япэу гъунэгъу сыщыхуэхъуа зэман.

80 гъэхэм я кlэухым - 90 гъэхэм я пэщlэдзэм къэралым щекlуэкlыу зыщlадза демократие зэхъуэкlыныгъэхэм къашащ лъэпкъ гупсысэми зиужьыныр. 1991 гъэм и накъыгъэм, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и етхуанэ сессием и лэжьыгъэм сыхэту, сэ къысlэрыхьащ тхыгъэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык щекlуэкlыну лъэпкъпсо Конгрессым сызэрырагъэблагъэр иту. Хущlыхьэгъуэ лъэпкъ симыlэми, lуэху псори зэзгъэтlылъэкlри, сэ сылъэтауэ щытащ Налшык. А зэlущlэм и инагъыр, и мыхьэнэр, гуфlэгъуэрэ дэрэжэгъуэу щхьэщытыр къыпхуэмыlуэтэным хуэдизт. Абы кърихьэлlар адыгэ республикищым ис хэкупсэхэм я закъуэтэкъым, атlэ Тыркум, Иорданием, Израилым, Сирием, США-м, Германием, Голландием, Югославием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри къекlуэлlат. Ахэр псори зэхуэгуфlэрт, я псэукlэхэр зэхуаlуатэрт, къыпфlэщlырт куэд лъандэрэ зэрымылъэгъуа зэанэкъилъхухэр зэрихьэлlэжауэ зы унагъуэшхуэу зэхэсу. Дунейри дэгуфlэ хуэдэт а lуэхугъуэшхуэм: накъыгъэ махуэхэр уэфlт.

А зэхуэсым къыщызэрагъэпэщауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр, щаубзыхуат абы и Уставыр, щыхахат и гъэзэщlакlуэ органхэр. Симыгугъэххауэ сыхахауэ щытащ ДАХ-м и президенту.

Адыгэ лъэпкъым и конгрессыр - ар лъэпкъ-демократие зэщlэхъееныгъэщ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр - лъэпкъым и пщlэр къэlэтыжынырщ, жылагъуэм демократие зэхъуэкlыныгъэхэр щегъэкlуэкlынырщ, парт-къэрал бюрократхэр властым емыгъэкlуэлlэнырщ.

*(Кlэухыр 12-нэ нап.)*



(КIэухыр. ПэщIэдзэр 11-нэ нап.)

Апхуэдэу а зэгухьэныгъэр елэжьынущ «адыгэ хабзэкIэ» дызэ-джэ лъэпкъ щэнхабзэр къэIэтыжыным. Псом нэхърэ нэхъапэр ди анэдэлъхубзэр хъумэнырщ, абы зегъэужьынырщ. Конгрессым ищIа унафэм ипкъ иткIэ, гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу лъэпкъ школхэр къызэдгъэпэщынущ. Абыхэм адыгэбзэкIэ щрагъэджэнущ, япэщIыкIэ пэщIэдзэ классхэр. Программэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, конгрессым и газет щхьэхуи иIэнущ. Апхуэдэу диIэнущ уней художественнэ киностудие, адыгэ лъэпкъым и тхыдэм теухуа къэхутэныгъэхэр едгъэкIуэкIынущ, абыхэм кърикIуахэр щызэхуэхьэсыжа щIэныгъэ тхылъхэр къыдэдгъэкIынущ.

Адыгэ лъэпкъым щыщ псори зэрыIыгъын хуейщ, ахэр щыпсэу е щылажьэ щIыпIэм емылъытауэ. ДАХ-м хуэдэ зэгухьэныгъэ нэхъапэIуэкIэ диIэн хуеящ, дауи, сыту жыпIэмэ ди лъэпкъыр дуней псом щикъухьа хъуащи.

Ди адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ КIыщокъуэ Алим жиIауэ щытащ: «Адыгэхэр изогъэщхь дамэм телъу яхь къэп гъуанэм къищэща жылэхэм. Дэ дуней псом дыщикъухьащ». ДАХ-м и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ а жылэхэр къызэщIэкъуэжыныр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ахэр къэкIыфын икIи заужьыфын папщIэ, зыхуеину Iэмал псори къахузэдгъэпэщыныр, адыгэ лъэпкъыр зы щIыжыныр. Къапщтэмэ, хамэ къэралхэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм дапыщIауэ, абыхэм яфIри я Iейри хэкурысхэм тщIэуэ, дэIэпыкъуэгъу, щIэгъэкъуэн дахуэхъуфу щытын хуейщ. Зи адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжыну гукъыдэж зиIэхэм а я хъуэпсапIэр къайхъулIэнымкIи дадэIэпыкъупхъэщ.

Абыхэм къадэкIуэу, лъэпкъ щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэхэр къытпэщылъщ. Дуней псом щыцIэрыIуэ ди адыгэ хабзэр къэтIэтыжын, абы ехьэлIа тхылъхэр къыдэгъэкIын, къытщIэхъуэ щIэблэр а фIыгъуэм щIэпIыкIын хуейщ.

Лъэпкъ щэнхабзэхэр къэтIэтыжыну дызэрыхэтым зыри щIыщышынэн щыIэкъым. ЛъабжьэфI зиIэм бэвагъ къитынущ. Зи тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къадэкIуэу, гъунэгъу лъэпкъхэм яйми щыгъуазэ цIыхум и зэхэщIыкIыр нэхъ куу, и щхьэми адрей лъэпкъхэми яхуищI пщIэр нэхъ лъагэ хъуну аращ.

Ахэр зэбгъэтIылъэкI мыхъуну, лъэпкъпсо мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхугъуэхэщ. ЖыпIэнурамэ, лэжьыгъэ ди куэдщ.

ИужькIэ куэдрэ сегупсысыжащ нэгъуэщI, псалъэм папщIэ, адыгэхэм пщIэшхуэ зыхуащI Щэныбэ Юрэ, хамыхыу а лъэпкъ зэгухьэныгъэ иным и пашэу сэ сыщIагъэувам и щхьэусыгъуэхэм. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, республикэм и унафэщIхэр щышынат а зэщIэхъееныгъэм и унафэр Щэныбэ Юрэ, политик пщтырым, къикIуэт лъэпкъ зымыщIэм, IэрыхьэнкIэ. Абыхэм я гугъащ сэ укъызгурыIуэну нэхъ тыншу, атIэми сэ Москва сыщыIэти, бэми апхуэдэу сакъылъэIэсыфыну къащыхъуакъым. АрщхьэкIэ властым нэгъуэщIу сыкъыхущIэкIащ. Сэ дапщэщи срителъхьэщ зэгурыIуэныгъэм, зэпсэлъэныгъэм, арщхьэкIэ зыгуэрым и унафэм сыщIигъэувэрэ жыIэщIэ сищIыну иужь ихьэрэ - апхуэдэ Iэмалхэр си деж зэи щыкIуэцIрыкIынукъым, властым сыщышынэу, сэ сфIэзахуэ Iуэху еплъыкIэхэри зэи IэщIыб сщIыуэ сыкъикIуэтынукъым.

# ГъащIэм и къэгъэшыпIэхэр

*(Тхылъым щыщ пычыгъуэхэр)*

Лэжьыгъэшхуэ щызэфIэтхащ а лъэхъэнэм ДАХ-м. ЕдгъэкIуэкIа съездхэм, нэгъуэщI зэхуэсхэм къыщытщтащ лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэгъэпса унафэхэр. А зэманым хиубыдащ куржы-абхъаз зэпэщIэувэныгъэри. Адыгэ щIалэхэм ящыщу а зауэм япэ дыдэу хэкIуэда Науржан Ибрэхьим и хьэдэр къыщашэжам щыгъуэ сэ си гур куэдрэ къызэрыгъуэтыжакъым, абыкIэ зызгъэкъуэншэжырти. СощIэж: абы и анэ Зельмэ къызжиIауэ щытащ: «Юрэ, си щIалэр зэрыщымыIэжымкIэ зумыгъэкъуаншэ. Ар уэри сэри къыдэупщIакъым - ар и къуэш къалэну къилъытэри зауэм кIуащ. Алыхьым апхуэдэу иухащ, сыт тщIэн...» Гуауэшхуэр зытепсыха а адыгэ анэм и псалъэхэм къарурэ фIэщхъуныгъэрэ къытхалъхьэжат...

Зэман дэкIа нэужь, сэ къызгурыIуащ Урысейм лъэпкъ политикэ тэмэм а лъэхъэнэм щыпхуегъэкIуэкIыну зэрыщымытар. Зэкъуэтыныгъэ зыхэмылъыж лъэпкъ зэщIэхъееныгъэм, властхэм зыкIи уащыгурымыIуэ щIыналъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм сыхэтыну сыхуэмейуэ, Адыгэ лъэпкъ конгрессым и тхьэмадэ къулыкъум сытекIауэ щытащ. ИужькIэ, 1993 гъэм, сэ аргуэру сыхахат ДАХ-м и пашэу, арщхьэкIэ Правительствэм сыхыхьа нэужь, апхуэдэ жылагъуэ къулыкъу сIыгъыну сызэрыхуимытым къыхэкIыу, ар IэщIыб сщIауэ щытащ.

## Урысей Правительствэм

1993 ГЪЭМ и гъатхэпэ мазэм и деж сригъэблэгъауэ щытащ вице-премьер Шахрай Сергей. Си псэукIэм, си Iуэху зыIутхэм кIэщIу щIэупщIа нэужь, абы къызжиIащ ЮстицэмкIэ министерствэм сыкIуэну Iэмал зэрыщыIэр. «Хьэуэ» къыхэзгъэкIакъым апхуэдэ псалъэмакъым, ауэ махуитI-щыкIэ сыгупсысэну хуит сыкъащIыну селъэIуащ. Сызэрыарэзыр жысIа нэужь, Черномырдиным сыхуагъэзащ, иужькIэ къыдэкIащ Президентым и Унафэ, УФ-м юстицэмкIэ и министрым и къалэнхэр згъэзэщIэну пщэрылъ къызэрысхуащIыр иту. Ар хъуащ си гъащIэм и зи чэзу къэгъэшыпIэ.

ЮстицэмкIэ министерствэм иIэ управленэ 20-м абы щыгъуэ щылажьэрт цIыху 450-м нэс. Апхуэдэ власть IэнатIэ лъагэ зэи сыпэрымытами, сэ щIэх дыдэу гупым сыхэзэгъащ: абы щылажьэхэр зи IэщIагъэкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ цIыху акъылыфIэхэт. Дэ занщIэу деувэлIащ къэралыгъуэщIэм и хабзэ нэхъыщхьэхэр убзыхуным: Граждан, Уголовнэ, Граждан-процессуальнэ, Уголовно-процессуальнэ, ПсэупIэ кодексхэм. Апхуэдэу пытщащ суд реформэм, УФ-м и судыщIэхэм я советымрэ къэралым и судыщIэ орган нэхъыщхьэхэмрэ ди гъусэу.

А илъэс дыдэм и гъэмахуэм сэ сыхагъэхьауэ щытащ УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым. Зи мыхьэнэкIэ ин дыдэу, зэфIих лэжьыгъэхэмкIи къызэрымыкIуэу щыт а IэнатIэм и зэхуэсхэм щыхэплъэрт къэралпсо Iуэхушхуэхэм. Абы хэтри къэрал шынагъуэншагъэм зи лэжьыгъэкIэ пыщIа къулыкъущIэхэрт. Ельциным иригъэкIуэкIырт Советым и зэхуэсхэр. Утыку къралъхьэ Iуэхухэр тэмэму зэпкърыхауэ щымытмэ, абы бзаджэ яжриIэрт ар зи пщэрылъхэм, ауэ апхуэдэ къыщыхъур зэзэмызэххэт.

ШынагъуэншагъэмкIэ Советым сэ си нэIэ щIэтт «УФ-м щIэпхъаджагъэхэм япэщIэтынымкIэ теухуауэ» федеральнэ программэ хэхар гъэхьэзырыныр. Апхуэдэу сэ кууэ сыхэтащ УФ-м и Конституцэр гъэхьэзырыным икIи къэщтэным.

Апхуэдэурэ къэсащ 1994 гъэм и дыгъэгъазэр. Абы ирихьэлIэу наIуэ къэхъуат къэралым иригъэкIуэкI лъэпкъ политикэр зыхуэдэр: абы псом нэхърэ щынэхъыщхьэр къарурт. УнафэщIхэм къагурыIуакъым лъэхъэнэщIэм лъэпкъ гупсысэр лъагапIэщIэм зэрытригъэувар, апхуэдэуи зы лъэпкъи гъэр зэрыпхуэмыщIынур, сыт хуэдизу и бжыгъэкIэ мащIэу ар щымытми. Ар бгъэкIуэдыфынущ, ауэ, Гамзатов Расул зэрыжиIауэ, «лъэпкъыпсэр гъэр пхуэщIынукъым, лъэпкъыгур пхуиудынукъым».

Апхуэдэ гупсысэхэм сызэщIаIыгъэу, Шэшэным зауэ ещIылIэным теухуауэ Ельциным къыдигъэкIа УнафэмкIэ сымыарэзыуэ, сэ Правительствэм сыкъыхэкIыжащ. Абы иужькIэ Къэрал Думэм сыкIуащ.

Илъэсрэ мазийкIэ сызыщIэса министр пэшыр щызбгынэм, зы хьэпшып закъуэщ къыздыщIэсхар: Кони Анатолий и фэеплъ стIолыщхьэ бюст цIыкIурщ (Юристхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм я тыгъэт ар).



И ныбжьэгъухэм я гъусэу Тырку Республикэм щыIэщ.
*Истамбыл, 1993 гъэ*

## Къэрал Думэм

УРЫСЕЙ парламентаризмэр жыжьэ къыщожьэ. Япэ Къэрал Думэхэр я зэхэлъыкIэкIэ, Iуэху зехьэкIэкIэ иджырей Думэм ещхьт. Къэралым и хабзэ лъабжьэр къызэзыгъэпэщауэ щытар РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэмрэ етхуанэ Къэрал Думэмрэщ.

Абы сыхэту зэфIэсха лэжьыгъэхэм ящыщу арэзыныгъэрэ гупсэхугъуэ инрэ къызатауэ щытащ УФ-м и Граждан кодексыр зэхэзылъхьахэмрэ ар Къэрал Думэм щыпхызыгъэкIахэмрэ сазэрыхэтам. Апхуэдэу гукъинэ сщыхъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ «шэшэн Iуэхум» теухуауэ УФ-м и Конституцэ Судым сыкъызэрыщыпсэлъар. АбыкIэ Правительствэм иригъэкIуэкI политикэмкIэ сымыарэзыуэ юстицэмкIэ министр къулыкъум сыкъытекIа нэужьи, си гупсысэхэми IуэхущIафэхэми куэдрэ хэкIакъым а унэтIыныгъэр. Парламентым и ЩIагъ палатэм а Iуэхум ехьэлIауэ Конституцэ Судым зэрызыхуэдгъазэ дэфтэр щыдгъэхьэзырат, арщхьэкIэ ар IэIэтымкIэ пхыкIыфатэкъым. Сэ ар хуабжьу згъэщIэгъуауэ щытащ. Зэрылэжьа илъэситIым къриубыдэу Думэм зы хабзи къищтатэкъым къэралым щекIуэкI лъэпкъ политикэм епхауэ. Ар гъэщIэгъуэныщэт! Лъэпкъ куэду зэхэт къэралым и гъунапкъэхэм «хъуаскIэхэр къыщыдидз» дэнэ къэна, «мафIэшхуэхэр щыблэрт», арщхьэкIэ абыхэм яхуэфэщэн къэралпсо гулъытэ ягъуэтыртэкъым. Уеблэмэ, 1906 гъэм щыIауэ щыта япэ Къэрал Думэм лъэпкъ зэхущытыкIэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуищIат, иджырей етхуанэ Думэм нэхърэ. «Шэшэн Iуэхум» апхуэдэу темыгузэвыхьу Думэм наIуэ зыщищIым, жэрдэмщIакIуэ гупым щхьэхуэу дгъэхьэзырауэ щытащ Конституцэ Судым хуэгъэза Зыхуэгъэзэныгъэ. Гупым я пашэхэм сэр нэмыщI хэтт Карелинымрэ Лукьяновымрэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, «шэшэн Iуэхум» ехьэлIауэ Президентым иубзыхуауэ щыта гъуэгурщ Конституцэ Судым къыхихари.

Къэрал Думэм сызэрыхэта иужьрей мазэхэр техуауэ щытащ еханэ Къэрал Думэм и хэхыныгъэ кампанием. Урыс общинэхэм я цIэкIэ сэ иджы сыхэтт «Урысейм и лъэпкъхэм я союз» спискэм. Хэхыныгъэхэр екIуэкIыным мазиплI фIэкIа имыIэжу къызэрагъэпэща а зэгухьэныгъэм увыпIэ щигъуэтакъым Къэрал Думэм. Абы къыхэкIыуи парламентыщIэм сыхэхуакъым.

Ари гъащIэм и къэгъэшыпIэ ткIийхэм ящыщт, ауэ сэ абыхэм сесэжакIэт.

**КЪАЛМЫКЪ Юрэ.**

**КъыдэкIыгъуэм ит тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар Жыласэ Маритэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5 , епщIанэ къат

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ. Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

№ Н-0065
Индексыр 51531
Тираж 5.266
Заказ №544